Toeloej Kalang Soetra njaoer ka Si-lengser, pokna: „Lengser, geura kaloearkeun pawarang ratoe, djeung sia koedoe manggoel pajoeng iringkeun kana balabar kawat salambar".

Lengser sanggeus beunang dangdan, toeloej geuat ngalaän sosi lawang padaleman. Barang geus diboeka lawangna, riab pawarang ratoe opat poeloeh poendjoel doea, arangkat ka aloen-aloen kana balabar kawat salambar, ngalioed pawarang ratoe dina papanggoengan.

Ear soerak kalantaka,
morobot lemboer panorop,
saraoeh roetjoekna beusi,
tjampoer djeung boerang malela,
toembak tjagak paloe beusi,

pinoeh dina aloen-aloen,
limpas di djalan prapatan,
noe laladjo ngadoe geulis.

Kotjapkeun noe kasep Langen Sari, barang ningal jen pawarang ratoe geus riab, geuat bae njandak doehoeng kaboejoetan djeung ali beusi galigiran. Noe kasep Rangga Wajang njandak roeas djimat Si-oendoer-oendoer, bereset anoe di kandoeng Nji Soemoer Bandoeng. Enggalna bral bae kana balabar kawat salambar.

Inditna ti pangtjalikan,
loegajna ti waton randjang,
koeriling noe ngala hoerip,
nendjrag lemah toedjoeh kali,
mepet bajoe toedjoeh lengkah,
ngarah dawoeh anoe lima,
ngarah poë anoe toedjoeh,
koleang gandeuang angkat,
tjetjetrekan djodjogedan,
rampajak babadajaän,
tjawet poeril poepoerikil.

Bat Rangga Wajang djeung Langen Sari, bat deui Soemoer Bandoeng djeung panakawanna Nji Ogem, soemping kana balabar kawat salambar.

Barang geus soemping ka aloen-aloen, geuat noe kasep Kalang Soetra mapagen bari pokna: „geura pek, geura lawanan koe Soemoer Bandoeng".

Ari tjek Langen Sari: „priboemi heula, geura pek kana balabar kawat salambar!"

Enggal geureuha ratoe noe opat poeloeh toeloej loentjat kana balabar kawat.

Ari noe geulis Soemoer Bandoeng ngan ngadoekeun panakawanna, saoerna: „Nji Ogem, panglawankeun pawarang ratoe noe opat poeloeh!"

Toeloej Nji Ogem ngagedogkeun salirana, ngadjadikeun noe geulis taja tandingna.

Barang geus kitoe, Nji Ogem toeloej dihapit koe moesoehna noe opat poeloeh.

Langen Sari pok njaoer: „Patih, Perdjoerit, Toemenggoeng, Soldadoe, masing awas! geura deuleu koe beungeut, lintang koe sotja, geulis mana doeloer dewek, djeung pawarang ratoe?"

Tembalna Patih, Perdjoerit, Toemenggoeng, Soldadoe: pok ieu „geulis noe tengah".

Ari tjek Rangga Wajang: „koemaha katarana geulis?"

Tembalna Patih djeung sararea, pokna: „geloengna pantjoeh, panganggona rapat, tjahajana teu aja anoe ngoengkoelan".

„Koemaha pawarang ratoe katarana eleh?" tjek Langen Sari.

Djawabna Patih djeung sararea: „noe doea poeloeh teu bisa nganggo, karendoe papakeanana; noe doea poeloeh deui teu bisa digeloeng". Pok ieu „eleh", pok ieu: „eleh pawarang ratoe noe opat poeloeh!"

Ngadjerit Nimbang Waringin, pokna: „Soemoer Bandoeng sia ngeleh-ngelehkeun priboemi, hajoe djeung aing sia pilawaneunana!"

Loentjat Nimbang Waringin djeung maroena Nji-djoerit Hadji kana balabar kawat salambar. Nja kitoe deui noe geulis Soemoer Bandoeng geuat loentjat; toeloej dihapit koe moesoehna noe doea.

Tjek Langen Sari: „masing awas patih, perdjoerit, geulis mana Soemoer Bandoeng djeung Nimbang Waringin atawa Nji-djoerit Hadji?"

Goedjroed sanagara, pokna: „geulis semah, geulis semah."

Tjek Langen Sari: „koemaha katarana?"

Djawabna djaksa: „ari Soemoer Bandoeng geloengna pantjoeh, panganggona rapat, anoe matak djadi kasilep pawarang ratoe noe doea."

Saoerna Rangga Wajang: „koemaha katarana eleh geureuha ratoe?"

Djawabna djaksa: „Nji-djoerit Hadji bener panganggona rapat, geloengna pantjoeh, ngan handjakal garareuneuk teu aja tjahjaän. Ari Nimbang Waringin geloengna saroea, panganggona saroea, ngan handjakal oerat tarangna sagede haloe loeloempang, pangaroeh djelema bedang."

Ger noe soerak dialoen-aloen, pokna: „geureuha ratoe eleh deui, geureuha ratoe eleh deui!"

Nimbang Waringin keuheuleun ka Soemoer Bandoeng, ari pokna: „ajeuna Soemoer Bandoeng, oerang papandjang-pandjang boeoek."

Tjek Langen Sari ka Soemoer Bandoeng, pokna: „lawan bae."

Nimbang Waringin djeung Soemoer Bandoeng toeloej loentjat kana balabar kawat; baradal ramboetna dioedar.

Tjek Rangga Wajang: „oerang Koeta Waringin, deuleu koe beungeut, lintang koe sotja, pandjang mana ramboet Soemoer Bandoeng djeung Nimbang Waringin?"

Djarawabna: „saroea! saroea! saroea!"

Ari tjek Rangga Wajang: „tjik deupaän."

Barang pek dideupaän, noe geulis Nimbang Waringin aja opat deupa, ari noe geulis Soemoer Bandoeng aja lima deupa; djadi geureuha ratoe eleh sadeupa, toeloej sakabeh ngomong: „eleh."

Djerit nangis Nimbang Waringin bari njaoer, pokna: „katjida teuing sia Soemoer Bandoeng ngeleh-ngelehkeun priboemi, manan oetjoel kalah boeroek, hajoe, ajeuna oerang patapis-tapis dina keris."

Tjek Rangga Wajang: „Soemoer Bandoeng geura lawan bae."

Enggalna Njai Nimbang Waringin toeloej njandak doehoengna toeang raka Raden Kalang Soetra bari loentjat kana balabar kawat, didioekan doehoeng perahna.

Soemoer Bandoeng nja kitoe deui njandak doehoengna toeang raka Raden Langen Sari sarta barina loentjat kana balabar kawat, didioekan doehoeng tjongona.

Saoer Rangga Wajang: „tapis mana doeloer Kalang Soetra djeung doeloer dewek?"

Pokna noe rea: „tapis keneh Soemoer Bandoeng."

Tjek Rangga Wajang: „koemaha katarana tapis?"

„Ari Soemoer Bandoeng mah dioekna dina tjongo doehoeng, sarta kawatna teu melendoeng", tjek sararea.

„Na koemaha ari Nimbang Waringin?" tjek Rangga Wajang.

Pok noe rea: „ari Nimbang Waringin mah dioekna dina landean sarta kawatna melendoeng".

Ger soerak sanagara: „Nimbang Waringin kawon".

Pok deui Nimbang Waringin, njaoer: „Soemoer Bandoeng, hajoe, ajeuna

oerang silihawoer koe pangaweroeh, ajeuna oerang paloba-loba banda".

Tjek Rangga Wajang ka Soemoer Bandoeng: „geura lawan bae, montong inggis".

Toeloej noe geulis Soemoer Bandoeng njaoer ka panakawanna Nji Ogem, pokna: „Ogem, geura kadieukeun tjoepoe tea".

Enggalna tjoepoe toeloej disanggakeun koe Nji Ogem; sanggeus ditampanan tjoepoe teh toeloej ditaplokeun koe noe geulis Soemoer Bandoeng, nja ngadjadi barang sabeulah aloen-aloen.

Demi pokna Langen Sari: „heh, oerang Kota Waringin, banda geura toembakankeun loba mana?"

Mimitina noembakan barangna Njai Nimbang Waringin: loehoerna opat ratoes toembak, legana opat ratoes toembak pasagi. Geus kitoe noe Njai Soemoer Bandoeng: loehoerna lima ratoes toembak, legana lima ratoes toembak pasagi; djadi noe eleh Nimbang Waringin.

Ger sanagara soerak kabeh, „pawarang ratoe eleh, pawarang ratoe eleh!"

Tjek Nimbang Waringin: „sia, Soemoer Bandoeng, beuki tjoetjoed, beuki boeroeng; aing kieu eleh, kieu eleh, hajoe, ajeuna oerang paseungit-seungit tai".

Saoerna Langen Sari ka Soemoer Bandoeng: „geura lawan bae, wajahna meureut andjeun".

Tjatoerkeun Nimbang Waringin meunang toedjoeh poë toedjoeh peuting tatamboel tjengkeh, tjabe areuj, djeung sagala kembang-kembang noe sarareungit.

Kotjapkeun Nji Soemoer Bandoeng, lakotoj sangkeloh mando, boel ngoekoes; neundeun saoer toengtoeng koekoes, panedja ka noe keresa. Demi saoerna: „Soenan Iboe, koering njoehoenkeun boboreh Batara Goeroe".

Tidinja harita diragragan tjoepoe ti sawargaloka, keploek kana lahoenan Soemoer Bandoeng, eusina boboreh Batara Goeroe, seungitna angin-anginan, teroes kana dangdaoenan, njiret kana tatangkalan, watara toedjoeh djongdjonan.

Ajeuna oerang tjarioskeun deui Njai Nimbang Waringin saoerna: „Lengser, geura tandean aing rek ngising."

Koe Si Lengser oepih ditengkorkeun, pokna: „gan, hempet bisi ngadjoeroeloeng!"

Barang ngambeu tai Nimbang Waringin, Si Lengser oetah.

Ari noe geulis Nji Soemoer Bandoeng mah koe akal keneh bae, nja eta boborehna Batara Goeroe noe didjieun tai; toeloej njaoer ka rakana Rangga Wajang, pokna: „engkang, koering rek ngising."

Enggalna koe Rangga Wajang dipangnengkorkeun oepih, toeloej koe Soemoer Bandoeng ditamplokeun boborehna Batara Goeroe kana oepih tea.

Tjek Kalang Soetra, pokna: „Langen Sari, geura man, adoekeun taina".

Tembalna Langen Sari: „koedoe priboemi ti heula."

Kalang Soetra toeloej njaoer ka Si Lengser: „Lengser geura bawa tai Nimbang Waringin".

Si Lengser ngahoeleng bari pokna: „wajahna bae da noe ngawoela".

Si Lengser mawana tai Nimbang Waringin, diharoedoeman sarta bari tanggah leumpangna, lamoen toengkoel da sok ongkek.

Barang datang ka pangadoean, djelema sanagara aroetah kabeh, baoeëun tai Nimbang Waringin.

Toeloej Langen Sari geuat mawa tai Soemoer Bandoeng bari pokna: „koemaha ieu tai Soemoer Bandoeng?"

Barang geus diteundeun dina pangadoean, djelema sanagara Kota Waringin patoebroek-toebroek, paheula-heula, pada njolek pada ngadahar, da poegoeh boborehna Batara Goeroe; goedjroed djelema sanagara pokna; „seungit tai Soemoer Bandoeng."

Nimbang Waringin toeloej nangis bari pok deui njaoer: „Soemoer Bandoeng, ajeuna tina sia ngeleh-ngelehkeun bae ka aing, manan oetjoel kalah boeroek; hajoe, ajeuna oerang ngadoe moending, aing boga moending adoe, poepoendakanana oge mani tiloe tangkeup".

Tjek Soemoer Bandoeng ka toeang raka pokna: „enkang Langen Sari, koemaha geuning eta ngadjak ngadoe moending?"

Tjek Rangga Wajang: „oerang lawan bae", sarta bari njaoer ka Kalang Soetra pokna: „Kalang Soetra, aing menta tempo deuk njokot heula moending, da digadoehkeun di anoe gadoer; beh ditoena doea poë, beh dieuna sapoë."

Sanggeus kitoe, toeloej Rangga Wajang njaoer deui ka raina Soemoer Bandoeng, pokna: „Njai, akang djaoeh djoengdjoeng anggang doakeun".

Djawabna noe geulis Soemoer Bandoeng: „soemangga engkang."

Koleang angkat noe kasep,
anoe kasep Rangga Wajang,
basana ngadjoedjoer doeloer,
ka tegal si-awat-awat,
njorang leuweung sakeukeudeung,
njorang tegal sabengbatan,
soempingna ka aki-aki,
Aki-aki Pangalasan.

Barang soemping Rangga Wajang, ngahoeleng ningali moending; reret ka Aki Pangalasan; noe keur ngoentaj bae bari noenggoean moending keur anakan.

Saoer Rangga Wajang: „Aki, sia keur naon?"

Demi djawabna: „keur noenggoean moending bari ngoentaj; ari agan teh, bade ka mana?"

„Koela teh keur njiar moending Aki", tjek Rangga Wajang.

„Moending pantar koemaha, di koering oge aja noe pantar djeung moending Nimbang Waringin", tjek Aki Pangalasan.

Saoer Rangga Wajang: „ah, tjoemah ari noe gede mah, ngadenge soerak meureun kaboer, hajang noe lemboet keneh, tah eta eneng geus sabraha peuting oemoerna?"

„Kakara sapoeloeh peuting," tjek Aki Pangalasan.

Saoer Rangga Wajang: „pantar kitoe, sabaraha hargana?"

Djawabna Aki Pangalasan: „eta eneng mah mangga bae, abdi ngahatoeranan."

Sanggeus kitoe, eta eneng toeloej diringkoes, digembol koe djimpo bari njaoer pokna: „Aki doakeun ieu eneng sing pogot ngegel kontol, djeung koe koela didoakeun sia Aki masing tereh hilang".

Rangga Wajang sanggeus njaoer kitoe, ladjeng angkat bari mawa eneng.

Rangga Wajang babalapan,
sarta djalanna ka leuweung,
barina ngagembol eneng,
mipir pasir njoekang lebak,
soempingna ka aloen-aloen,
ka noe geulis Soemoer Bandoeng.

Tjeuk noe geulis Soemoer Bandoeng: „engkang, koemaha moending teh, meunang atawa henteu ?"

Saoerna Rangga Wajang: „meunang, tah ieu dina gembolan".

Kedeproek enengna titingkoeheun, sanggeus beunang ngalaän ringkoesanana.

Ari pokna Soemoer Bandoeng: „engkang, keur naon ieu eneng, da mo koeat diadoekeun!"

Saoerna Rangga Wajang: „keun heulaänan, sina meunang toedjoeh poë, engke di mana enggeus pogot njoesoe diadoekeun".

Tjatoerkeun noe kasep Kalang Soetra njaoer ka Rangga Wajang, pokna: „mana moending teh, meunang ta henteu."

Wangsoelna Rangga Wajang: „boer bae moending silaing geura kentjarkeun."

Tidinja dikentjarkeun koe Si Lengser moending Nimbang Waringin; ger pada njoerakan, moending toeloej brek tepak dekoe barina boentoetna njawet.

Koe noe kasep Rangga Wajang, eneng teh, diasong-asongkeun ka moesoehna, eneng toeloej totondjolan, sosongkolan maroekankeun indoengna. Barang dikentjarkeun eneng njewoek ka moendingna Nimbang Waringin, dibanting koe moending Nimbang Waringin eneng teh ngentja, ngedjat ka katoehoe, toeloej moending neunggar, barang diteunggar eneng loentjat ka toekang ngegel kontol moending ganjol pageuh pisan; goeroedoeg moending Nimbang Waringin kaboer, totondjolan, sosongkolan, eneng teh ngan montel bae.

Enggalna eär soerak kalangtaka, goedjroed sanagara njoerakan: „moending Nimbang Waringin eleh".

Nimbang Waringin tambah keuheuleun ka Soemoer Bandoeng, enggalna toeloej ngarontok. Barang ngarontok koe noe geulis Soemoer Bandoeng ditjentok; bloek nangkoeban, datang ti toekang disepak, blak nangkarak. Barang rek ngarontok deui, ditewak ramboetna Nimbang Waringin teu tempo deui salirana diïrik koe Soemoer Bandoeng.

Geus kitoe djerit noe nangis,
nja eta Nimbang Waringin,
menta toeloeng ka maroena,
maroena noe opat poeloeh:
„geuat geuat mangka gantjang,
kami ajeuna diïrik,
koe ngaran si-Soemoer Bandoeng."

Boeroedoel pawarang ratoe noe opat poeloeh, toeloej pada ngahoeroep ngarontok ka Soemoer Bandoeng, patoempang tindih. Tapi Soemoer Bandoeng mah, tjlok diteengah, barang maroena Nimbang njabok, ana keuna, ka maroena keneh bae.

Gantjangna Soemoer Bandoeng menta toeloeng ka rakana Raden Langen

Sari, pokna: „engkang, geura toeloengan, koering dihoeroep koe sararea!"

Barang oeninga Langen Sari, reup geuneuk raj pias, djebet katorekan, tjawet poeril poepoerikil, toeloej geuat newak geureuha ratoe noe opat poeloeh, sarta dialoeng-aloengkeun ka padaleman, paboerantak geureuha ratoe.

Kalang Soetra barang ningali, reup geuneuk raj pias, saoerna: „Langen Sari, perang make digoegoeloekeun, sia mah djeung aing pada lalaki, deuleu kana naon ieu ali beusi aing pibekeunana".

Ari tjek Langen Sari: „bek bae kana naon koemaha karep sia: hajang oedoeh kana tjadoek, hajang teuas kana tarang, benerkeun kana sotja pisan tamba lamoer."

Enggalna Kalang Soetra ngarontok ka Langen Sari, tapi koe Langen Sari ditjentok, bloek nangkoeban, datang ti toekang disepak, blak nangkarak, datang ti gigir dibanting, bloek njoeoeh; barang njewoek rek neunggar papaliwat, ditewak koe Langen Sari, kiliwing dioewang-awing.

Saoer Langen Sari: „kana naon ali aing pibekeunana?"

Djawabna Kalang Soetra: „montong loba tjarita, geura bek bae, kana naon kahajang sia".

Djengke, Langen Sari njabok Kalang Soetra mani nongtrongan sada kohkol.

Ari tjek Kalang Soetra: „pek toedjoeh likoer kali deui mah."

Saoer Langen Sari: „sia totorog menta emboh, menta hoeöet ka noe noetoe, loba di aing oge sakitoe mah".

Enggalna dipaoet doehoeng Langen Sari noe ngaran si-toendoeng moesoeh, dioelangkeun kana sotjana, ngagendjreng toetoeh tonggongna, gorolong ditewek dididetkeun, njoed-njed, manan teurak kalah ngeloek.

Tjek Kalang Soetra: „Langen Sari, ajeuna dewek rek malikeun!"

„Seug geura malikeun" saoer Langen Sari.

Toeloej geuat Kalang Soetra newak Langen Sari sarta barina njabok, djengke, kalah mangplangan sada kohkol, ngentoeng sada toetoenggoelan.

Tjek Langen Sari: „pek toedjoeh likoer kali deui mah".

Saoer Kalang Soetra: „totorog menta emboh, deuleu kana naon doehoeng dewek noe ngaran si-sempana tjondong nantjebna."

„Pek bae, karep sia", tjek Langen Sari.

Barang ditinggangkeun:

Kana sotjana ngagondjrang,
toedjoeh tjangkeng ngagereleng,
noetoeh tonggong ngagorolong,
ditewek djeung dididetkeun,
dididetkeun kalah njoednjed,
doehoeng teu daekeun neurak,
perang geus taja pakarang,
Langen Sari teh ditewak,
ditewak pananganana,
sarta dideupa dadana,
ditintjak indoeng soekoena,
disendal koe Kalang Soetra,

bet kalah bengkoeng pamikoel,
hitoetna ge teu kasered.

Saoer Kalang Soetra: „Langen Sari, sia mah ngadjeboeg ngadjangkar haoer."

„Djangkaran mah tjektjekan, kadekan; soengkal koe haloe toedjoeh", tjek Langen Sari.

Saoer Kalang Soetra: „ridoe perang mamawa haloe".

„Seureuh beureum nanggeuj tangkaj, tjetek nja wawanen, ka aing sia goegoeroe kawedoekan", tjek Langen Sari.

Saoer Kalang Soetra: „kitoe patoet; manan aing rek goegoeroe, anggoeran aing rek ngaroeroekeun ka sia!"

Wangsoelna Langen Sari: „naha aing geuning teu kasered".

„Meureun maneh tanaga noe euweuh", tjek Kalang Soetra.

Wangsoelna Langen Sari: „tjoba, ajeuna kari aing malikeun".

„Baeu, geura malikeun", tjek Kalang Soetra.

Enggalna Langen Sari geuat newak pananganana Kalang Soetra, deupa dadana, tintjak indoeng soekoena, dempoel koe toeöer, seundak koe Langen Sari; pek geletek noe perang galoengan.

Kalang Soetra teu bisa ngalaga perangna.

Ana toengkoel bek ti loehoer,
ana tanggah bek ti handap,
ana dek ngoelang disamboet,
gobangna pagalang-galang,
pendokna patjorok-tjorok,
kerisna pahempik-hempik,
ana dek ngengtjang ditewak,
ana kokang bek ditadjong,
ari nangkarak dileak,
nete semplek nintjak semplak,
njoeroewoek kawas boeroedjoel,
genep-genep welas deupa.

Beuki lila, beuki teu bisa ngalaga perangna Kalang Soetra.

Naradjang kaoeng nganjoendjoeng,
naradjang wahangan njengtjang,
kapoel beunangna taroeng,
kaäla beunangna tapa,
dek taroeng sabraha taoen,
dek perang sabraha boelan,
diseundak ka tebeh kidoel,
manggih toenggoel digoesroekkeun,
manggih tjatang digasahkeun,
nodjer kana goenoeng roegroeg,
nintjak kana tjadas rempag,
nja tjatang pagalang-galang,
nja kaï patoempang tindih,

djeung naradjang korod bongbong,
naradjang ka hoë pones,
toeöerna beak koe tjoetjoek,
bintjoerang beak daronglak,
naradjang lebak koelinglang,
ngontong ditjatoer djaoehna,
ngontong diteang anggangna.

Langen Sari djeung Kalang Soetra perangna dongkap ka laoetan kidoel, sarta ladjeng perang di laoetan.

Djeug teundeun anoe perang di laoetan.

Tjatoerkeun deui perang noe geulis Soemoer Bandoeng djeung Nimbang Waringin.

Barang geus keuheuleun perangna, Soemoer Bandoeng toeloej loempat ka padaleman, enggalna lebet kana kendi sopal hatoeran ratoe; koe Nimbang Waringin dioedag titewak kendi bari dibeubeutkeun.

Soemoer Bandoeng loentjat ngadjadi simeut soendang djangdjang salaka.

Nimbang Waringin toeloej ngadjadi kerak poetih, barang rek njamber simeut, Soemoer Bandoeng geuat malik ngadjadikeun alap-alap.

Barang kerak poetih rek disamber, les leungit, nja ngadjadi deui Nimbang Waringin. Kitoe deui alap-alap les leungit, timboel Soemoer Bandoeng.

Ditewak Soemoer Bandoeng koe Nimbang Waringin, les leungit, ngadjadi goenoeng leungeut. Nimbang Waringin ngarogo bari ngadjadi seuneu; seak leugeut koe seuneu. Leungit leugeut, timboel embel, seuneu teu neurak kana embel, les leungit ngadjadi beloet poetih; soep, njoesoep kana embel.

Soemoer Bandoeng ngahoeleng sakedet metra, toeloej les leungit, ngadjadikeun tjadas herang kantjana. Beloet poetih les leungit, ngadjadi linggis beusi; linggis noegaran tjadas koe maneh. Tjadas leungit, timboel hoedjan wadja; linggis beusi boeboek koe wadja.

Les linggis, ngadjadi Nimbang Waringin ngahoeleng bari pokna: „aing njareri teuing awak".

Hoedjan wadja leungit, ngadjadi deui Soemoer Bandoeng. Barang rek newak Nimbang Waringin; les ngaleungit Nimbang Waringin ngadjadi pare. Soemoer Bandoeng ngadjadi beurit poetih; pare beak koe beurit.

Leungit pare djadi goenoeng, beurit poetih katindih goenoeng. Leungit beurit, ngadjadi landak; goenoeng dipohpor koe landak.

Leungit goenoeng, ngadjadi sagala manoek, warna ngaranna, warna roepana.

Landak ngadjadi saweuj, ngadingding megatan manoek.

Leungit sagala manoek, timboel Nimbang Waringin, sarta bari soesaheun, mikir naon pilawaneun saweuj; enggalna les leungit ngadjadi garoeda paksi. Saweuj les leungit ngadjadi djamparing kantjana. Ngoedag ka garoeda paksi. Barang rek kasoesoel, les leungit, timboel batoe woeloeng.

Leungit djamparing, ngadjadi gelap; batoe woeloeng, remoek koe gelap.

Leungit batoe woeloeng, timboel heulang di awang-awang. Gelap ngadjadi saeran goenting. Kasoesoel heulang di awang-awang koe saeran goenting; digitik sakali heulang ngajapak ka handap.

Leungit heulang, timboel tjampaka warna; leungit saeran, timboel bangbara. Kembang diseuseupan diseureudan.

Leungit tjampaka warna, djadi deui Nimbang Waringin; koleang loempat ka aloen-aloen.

Leungit bangbara, djadi deui noe geulis Soemoer Bandoeng; ngoedag ka aloen-aloen.

Barang rek kasoesoel, Nimbang Waringin les leungit, timboel keujeup kapiting.

Tjek Soemoer Bandoeng: „sia ngadjadi keujeup kapiting, aing koedoe ngadjadi sero, keujeup eleh koe sero".

Leungit keujeup kapiting, timboel andjing, andjing ngoedag sero.

Barang sero geus limpeu, dioedag andjing, les leungit timboel keroed. Keroed malikan ngoedag andjing, andjing sosongkolan dioedag keroed.

Leungit andjing, ngadjadi sagara di aloen-aloen. Keroed ngadjadi boehaja, totondjolan dina sagara.

Leungit sagara, timboel deui Nimbang Waringin. Leungit boehaja, timboel deui Soemoer Bandoeng. Ditewak Nimbang Waringin ramboetna koe Soemoer Bandoeng, ditjangreudkeun kana tangkal tjaringin, dibawa loempat, loempat sagede kawat kapalang.

Sanggeus kitoe, malikan Nimbang Waringin, ramboet Soemoer Bandoeng ditjangreudkeun kana tjaringin, dibawa loempat sagede kawat kapalang.

Soemoer Bandoeng enggalna mikir dina djero batin, ari pokna: „beu, lamoen perang kawas kieu mah, hamo aja toengtoengna, anggoeran rek njoehoenkeun ditaloekeun bae ka Soenan Iboe di sawargaloka".

Koleang Soemoer Bandoeng ka sawargaloka:

Inditna ti pangtjalikan,
loegajna ti pangtapaän,
panangan disidakepkeun,
sampean ditanghoendjarkeun,
semproeng menak ngawang-ngawang,
tarik batan mimis bedil,
lepas batan koeda loempat.

Ari tjek Nimbang Waringin, pokna:

„Aeh-aeh Soemoer Bandoeng,
sia rek loempat ka mana,
anggoer oerang silihawoer,
silihawoer pangaweroeh,
silihboera pangabisa,
oerang mantekkeun kasakten,
aing ge ngapoeng paranti."

Soemproeng Nimbang Waringin ngoedag Soemoer Bandoeng ka awang-awang.

Pahiri-hiri djeung geuri,
paheula-heula djeung heulang,
tanding djogdjog moro bodjong,
moro panonobanana,

tanding heulang pateuh djangdjang,
tanding walik pateuh pingping,
awak wawoeh djeung noe lemboet,
loma teuing djeung dewata,
awak ampoel tanding kapoek,
awak hampang tanding kapas,
lenting sagede papanting,
lentong sagede papatong,
soekma diboeloe manoekkeun,
loba poho batan inget,
bari enter-enter bae.

Barang geus deukeut, Nimbang Waringin ngoedagna ka Soemoer Bandoeng toeloej njaoer, pokna: „sia bet ngadoetoen bae, dek mantog ka mana?"

Tembalna Njai Soemoer Bandoeng: „geura hiap, toetoerkeun bae".

Noe geulis Soemoer Bandoeng ngapoengna, beuki ka loehoer.

Liwatna ti mega malang,
kareungreuman reuëuk hideung,
kalampat koe mega bodas,
katambah djaoeh ka handap,
nja kitoe djaoeh ka loehoer,
enggalna Nimbang Waringin,
diseuseup pangawasana,
koe noe geulis Soemoer Bandoeng,
geus kitoe Nimbang Waringin,
taja tangan pangawasa,
ngapoengna geus ngaranggosaj,
ripoehna kaliwat langkoeng.

Geus kitoe, Nimbang Waringin nangis bari saoerna: „Soemoer Bandoeng, ieu eteh dagoan, ajeuna eteh neda taloek bae, mo pisan deui-deui nganiaja, malah eteh sedja koemawoela, ngan ajeuna mah salaki, njelehkeun tjaroge, babanda, mangga, njanggakeun; eteh mah soegih moekti geus kapanggih, beurat beunghar geus kasorang".

Tembalna Soemoer Bandoeng: „hiap, geura toetoerkeun bae, eteh."

„Ontong ditjatoer djaoehna,
montong diteang anggangna,
djoeh mo boeroeng nja tjoendoek,
anggang mo boeroeng nja datang,
soemping ka sawarga loka,
lakotoj sangkeloh mando,
anoe geulis Soemoer Bandoeng,
poeroeloek bidjil kesangna,
kesang anoe tina poendoek,
sagede boeah tjaroeloek,
bidjil anoe tina tarang,

sagede beuti tjariang,
ari anoe tina tjangkeng,
saroea djeung boeah wareng."

Demi saoerna Njai Soemoer Bandoeng.

Barang geus soemping di sawarga loka manggoeng, pokna: „Soenan Iboe, abdi neda eureun nama deungdeung, pepes kesang kadjeun sono balik deui".

Ari Nimbang Waringin mah brek bae dina lahoenan Soemoer Bandoeng bari nangis, sakeper godong waringin, sakiwat bawaning angin.

Barang geus kitoe, kadangoe koe Soenan Iboe, ret ka noe geulis Soemoer Bandoeng bari njaoer, pokna: „eh, Soemoer Bandoeng, Iboe rek diadjar tikoro kotokeun, tjareham hajameun, rek diadjar nanja, rek ka mana, poelang ti mana, anoe matak ti boeana pantja tengah datang ka dieu".

Soemoer Bandoeng song njembah bari oendjoekan, pokna: „Soenan Iboe, anoe mawi abdi ngadeuheus, abdi njoehoenkeun soepados ieu Nimbang Waringin ditaloekeun perangna sareng abdi, noe mawi perang parantos lami teu aja toeng-toengna".

„Taroeng geus bertaoen-taoen,
perang geus berboelan-boelan,
henteu aja anoe taloek,
ari asalna simabdi,
arek lalandjang boeboedjang,
manehna teh timboeroean,
timboeroean teu poepoegoeh,
manehna teh toempang terka,
nerkana ka noe saliwat,
nja ka abdi anoe poegoeh".

Enggalna Nimbang Waringin koredjat hoedang, song njembah bari njaoer ka Soenan Iboe, pokna: „Iboe, djisimabdi ajeuna hamo deui-deui nganiaja ka Soemoer Bandoeng, bade sedja koemawoela bae, bela toemoetoer nitipkeun salaki, njelehkeun tjaroge, sarta abdi soempah: „moegi-moegi ari abdi paeh masing kasaroeng, oelah oemoem reudjeung batoer, masing ngadjadi djoerig djarian ari dek nganiaja deui ka Soemoer Bandoeng"".

Soenan Iboe enggal njaoer ka noe geulis Soemoer Bandoeng, pokna: „tah, kitoe geuning sanggoepna Nimbang Waringin; ajeuna geus disaksian koe Iboe beurang kalawan peuting. Geura maroelih bae atoeh ajeuna mah."

Golosor Soemoer Bandoeng dipaparin pipoetraeun koe Soenan Iboe sagede katjang herang, ditenggak koe Soemoer Bandoeng, djadi soengsoem djadi baloeng, djadi bagal pangawasa njerep kana babajoe.

Sanggeus kitoe, Soemoer Bandoeng toeloej amit, pokna: „Soenan Iboe, teu lambat nja ngadeuheus, djisimabdi amit wangsoel ka nagara Koeta Waringin".

Soemoer Bandoeng djeung Nimbang Waringin toeloej pareureum; bareng ras inget geus djleg di mega malang tjaralik papajoen-pajoen.

Ari tjek Nimbang Waringin: „Soemoer Bandoeng, ka mana doeloer oerang perangna?"

Reret ka kaler teu aja, reret ka wetan teu aja, ka koelon teu aja, ana ret ka kidoel noe perang geus pada sitarandjang di laoetan.

Ari tjek Soemoer Bandoeng: „tah, geuning noe perang geus taja elinganana, di laoetan geus pada sitarandjang; mangga teteh, oerang saroesoel bae ka laoetan kidoel".

Saoer Nimbang Waringin: „mangga atoeh, eteh mah ngiringan bae".

Enggal seblak pananganna,
panangan di sidakepkeun,
sampean ditanghoendjarkeun,
inditna ti pangtjalikan,
panangan sidakep keneh,
koleang ninggangkeun andjeun,
nja eta ti mega malang,
manggih moending rarakitan,
manggih koeda papasangan,
djeung lantoeng loehoereun goenoeng,
katjatjang handapeun mega,
pahiri-hiri djeung geuri,
paheula-heula djeung heulang,
tanding djogdjog moro bodjong,
kadantja megat raratan,
geus soemping laoetan kidoel,
seblak anoe tapak kantjang,
tapak kantjang di sagara,
njandak anoe eukeur perang,
pada njandak hidji sewang,
dina kikisik sagara.

Barang Langen Sari ditewak koe raina Njai Soemoer Bandoeng, njaoer bari ngabentak, pokna: „sot lesotkeun, tjag etjagkeun, moen djoerig geura njingkir, moen setan geura njingkah."

Tembalna anoe geulis Soemoer Bandoeng: „ih! ieu mah lain djoerig, lain setan, poegoeh doeloerna, abdi teh Soemoer Bandoeng; engkang, tjing meugeus perang teh."

Ti dinja Langen Sari eling, enggal toeloej njaoer pokna: „soegan teh lain maneh anoe geulis Soemoer Bandoeng".

Toeloej pada darangdan Langen Sari djeung Kalang Soetra, seblak notot panganggo sapangadeg sewang.

Sanggeus dangdan, Langen Sari njaoer ka Soemoer Bandoeng, pokna: „Njai, saha noe taloek?"

Wangsoelna Soemoer Bandoeng: „Nimbang Waringin noe taloek, omongna teh kieu: „dek titip salaki, njelehkeun tjaroge, tah, djadi perkara peperangan engkang ajeuna oerang boebarkeun bae." „Soemangga, oerang maroelih ka nagara Koeta Waringin".

Koleang angkat maroelih,
mendoeng bari papajoengan,

lentang bari pipidangan,
manggih moending rarakitan,
manggih koeda papasangan,
moen inten mah sakoeroengan,
bat deuï Den Kalang Soetra,
djeung noe kasep Langen Sari,
menak gagah parakosa,
wedoek taja noe ngoengkoelan,
tara soengkan manggih lawan,
tara emboeng manggih moesoeh,
di lemboer taja noe lawan,
di sisi taja noe mahi,
tara inggis sebit koelit,
leumpang bari tetembangan,
pantes monjong heheotan,
ngaleut ngeungkeuj ngabandaleut,
montong ditjatoer djaoehna,
montong diteang anggangna,
soempingna ka aloen-aloen,
aloen-aloen sewoe tjengkal,
pingitan sawidak lima,
babantjong dalapan poeloeh,
paseban lima ngadjadjar,
ngaboedjengna ka paseban,
tjaralik papajoen-pajoen.

Tjatoerkeun noe kasep Rangga Wajang di aloen-aloen gawena ngan ngadoe oendoer-oendoer bae, dongkap ka ngaroeksakkeun tangkal tjaringin, mani geus raroengkad kabeh tjaringin di aloen-aloen.

Ti dinja ngareret Nji Ogem, ningal anoe peperangan geus pada maroelih; toeloej bae oendjoekan ka noe kasep Rangga Wajang, pokna: „gan, enggeus ngadoe oendoer-oendoer teh, toeh geuning, gan, Soemoer Bandoeng enggeus soemping".

Rangga Wajang ngoredjat bari newak oendoer-oendoerna, sarta toeloej diroeasan.

Roeasna salaka domas,
beseset anoe dikandoeng,
koleang noe ka paseban,
njampeurkeun ka Soemoer Bandoeng,
ngoër sindjang kotok nonggeng,
sisi saroeng dina poendoek,
ari soemping ka paseban,
kasampak anoe tas perang.

Saoerna noe kasep Rangga Wajang ka noe geulis Soemoer Bandoeng, pokna: „bagea Njai, saha noe taloek perang teh?"

Wangsoelna Soemoer Bandoeng: „ari noe taloek mah Njai Nimbang Waringin,

malah kieu pokna ka koering: „titip salaki, njelehkeun tjaroge, dek sedja koemawoela", kitoe deui doeloerna noe kasep Kalang Soetra, nja sedja koemawoela bae"".

Saoerna Rangga Wajang: „lamoenna kitoe, soemangga, ajeuna oerang ka padaleman bae".

Boeroedoel noe ti paseban,
inditna ti pangtjalikan,
loegajna ti waton randjang,
ngaleut ngeungkeuj ngabandaleut,
ngembat-ngembat ngabantajan,
Kalang Soetra Langen Sari,
bat deuï Den Rangga Wajang,
anoe geulis Soemoer Bandoeng,
sinareng Nimbang Waringin,
bari taroenggang gamparan,
soempingna ka boemi rintjik,
sinareng ka boemi toelis,
boemi ampeuj katanggeujan,
aja teh tjiri wantjina,
abig-abig lojang sari,
ngelemeng ditambir inten,
wangkilas emas sabeulah,
damar koeroeng dina djoeroe,
damar tjaäng oenggal tihang,
ngabaris korsina gading,
ngadjadjar korsina gojang,
paragpag medja salaka,
loeloehoer salawe tempoer,
reregan salawe teëp,
kasangna sawidak djadjar,
kelirna salawe lapis,
kasoer woeloeng toedjoeh soengsoen,
nja bantal sawidak lima,
beunang njarib koe kastori,
didasaran koe kananga,
seungitna angin-anginan,
teroes kana dangdaoenan,
njiret kana tatangkalan,
lakotoj sangkeloh mando,
ret toengkoel barina imoet,
barabat menak noe njembah,
emboet ngoendjoekeun pihatoer.

Sanggeus saroemping di pajoeneun kangdjeng ratoe, enggal Raden Kalang Soetra geuat oendjoekan, pokna: „goesti, sampoera soen, neda eureun nama deung-deung, kadjeun sono pepes kesang balik deui".

Hariring mantri goemaligoet ratoe njaoer, pokna: „he, Kalang Soetra, saha noe taloek?"

Oendjoekan Kalang Soetra: „soemoehoen, Njai Nimbang Waringin, roa banda rek njanggakeun".

Enggalna anoe kasep Rangga Wajang toeloej bae oendjoekan ka kangdjeng ratoe, ari pokna: „soemangga, abdi njanggakeun ieu poen doeloer Nji Soemoer Bandoeng, titip beurang kalawan peuting, njanggakeun soteh henteu sae, henteu sae, henteu hade, kawantoe tatjan bisa popolah popolah atjan, ana popolah sok djabrag-djabroeg djambraolang, moen ngawadjit sok make tarasi, mentjok make djaringao, ana ngangeun waloeh sok djeung dadapoeranana, njambaraän angeun sok dibeu-weung, sok gedag lalampahanana, tah, sakitoe kasaenjanana".

Hariring mantri goemaligoet ratoe njaoer, njabda beukas ka toeang raka noe kasep Rangga Wajang, pokna:

„noehoen pisan rewoe-rewoe,
gerah teh balaksa-laksa,
beurat njoehoen beurat nanggoeng,
beurat narimakeun inja,
geulis mah toeroenan mantri,
endah mah toeroenan menak,
aloes mah poetra joegjoegan,
eukeur panteng ka noe koneng,
tjoeëut nineung ka noe hideung,
palaj ka noe bangbang awak".

Sanggeus kitoe, kangdjeng ratoe toeloej njaoer ka geureuhana noe geulis Nimbang Waringin, pokna: „Njai, amit, engkang rek njandoeng."

„Soekoer-soekoer loba waroe,
pigeusaneun lege naek,
soekoer-soekoer loba maroe,
pigeusaneun neundeun tjarek."

„Tah, sakitoe", wangsoelanana noe geulis Nimbang Waringin.

Kangdjeng ratoe toeloej njaoer ka noe geulis Soemoer Bandoeng, pokna: „Njai, ari djeung maroe mah, oelah sok silihtibakeun, koedoe roentoet raoet, lamoen ka saloe-hoereun mah koedoe miïndoeng, ari ka sahandapeun koedoe mipoetra; laboeh koe-doe silihhoedangkeun, ka tjai koedoe djadi saleuwi, ka darat koedoe djadi salogak".

Nimbang Waringin nja kitoe deui misaoer ka noe geulis Soemoer Bandoeng, pokna: „eteh mah nitipkeun salaki, njelehkeun tjaroge; soegih moekti eteh mah geus kapanggih, ajeuna mah soepaja diangken bae".

Tembalna noe geulis Soemoer Bandoeng: „noehoen sareboe, gerah salaksa".

Demi Langen Sari djeung Rangga Wajang didjenengkeun papatih di nagara Koeta Waringin.

Kotjapkeun pawarang noe opat poeloeh poendjoel tiloe keur mandoan ratoe.

Tjaritakeun noe kasep Kalang Soetra toeloej njaoer ka Lengser, pokna: „Lengser geura koempoelkeun ponggawa sanagara Koeta Waringin, ajeuna oge oerang tataloe rerendenganana Soemoer Bandoeng sareng ratoe".

Geus pinoeh di aloen-aloen,
limpas ka djalan prapatan,
ngahioeng anoe tataloe,
tjoetjoerak meres nagara,
arek ngahaneutkeun dajeuh,
alam padang poë pandjang,
toedjoeh poë toedjoeh peuting,
ngoengkoengan anoe tataloe,
ear soerak kalangtaka,
morobot bedil panorop,
soerakna ngadahan tjaoe,
soerakna onggol-onggolan,
daoen tjaringin tibalik,
kadoepak soara bedil,
daoen klapa ting sariak,
kadoepak soara tinggar,
toeroengtoeng kendangna bitoeng,
dirarawat hoë woeloeng,
ditabeuh koe indoeng-indoeng,
goöng salawe bangoenan,
toedjoeh likoer kaboejoetan,
goöng sada toemalowong,
kendang sada tjiang-tjiang,
manan repeh ditarikan,
manan koerang ditambahan,
tjloeng angkloengna doer bedilna,
geleger mariem dalem,
djeung teundeun mah batan neundeun,
djag toenda mah batan mawa,
teundeun teh meureun sampeureun,
toenda teh meureun bawaeun,
di nagri Koeta Waringin.

Oerang toenda tjarita anoe keur pesta.

Tjatoerkeun di nagara Roetjoek Pakoean; ari noe kagoengan djenenganana Raden Djaga Ripoeh sarta kagoengan saderek istri hidji, djenenganana noe geulis Sekar Pakoean.

Kotjapkeun noe kasep Djaga Ripoeh, enggalna emoet ka nagara Bitoeng Woeloeng nja eta ka noe geulis Soemoer Bandoeng sapedah enggeus mantjoeh oeang salaksa, kari-kari ajeuna aja bedjana geus kawin ka ratoe Koeta Waringin.

Ti dinja Raden Djaga Ripoeh soesah katjida manahna.

Ari tjeuk noe geulis Sekar Pakoean ka rakana Raden Djaga Ripoeh, pokna: „engkang, perkara ajeuna mah montong soesah-soesah, ari lebar koe oeang salaksa anggoer, leuih hade, oerang soesoel bae ka nagara Koeta Waringin, bilelaän sapotong sewang."

Enggalna noe kasep Djaga Ripoeh geuat bae njandak parabot perang, njandak ali beusi galigiran, doehoeng kaboejoetan bari njaoer ka raina noe geulis Sekar Pakoean, pokna: „Njai, engkang djaoeh djoengdjoeng, anggang doakeun; akang rek ngamoek ka nagara Koeta Waringin, da bongan si Rangga Wajang tjidra."

Koleang noe babalapan,
gobangna geus ngabar bae,
ngentoeg-ngentoeg noe ngagoeroeh,
garetek noe goemangmengan,
tatjan boeboek sarta anjoet,
anjoet soteh djadi leboe,
ngaleketej djadi lenga,
tara soengkan manggih lawan,
tara emboeng manggih moesoeh,
montong ditjatoer djaoehna,
montong diteang anggangna,
djaoeh mo boeroeng nja tjoendoek,
anggang mo boeroeng nja datang,
ka nagri Koeta Waringin,
Koeta Waringin beh girang,
barang soemping Djaga Ripoeh,
andjeuna toeloej ngarogo,
ningali patih perdjoerit,
temenggoeng djeung saradadoe,
djaksa reudjeug goelang-goelang.

Barang kitoe, noe kasep Djaga Ripoeh ngalahir dina djero mamanahan, pokna: „lamoenna datang aing nangtang perang daekeun poelang ngaran, ari itoe mah ragem, mangkaning dewek sorangan, ah, anggoeran oerang kemat bae noe geulis Soemoer Bandoeng tina sajoeran; noe geulis mo boeroeng kaaïs, noe lendjang mo boeroe kabawa."

Enggalna Djaga Ripoeh toeloej loentjat kana kebon sajoer ngandjentoel bari metakeun kemat, ditioepkeun ka padaleman, teroes rasa ka noe geulis Soemoer Bandoeng.

Katjarita Soemoer Bandoeng,
nangis mipista ka ratoe,
goebrag-gebroek mere semoe,
lelewa teu panoedjoeëun,
nja koetoe di hoeloe sapoe,
mareman di sajang hajam,
noe geulis kinteur galieur,
pok njaoer ka kangdjeng ratoe,
anoe geulis Soemoer Bandoeng:
„goesti koering neda amit,
amit arek moelang kembang,
noe mantoeng dina pangamboeng,
ti peuting sakit kaimpi,
ti beurang mani karasa".

Ari saoer ratoe: „soemangga, Njai, rek moelang kembang mah, ngan soepaja ngoeninga heula ka paseban".

Toeloej Soemoer Bandoeng ka paseban.

Barang soemping nangis bari pokna:

„koering engkang Rangga Wajang,
amit hajang moelang kembang,
noe mantoeng dina pangamboeng,
koematjatjang dina raraj,
ajeuna koering teh amit,
amit arek ngala kembang".

Rangga Wajang pok ngawalon: „Njai, oelah, kawantoe oerang teh keur meudjeuhna tataloe, keun, oerang toembalan bae, hiap, ka dieu geura nonggong".

Boel ngoekoes Den Rangga Wajang,
njata di dampal panangan,
gorolong sangkala bolong,
dengdekeun ka kaler rehe,
dengdekeun ka kidoel soewoeng,
dengdekeun ka koelon kosong,
dengdekeun ka tebeh wetan,
bet ngadjentoel di sajoeran,
Djaga Ripoeh eukeur ngemat,
eukeur ngemat Soemoer Bandoeng.

Barang katingali koe noe geulis Soemoer Bandoeng, toeloej bae njaoer ka rakana Raden Rangga Wajang, pokna: „paingan teuing, engkang, koering teh ngan hajang bae ka kebon sajoer, da keuna kematna si Djaga Ripoeh".

Ti dinja, harita keneh, rendjag noe geulis Soemoer Bandoeng geus tjageur deui.

Tjek noe kasep Rangga Wajang:

„kitjeup hamo meuli noekeur,
semon teh pada ngantongan,
eh Njaï geura soemangga,
nja moelih ka padaleman.
akang teh arek njampeurkeun,
njampeurkeun si Djaga Ripoeh,
akang arek ngadjadikeun,
diri Njaï Soemoer Bandoeng".

Enggal Rangga Wajang toeloej ngadjadikeun istri, djiga pisan anoe geulis Soemoer Bandoeng, bari angkat ka sajoeran.

Koleang noe ka sajoeran,
leuleus keupat bisa angkat,
leuleus pigeulang panangan,
leuleus batan awi tali,
awi tali anoe ngora,
ditjoekangan monjet mandah,
manan potong kalah ngelaj,

soempingna ka kebon kembang,
kapanggih Den Djaga Ripoeh.

Sanggeus soemping, Rangga Wajang ngadodoho ti toekang ka noe kasep Djaga Ripoeh, toeloej ditindjoel, ana ngareret Djaga Ripoeh imoet bari njaoer, pokna: „naha noe geulis teh ngabobodo ka akang, make tjarogean ka ratoe; hiap, Njai, oerang kandoeng, oerang moelih ka nagara Roetjoek Pakoean, engkang njelehkeun banda katoet nagara".

Ari tjeuk Soemoer Bandoeng tiroean: „soemangga teuing, engkang".

Ti dinja Rangga Wajang (Soemoer Bandoeng tiroean) ditewak koe noe kasep Djaga Ripoeh, gebloes kana kandoengkeun, gelenjoe imoet Rangga Wajang dina kandoengan.

Djaga Ripoeh teu oeninga jen ngandoeng pimoesoeheun, mamawa pilawaneun.

Ari tjek Soemoer Bandoeng tiroean: „engkang, koe hajang ngising".

Saoerna Djaga Ripoeh: „dek kiïh, ngising, dina kandoengan bae, eulis"

Bareng enggeus dikandoengan, Soemoer Bandoeng tiroean, koe noe kasep Djaga Ripoeh toeloej geuat-geuat moelih ka nagara Roetjoek Pakoean.

Koleang noe kabalapan,
ageung tineung tjangkar manah,
bisa ngingkleung anak deungeun,
bisa milegok minandjak,
soempingna ka nagarana,
nagara Roetjoek Pakoean,
goeroedjag ka padaleman,
ka raïna anoe geulis,
noe geulis Sekar Pakoean.

Demi saoerna noe kasep Djaga Ripoeh ka toeang raina, Njai Sekar Pakoean, pokna: „Njai, akang mihape ieu anoe geulis Soemoer Bandoeng, koe Njai koedoe diakoe didjaga sing hade-hade di padaleman, ari akang ajeuna rek mapag si Rangga Wajang di hoeloe dajeuh, bisi manehna njoesoel".

Oerang toenda tjarita noe kasep Djaga Ripoeh ka hoeloe dajeuh.

Tjatoerkeun noe di padaleman; leungit Soemoer Bandoeng, timboel Rangga Wajang.

Noe geulis Sekar Pakoean,
ngarontok ka Rangga Wajang:
„bage daweg kembang djambe,
kamajang bagea datang,
kembang tjalik dina tjepil,
anaking kakara soemping,
oelah dihoeroen soeloehkeun,
oelah dikompet daoenkeun,
misah njawa misah badan,
misah diri djeung redjeki,
koering mah rek miloe bae,
ka Koeta nagri Waringin".

Saoerna Rangga Wajang: „soemangga, Njai, oelah rea kasaoeran, geura hiap bae rek miloe mah".

Enggalna Sekar Pakoean dikandoeng, saraoeh radja bandana koe noe kasep Rangga Wajang dibawa ka nagara Koeta Waringin, nagara Roetjoek Pakoean kari parongpong kosong.

Koleang noe ka balapan,
mawa banda djeung doeloerna,
anoe kasep Djaga Ripoeh,
koe Radian Rangga Wajang,
roengkoedoek gandonganana,
gedena sagede goenoeng,
ringkinik sagede pasir,
koleang noe ka balapan,
ka nagri Koeta Waringin,
geus soemping ka aloen-aloen,
aloen-aloen sewoe tjengkal,
pingitan sawidak lima,
babantjong dalapan poeloeh,
soempingna teh ka paseban,
banda anoe beunang ngandoeng,
gantjang toeloej didoeoemkeun,
ka sakabeh praponggawa,
ka mantri reudjeung bopati,
geus beak taja sesana,
banda anoe sanagara,
enggal pawarang disosok,
disosok tina kandoengan,
djol montok gelentjeng koneng.

Ari tjek Rangga Wajang ka si Lengser, pokna: „Lengser, hajoe, oerang ka padaleman, oerang sanggakeun ka ratoe".

Ari tjek si Lengser: „mangga, abdi ngiring bae".

Koleang ka padaleman,
kasampak kasondong aja,
ratoe teh di pangtjalikan,
lakotoj sangkeloh mando,
barabat menak noe njembah.

Rangga Wajang geuat oendjoekkan, pokna: goesti, ieu abdi njanggakeun pawarang enggal, tapi henteu sae, henteu hade".

Hariring mantri goemalinggoet ratoe njaoer njabda beukas ka toeang raka, pokna: „noehoen sarewoe, gerah salaksa".

Ti dinja Rangga Wajang toeloej amit moendoer, pokna: „goesti, abdi amit rek moelang deui ka paseban; bisi kaboeroe tjoendoek moesoeh, datang lawan".

Koleang noe ka paseban,
moelih tina ngadeuheusan,
soempingna ka aloen-aloen,
toengkoel ngadji kawedoekan,

tanggah ngadji kagagahan,
ngadjaga moesoeh rek datang,
moen datang kari ngalawan.

Djeug teundeun noe kasep Rangga Wajang.

Kotjapkeun noe kasep Djaga Ripoeh, barang moelih ti hoeloe dajeuh ana boes ka djero nagara ngahoeleng bari pokna: „beu, tiwas, mo teu si Rangga Wajang noe koe aing dikandoeng teh, ajeuna mantog bari ngagoeboeg doeloer batoer, banda sanagara dibawa. Rasa binasa sia koe aing, dek ditjatjag diwalang-walang, lamoen tatjan boeboek anjoet djadi leboe, ngaleketej djadi lega tatjan poeas rasa aing."

Djaga Ripoeh reup geuneuk, raj pias, sarta enggal angkat ka nagara Koeta Waringin.

Basana ngentoeg ngagoeroeh,
basana ngenteg ngageder,
gobang enggeus ngabar bae,
koleang gandeuang angkat,
barang geus soemping di hoeloe,
nagara Koeta Waringin,
djegor nangtang ngadjak perang,
totondjolan sosongkolan,
bari njaoer kieu pokna:
„lamoen aja maoeng poendoeng,
lamoen aja badak galak,
tjik aing nja ngamoek inja."

Ngoeng kadangoe, ngeng kadenge koe noe geulis Soemoer Bandoeng, tjoendoek moesoeh datang lawan, enggalna njaoer ka toeang raka, Raden Rangga Wajang, pokna: engkang, moesoeh teh geus datang, geura lawan."

Saoerna Rangga Wajang: „Njai, akang mo waka mawa parabot perang, noe kasep Djaga Ripoeh dek diadjak taloek bae."

Koleang bari pajoengan,
anoe kasep Rangga Wajang,
tjetrek toenggangna gamparan,
menteleng lilingga inten,
soempingna ka hoeloe dajeuh,
anoe eukeur nangtang perang,
kasampak keur sosongkolan,

Rangga Wajang toeloej njaoer ka noe kasep Djaga Ripoeh, pokna: „ji, montong teuing ngadjak perang, oerang koemawoela bae anggoer, da toeang rai, anoe geulis Sekar Pakoean, geus di dieu, banda pon nja kitoe deui."

Tembalna Djaga Ripoeh: „nadjis teuing, ngawoela djoerig djarian, ngawoela ka djanggel djagong, dewek mah teu rek koemawoela, barina deui sia, Rangga Wajang, djahat katjida, koe naon doeloer batoer digoeboeg banda dibawa?"

Barang kitoe, Rangga Wajang didoepak koe noe kasep Djaga Ripoeh, tapi teu pisan-pisan ambek, kalah kaimoet bae.

Sanggeus keuheul ngadoepakan, Djaga Ripoeh toeloej njingsatkeun sindjangna

bari ngabekok, dongkap ka kabawa boekoerna sagede moentjang gendoel dina boengkoel iroeng Den Rangga Wajang.

Enggalna Rangga Wajang reup geuneuk, raj pias, djebet katorekan, sarta njaoer, pokna: „hajang hiroep oendoer, hajang paeh tagen".

Ana ngarontok Djaga Ripoeh ditjentok; blok nangkoeban, datang ti toekang disepak, blak nangkarak, datang ti gigir ditampiling, bloek njoeoeh ; barang hoedang rek ngarontok dipapagkeun koe djimat roeas si oendoer-oendoer diteunggeulkeun bener sirahna.

Djaga Ripoeh oetah getih leuleundjeuran barina ngaleupaskeun njawa.

Saoer Rangga Wajang: „modar sia, mo hiroep deui. Tapi koe aing dek dihiroepan deui, soegan bae daekeun koemawoela".

Ditjoendoekkeun bajoena ti kidoel, datang akmana ti wetan, diawoeran tjai kahiroepan, ramboetna didoedoet tiloe koeren, toeloej diseuseup tiloe kali. Enggalna lilir tanghi Djaga Ripoeh, girap milepas manah.

Ari tjek noe kasep Rangga Wajang, pokna:

„deuk taroeng sabraha tahoen,
deuk perang sabraha boelan,
koe aing meureun diajoen,
ajeuna rek taloek hamo,
atawa rek perang deui ?"

Djaga Ripoeh toeloej tjong njembah bari pokna: „perkara koering ajeuna njoehoenkeun taloek bae, dek sedja koemawoela, barina oge doeloer sarta banda koering geus dikieu-ieu".

Toeloej pada maroelih ka paseban: noe kasep Djaga Ripoeh sareng Rangga Wajang.

Barang geus soemping ka paseban, Djaga Ripoeh enggal ngadeuheus ka kangdjeng ratoe, bari oendjoekan, pokna: „goesti, abdi sedja hoeroen soedjoed ka ratoe, sedja koemawoela ka menak".

Ti dinja Djaga Ripoeh ditampi koe kangdjeng ratoe kalajan soeka boengah, Ti semet harita endar di nagara Koeta Waringin loba papatih.

Tjatoerkeun di padaleman,
soara mani geus endar,
ratoe loba pawarangna,
daroëh baroerej keneh,
noe geulis beunang njeliran,
noe endah beunang ngiwatan,
djongdjon keur mandoan ratoe,
marando di padaleman,
keur meudjeuhna soegih moekti,
keur meudjeuhna beurat beunghar,
tara boetoeh koe rewoean,
tara soesah koe laksaän,
baranah loba rahajat,
nagara keur hedjo lembok,

hedjo lembok di djerona,
nagara hegar di loear,
aloen-aloen sewoe tjengkal,
tina midjina saketi,
djeung Toean Batara Toenggal,
rogrog boerang malelana,
beunang ngahoentoe kalakeun,
keur njawisan moesoeh datang,
noe datang ti mega malang,
keur meudjeuhna pisan hoeroeng,
hoeroeng tatadjoeranana,
siang pepelakanana,
melentoeng poetjoek kaoengna,
bareres poetjoek djambena,
papak poetjoek kalapana,
kaoeng keur meudjeuhna toeroen,
meudjeuhna toeroen tjaroeloek,
kalapa toeroen manggarna,
djambena keur tjoemawene.

Djeug teundeun batan neundeun, djag toenda batan bawa di nagara Koeta Waringin girang,

Sakitoe pitoetoer karoehoen pertengtang poesaka. Moela-moela tjarita leungit, boekti kari noe dikawihkeun, leungit roepa timboel tjarita.

# B.

## TJARITA

# NJAI SOEMOER BANDOENG,

## PIGARWAEUNANA

## RATOE AGOENG POERBA MANTRI PANGERAN POERBA KOESOEMA

## RATOE NAGARA

## KOETA WARINGIN

---

RADJAHNA :
„Neda agoeng nja paraloen,
neda pandjang nja hampoera,
bisina nebak koekoemboeng,
bisina nebak larangan".
Sarehna rek diadjar njaritakeun noe baheula.

Katjarita aja hidji poetra ngalalakon, djenenganana Ratoe Agoeng Poerba Mantri Pangeran Poerba Koesoema.

Demi ngalalakonna ka wetan ka nagara Daha, sedja arek njiar piwarangeun, tapi henteu manggih, ana manggih nja ti nagara Koeta Waringin, malah tiloe pisan nja eta : Njai Tandjoeng Waringin noe hidji, Njai Nimbang Waringin noe kadoea, noe katiloe Njai Djoerit Adji Lendjang Sari, noe lendjang sari dewata.

Ti dinja Ratoe Agoeng Poerba Mantri Pangeran Poerba Koesoema toeloej nikah ka Njai Tandjoeng Waringin, didamel pangtjikalna, panengah Njai Nimbang Waringin, boengsoena Njai Djoerit Adji Lendjang Sari, noe lendjang sari dewata. Samalah djoemeneng ratoe pisan di nagara Koeta Waringin.

Ari papatihna lantjeuk pawarang, nja eta Raden Gadjah Waringin, sarta doea panakawanna : hidji ngaran Tjandra Wali, kadoea Tjandra Terebang.

Kotjapkeun dina hidji mangsa ratoe miwarang ka patih Raden Gadjah Waringin, didawoehan naloekkeun nagara Koeta Siloeman, tatapi henteu sanggoepeun.

Enggalna Gadjah Waringin toeloej oendjoekkan, pokna : „goesti, djisim abdi

henteu sanggoep naloekkeun nagara Koeta Siloeman, tapi aja noe sanggoepeun nja eta satria ngalalakon, djenengan Raden Langen Sari, lantjeukna Nji Soemoer Bandoeng; samalah ajeuna ge aja di nagara ieu, keur tapa ngaroepakeun aki-aki".

Ti dinja ratoe toeloej miwarang njaoer ka aki-aki tadi. Barang geus soemping ka pajoeneun ratoe, geuat ratoe ngandika, pokna: „aki maneh sanggoep naloekkeun nagara Koeta Siloeman ?"

Gantjangna aki-aki oendjoekkan, pokna: „perkawis naloekkeun nagara Koeta Siloeman, abdi sanggoep, soemawonna nagara, dalah dipiwarang mabok oelam batoe oge teu djadi sawios jen aja piwarangan mah".

Sanggeus kitoe, ratoe toeloej ngadawoehan ka patih Gadjah Waringin masihan panganggo sapangadeg ka aki-aki tea, koe doemeh sanggoep naloekkeun nagara Koeta Siloeman.

Ti paseban aki-aki ladjeng angkat ka aloen-aloen. Barang datang ka aloen-aloen, toeloej ngagedogkeun salira, leungit roepa aki-aki, timboel roepa Langen Sari, nja kasep toer dedeg hade pantes sarta aja toemandinganana.

Enggalna toeloej ngapoeng ka mega malang. Sorolok, basana ngapoeng ka manggoeng, basana ngapak ka awang-awang: saparentang anggang, lejar-lejar ka tebeh handap ngadjoegdjoeg nagara Koeta Siloeman.

Sadongkapna di mega malang, Raden Langen Sari njidikkeun palebah-lebahna nagara Koeta Siloeman. Sanggeus sidik, djoet toeroen ka handap, nja datang saloeareun koeta, ana ditingal koetana tambaga toedjoeh lapis kandelna.

Ti dinja Langen Sari sedja rek lebet ka aloen-aloen, tapi djalanna aja noe toenggoe, noe toenggoe oge djambrong djeung goelang-goelang malah diparintoe bae, ari lawangna aja tiloe pisan.

Gantjang Langen Sari moendoet diboekakeun lawangna ka eta djambrong-djambrong.

Ti dinja djambrong-djambrong barempoeg djeung batoer-batoerna, pokna: „koemaha ieu, hade dibere lawang atawa entong? karana tjek timbalan: oelah aja noe meunangkeun liwat, soemawonna menak atawa koering, kalakaj oge oepama asoep koedoe ditepak dikaloearkeun deui; tah, kitoe dina saeusining timbalan."

Ari tjek djambrong noe saoerang, pokna: „enja, ari tjek timbalan mah, koedoe kitoe; tapi ieu lain menak djore-djore, pantes koe oerang dibere lawang, ningal sakitoe kakasepanana."

Ti dinja djambrong-djambrong rempoeg pisan, toeloej lawang diboekakeun. Enggalna Raden Langen Sari toeloej lebet ka eta lawang sarta kebat manggih deui lawang reudjeung loba noe ngadjagana, nja eta djambrong djeung goelang-goelang.

Langen Sari moendoet diboekakeun deui lawang, tapi manan dibere anggoer beuki dipageuhan, dipaksa-paksa weleh teu mere bae.

Langen Sari toeloej napsoe; panto didoepak mani datang ka sempog koetana sabeulah, noe ngadjaga pada katarindih: aja noe paeh, aja noe hiroep, sawareh noe laloempatan, sarta sanggeus sempog panto, koeta moeka koe maneh.

Langen Sari toeloej bae angkatna teroes ka palataran boemi, nja njondong aja hidji istri keur ngeujeuk bae.

Saoerna Langen Sari: „sampoera soen, neda eureun".

Demi wangsoelna : „soemangga, rampes tjalik."

Ti dinja Langen Sari toeloej tjalik, sarta bari mariksakeun djenengan istri noe keur ngeujeuk, pokna : „Njai teh, saha nja toeang djenengan ?"

Ari djawabna : „kaoela anoe ngaran Nji Mas Maja Siloeman."

Gantjang Nji Mas Maja Siloeman ngaresehan koe lemareun sareng sesepeun.

Sanggeus ngalemar atanapi njesep, Langen Sari toeloej mariksa deui ka noe geulis Nji Mas Maja Siloeman, pokna : „Njai teh, saha nja tjaroge ?"

Diwalon koe Nji Mas Maja Siloeman bari imoet, pokna : „kaoela mah teu gadoeh tjaroge, ngan doeloer lalaki bae nja kagadoeh."

„Saha saderek Njai teh ?"

Demi walonna Nji Mas Maja Siloeman : „ari katelahna mah akang, Rangga Siloeman."

Langen Sari njaoer deui, pokna : „naha toeang saderek teh mana degig teuing, teu pisan ngakoe ka semah."

Njai Mas Maja Siloeman toeloej bae ngageroan ka rakana, pokna : „engkang, ieu, aja semah"

Demi rakana Raden Rangga Siloeman harita keur njatoetan djanggot, barang ngoeping jen aja tamoe, toeloej ditoenda bae, nja ngaboeroe ka tatamoe tea.

Barang geus patepoeng Rangga Siloeman toeloej njaoer ka noe anjar soemping pokna : „ieu satria ti mana, lamoen nagara, nagara naon, lamoen lemboer, lemboer naon, boemi bandjar pamidangan djeung saha nja toeang djenengan ?"

Langen Sari ngawalon : „kaoela ti nagara Koeta Waringin katelahna Raden Langen Sari."

Rangga Siloeman mariksa deui, pokna : „Langen Sari, ka dieu ngemban oetoesan atawa karsa koe andjeun bae ?"

„Kaoela ngemban timbalan ratoe Koeta Waringin."

Pok deui Rangga Siloeman : „dipiwarang naon koe ratoe Koeta Waringin ?"

Djawaban Langen Sari : „soekoe samboeng lakoe, biwir samboeng lemek ; timbalan nejangan saderek, nja di dieu aja djenengan Raden Rangga Siloeman, nja andjeun roepana."

Rangga Siloeman ngawalon : „naha mana ngangken saderek ka kaoela ? Kaoela hanteu saderek ngaran sampean nagara boga sorangan. Sarehna sampean ngakoe doeloer ka kaoela, eta rek naon ?"

Saoerna Langen Sari : „oerang ngawoela ka nagara Koeta Waringin."

Ti dinja Rangga Siloeman ngawalon bari sewot, pokna : „henteu rek njaeuran goenoeng ngoejahan sagara"

Ari tjek noe geulis Nji Mas Maja Siloemnn, pokna ka toeang raka : „engkang, hade oerang ngawoela bae, ratoe mah taja kakoerang, ratoe mah bengkong ngareong; oerang nadjan djagdjag lempeng da pangawak sakieu tangtoe eleh koe karageman".

Rangga Siloeman sewot ka toeang raina, bari njaoer: „keur naon oerang ngawoela ; pendek mah emboeng oerang diadjak ngawoela".

Langen Sari keukeuh pangadjakna, Rangga Siloeman keukeuh panghenteuna. Enggalna Rangga Siloeman toeloej bae nangtang perang ka Langen Sari, pokna :

„sia mawa sabraha widak balad ti nagara Koeta Waringin, hajoe, sina ngaroeboetan aing."

Ari tjek Langen Sari: „dewek teu mawa widakan balad, teu mawa widakan gagaman; estoe ngan pangawak dewek sorangan, nandakeun awak petingan."

Gantjangna Rangga Siloeman njewot bari narik kerisna, ditewekkeun ka Langen Sari, tapi weleh, henteu teurak.

Langen Sari nja kitoe deui, narik toeang tjoeriga, toeloej silihtewekkeun, tapi hidji taja noe teurak, dongkap ka pada marengkel keris teh.

Tjoel keris noe perang, toeloej galoengan silihseredan; disedekeun Langen Sari koe Rangga Siloeman, teu obah-obah atjan, koekoeh sariga goenoeng. Ana males Langen Sari, Rangga Siloeman kabregedeg ka saloeareun koeta, nepi ka leuweung pisan.

Ti dinja anoe geulis Nji Mas Maja Siloeman geuat bae loempat noetoerkeun noe keur perang di leuweung. Demi kai-kai dileuweung sakoer noe kasorang koe noe perang, mani rarebah kabeh; kajaning:

Tangkal tapak djeung kilalak,
kikamonteng kiara koneng,
boengboengdelan handajakan,
hoeroe dapoeng djeung kimaoeng,
hantap heulang djeung boengboelan,
kai sapi djeung kipoetri,
tangkal kopi djeung kihoeni.

Kotjap anoe perang, pasered-sered dongkap ka nagara sedjen, nja eta nagara Poetjoek beusi, samalah noe kagoengan nagara kasampak keur di paseban, djenengan Rangga Tjampaka, sarta kagoengan saderek istri hidji ngaran Nji Mas Tjampaka Larang Mantri Kembang.

Ti dinja noe perang ngaroempak paseban, enggalna koe Rangga Tjampaka di pariksa bari njewot, pokna: „ieu oerang mana, rek ka mana, eukeur naon mana ngaroempak paseban oerang?"

Pokna Rangga Siloeman: „oerang ti nagara Koeta Siloeman, keur matjakkeun perang djeung Langen Sari."

Saoerna Rangga Tjampaka: „oerang ge rek matjakkeun perang, tapi weleh teu manggih lawan, ajeuna oerang hoeroep bae Langen Sari."

Sanggeus kitoe, ngarontok Rangga Tjampaka ka Langen Sari; ditewak Rangga Tjampaka ti katoehoe, Rangga Siloeman ti kentja, diadoe-adoekeun koe Raden Langen Sari, enggalna toeloej kabereg ka leuweung, geus djaoeh ti nagara Poetjoek beusi, teu katjaritakeun deui kai-kai noe karoempak.

Malah raina Njai Mas Tjampaka Larang Mantri Kembang noetoerkeun ka leuweung, ka noe eukeur perang.

Gantjangna anoe parerang geus dongkap ka nagara Daha, nja pada areureun dina hidji sajoeran sisi nagara, ari eureunna dina handapeun tangkal kembang tjampaka.

Pokna Langen Sari: „oelah eureun nganggoer, da djeung moesoeh, anggoer oerang perang leuleutikan tamba tjitjing."

Tembalna Rangga Siloeman djeung Rangga Tjampaka: „hajoe, oerang silihsintreuk bari eureun."

Langen Sari dihoeroep koe doeaän, disintreukkan dampal leungeunna, tapi teu dirasa; ana males ka moesoehna anoe doea mani tingkaloper.

Eureun silihsintreuk, toeloej silihgoesroekkeun kana tangkal kembang tjampaka; pangheulana ngagoesroekkeun nja eta Langen Sari ka moesoeh anoe doea, mani kadoea moesoeh datang ka roakan tonggongna; ana dibales Langen Sari, anggoer bae toeloej sare, da geus; tjape asa digaroan.

Rigeg anoe keur perang.

Tjatoerkeun noe kagoengan nagara Daha, djenenganana Pati Djalak Mangprang, sarta saderek istri hidji, nja eta Njai Mas Mangprang Wajang.

Ti dinja Njai Mas Mangprang Wajang ngandika ka toeang saderekna Pati Djalak Mangprang, sapedah ngadenge sora ngagoeroeh di hoeloe dajeuh nja eta di palebah sajoeran, ari pokna: „engkang, eta aja naon mana ngagoeroeh-goeroeh teuing di hoeloe dajeuh. Palangsiang aja sidjaloe diadoe, boa sidjarah teuteunggar, palangsiang si banteng ngagenteng. Ajeuna, akang, oerang lajad bae: beunjing meulit kana kai, kandang njampaj kana dahan, soemangga, oerang darangdan."

Gantjangna Djalak Mangprang toeloej dangdan, sanggeus dangdan, toeloej angkat njalira bae ka sajoeran.

Barang soemping ka sajoeran, ningali aja djelema tiloe dina handapeun tangkal kembang tjampaka, geus pada ngadjaropak kapaehan tina bawaning tjape parerang. Ti dinja teu tata-pasini deui, geuat bae ditjandak djelema noe tiloean bari dikeupatkeun dibawa moelih ka padaleman.

Sasoempingna ka paseban, toeloej tiloeanana didioekkeun sila, bari njaoer ka raina Nji Mas Mangprang Wajang, pokna: „Njai, tah, geuning ieu noe ngagoeroeh di hoeloe dajeuh teh."

Gantjangna ditingali koe raina Nji Mas Mangprang Wajang; ana enggeus ningalianana, toeloej njaoer ka toeang rakana, pokna: „beu, geuning boegang, engkang, naha mana ditjilikkeun, anggoer oerang pitjeun bae."

Koe Djalak Mangprang boegang noe doea toeloej dialoengkeun ka djoeroe aloen-aloen, kantoen hidji deui, nja eta Langen Sari.

Pok deui mariksa Njai Mas Mangprang Wajang: „naha, engkang, teu geura dipitjeun deui:

barina leuwih nja kasep,
bakalna panjioek taroem,
bakalna panimba nila,
bakalna tjaroge koering."

Ari saoer Djalak Mangprang: „Njai, ieu mah tatjan paeh, masih keneh karasa haneut awakna, noe paeh mah koedoe tiïs awakna."

Ti dinja toeloej ditjagap koe Nji Mas Mangprang Wajang sarta bari saoerna: „engkang, palangsiang enggeus paeh, geuning, ajeuna mah enggeus tiïs salirana, hade pitjeun deui bae."

Saoer rakana bari bengis: „nja tiïs oge, tapi tiïs noe paeh mah alah batan tjai djeung deui panonna ge sok haoek; ieu mah tatjan haoek."

Pok deui Nji Mas Mangprang Wajang: „tah, geuning, ajeuna mah geus haoek; hajoe, oerang pitjeun bae."

Saoer Djalak Mangprang: „teu, mo waka dipitjeun, sabab masih leuleus, mait mah koedoe heuras."

Langen Sari toeloej heuras alah batan bontot.

Nji Mas Mangprang Wajang geuat njaoer deui ka rakana, pokna: „engkang, ajeuna mah enggeus heuras, geura pitjeun bae."

Demi sajaktosna Raden Langen Sari henteu paeh, ngan sare bawaning koe tibra, djadi sapertos anoe paeh, sarta eukeurna ditjandak koe Raden Djalak Mangprang, Langen Sari parantos eling, tapi ngahadja djiga noe hilang bae.

Barang keur ditingalian paeh henteuna koe Djalak Mangprang, Langen Sari ngadjak-ngadjak bae barina ngadoepak salira Djalak Mangprang, toeloej beunta kawas sasarina.

Sanggeus katingali koe Raden Djalak Mangprang, geuat njaoer ka raina Njai Mas Mangprang Wajang, pokna: „beu, Njai, paingan teuing teu daek paeh da ieu mah doeloer oerang noe djenengan Raden Langen Sari, lantjeuk Njai Soemoer Bandoeng."

Enggalna koe Nji Mas Mangprang Wajang toeloej diakoe sarta dihormat-hormat.

Raden Djalak Mangprang pok deui njaoer ka raina Nji Mas Mangprang Wajang: „Njai, itoe doea djelema noe dipitjeun ka djoeroe aloen-aloen geura-geura hiroepan deui."

Gantjang Nji Mas Mangprang Wajang njandak landong bari ngawatek isimna, doea ponggawa didoedoet boeoekna sakoeren bari nendjrag lemah tiloe kali. Gantjang hariroep malah sila sarta mando di hareupeun paseban.

Koe Raden Langen Sari toeloej dipariksa, pokna: „koemaha, Rangga Siloeman djeung Rangga Tjampaka, ajeuna maneh rek ngawoela atawa bangga, lamoen bangga dipaehan tapi lamoen ngawoela dihiroepan."

Demi walonna Rangga Siloeman djeung Rangga Tjampaka: „perkara ajeuna mah koering rek ngawoela bae, soemangga, koering njanggakeun beuheung teuk-teukkeun, soekoe genteng belokkeun, awak sakoedjoer sempaleun".

Saoerna Langen Sari: „atoeh nja hade ari rek koemawoela mah, mangga, geura tjaralik di paseban".

Kitoe deui saderekna istri doeanana oge ngiring koemawoela, sakoemaha toeang rakana.

Gantjangna toeloej pada tjaralik di paseban, pameget pada pameget, istri pada istri: nja eta hidji Langen Sari, kadoea Pati Djalak Mangprang, katiloe Rangga Siloeman, kaopatna Rangga Tjampaka. Demi istrina hidji Nji Mas Mangprang Wajang, pamidang nagara Daha, kadoea Nji Mas Maja Siloeman, katiloe Nji Mas Tjampaka Larang.

Ti dinja Langen Sari njaoer ka Pati Djalak Mangprang, nja eta kagoengan nagara Daha, demi saoerna: „akang, kaoela titip ieu bojongan: doea lalaki, doea awewe; wireh kaoela rek nepoengan poen adi Njai Soemoer Bandoeng tala gangsa emas beureum Bitoeng Woeloeng, kaoela papisah enggeus heubeul pisan".

Didjawab koe sakabeh: soemanga, ngan oelah lawas bae."

Bjoer Langen Sari, toeloej ngapoeng ka awang-awang.

Basana ngapoeng ka manggoeng,
basana ngapak ka awang,
ngapoeng sataradjoe djaoeh,
ngapak saparentang anggang,
learna dangdeung nja eureun.

Di mega malang Langen Sari ngan ngawas-ngawaskeun palebahna nagara Bitoeng Woeloeng; ana beh kapanggih, toeloej ngalahir dina mamanahan, pokna: „tah, geuning nagara Bitoeng Woeloeng, malah Soemoer Bandoeng ge tetela aja".

Gantjang Langen Sari toeroen ti mega malang, notogkeun maneh, sorolok-sorolok lear, dangdeung ka tebeh handap.

Toeloej soemping ka aloen-aloen nagara, kawantoe nagara babakan, tatjan pepek eusina nagara, atoeh teu mamaäpan deui ladjeng bae ka boemi bari njaoer ka raina, pokna: „Soemoer Bandoeng, geura tepangan, ieu doeloer geus datang".

Saoerna Soemoer Bandoeng: „koering mah teu boga doeloer, kawantoe pangawak sakieu".

Langen Sari keukeuh ngakoe doeloer; Soemoer Bandoeng keukeuh pangteu ngakoena, pokna:

„keukeuh teuing koela alim,
sok sieun badjag ngalana,
sok sieun badjo ngalakon,
sok sieun gelo ka diri".

Kaoela ge boga doeloer, nja eta lantjeuk, tapi ajeuna keur tatapa, djenenganana Langen Sari".

Djawabna Langen Sari: „poegoeh nja ieu lantjeuk Njai teh, noe djenengan Langen Sari; ieu mentas toeroen ti pangtapaän".

Saoerna Soemoer Bandoeng: „seug, ari keukeuh mah, tapi kaoela rek ngadodja heula, sabab koela boga pangdodjaän semah, nja eta tiwoean bodas sakembaran".

Pokna Langen Sari: „seug koe akang dek disambat":

„breng tiwoean bodas,
boga akang,
boga njai,
tangtoe boga kakang".

Gantjangna tiwoean sakembaran djadi njamberan ka Langen Sari; demi koe Langen Sari tiwoean geuat ditepoek koe tjaretet, datang ka paeh sakembaranana, henteu koengsi njeureud ka semah.

Tjek Nji Soemoer Bandoeng: „naha, semah teh kitoe, tiwoean kaoela datang ka paehan, eta teh noe ngadjaga kaoela. Seug bae, ari keukeuh pangakoena mah, tapi dek didodja deui, lamoen ki semah bisa itjikiboeng di djero kendi, tangtoe doeloer kaoela."

Langen Sari toeloej bae boes kana djero kendi sartana bari itjikiboeng; sanggeus kitoe, toeloej bidjil deui tina kendi.

Ari tjek Soemoer Bandoeng: „seug, ari keukeuh djeung keukeuk mah; tapi kaoela menta neang tjiri dina sirah ki semah, lamoen bener aja tjiri dina lebah emboen-emboen, geus tangtoe doeloer kaoela."

Langen Sari gantjangna ngagolojoh kana lahoenanana Njai Soemoer Bandoeng bari ditjoeplak iketna sarta dikoreh sirahna. Barang geus dikoreh, tetela aja tjeda dina lebah emboen-emboenan, nja eta oeroet ditakol koe sindoek waktoe di dapoer.

Regoek tjeurik Soemoer Bandoeng sartana bari ngakoe doeloer.

Sanggeusna tjeurik Soemoer Bandoeng, toeloej nanja, pokna: „engkang, naha mana heubeul-heubeul teuing ngoembara teh, meunang naon ti pangoembaraän?"

Saoerna Langen Sari: „akang mah ngoembara soteh lain njiar banda, njiar elmoe djeung njiar pisalakieun Njai, nja meunang ti nagara Koeta Waringin ratoe kasep djeung pantes, malah tatjan kagoengan poetra, kakara intjoe bae toedjoeh."

Tembalna Nji Soemoer Bandoeng: „atoeh noehoen, iraha oerang angkat ka nagara Koeta Waringin?"

Tjek Langen Sari: „nja ajeuna pisan oerang ka nagara Koeta Waringin."

„Atoeh mangga, koela rek dangdan, tapi koela henteu bisa djampe midang, koe engkang koedoe parinan, wantoe anoe mentas tatapa, meureun meunang djampe midang bae mah."

Saoerna Langen Sari: „enja, akang estoe tapa, tapi djampe midang mah teu meunang, eta mah koemaha Nai bae djampena."

Enggalna Nji Soemoer Badoeng toeloej dangdan.

Dangdan nganggo sindjang soetra,
poleng tjina doea warna,
pelok balon belang kari,
andjasmara pagoelingan,
ngaran poleng noe dianggo,
raksoekan soetra winangoen,
kekemben lajoeng kasoenten,
anoe nganggo geus reresan,
ditaksir koe Langen Sari,
ditilik ti gigir lenggik,
ditingal ti toekang lendjang,
nja keusik-keusik barentik,
nja tjadas-tjadas harerang.

Herang kahibaran koe noe geulis Njai Soemoer Bandoeng, tala gangsa emas beureum Bitoeng Woeloeng, nja geulis kawanti-wanti, nja endah kabina-bina, pantes pisan pigarwaeun ratoe,

Saoerna Nji Soemoer Bandoeng: „nganggo geus reresan, kari ieu nagara Bitoeng Woeloeng, koemaha? tapi hade oerang bawa bae pikeun koemawoela, demi piwadaheunana pandjara beusi."

Tembalna Langen Sari bari ngagebeg: „naha, nagara dikoemawoela, lain oemoem, lain moepakat, sarta koemaha diwadahanana nagara sakieu gedena?"

Djawabna Nji Soemoer Bandoeng: „naha, akang, apan aja elmoe, noe gede sok djadi leutik, noe leutik sok djadi gede."

Saoerna Langen Sari: „nja geura pek bae bawa koe Njai."

Wantoening Soemoer Bandoeng beurat tapa, gantjang bae nagara dirioetkeun kana pandjara, sarta dititah ngapoeng ti heula.

Saoerna Langen Sari : „pedah nagara geus ti heula, koemaha nja diri, Njai, kira-kira bisa ngapoeng noetoerkeun pandjara, atanapi koe akang, Njai, dikandoeng atawa digandong arek dibawa ngapoeng ?"

Pokna Soemoer Bandoeng : „ari dikandoeng atawa digandong, koela mah alim ; ajeuna oerang gantjang leboeh baoer binih bae, djadi pada idjen."

Enggalna toeloej pada ngarapoeng.

Bjoer ngapoeng ka awang-awang,
basana ngapoeng ka manggoeng,
basana ngapak ka awang,
ngapoeng sataradjoe djaoeh,
ngapak saparentang anggang,
lear dangdeung nja prok tepoeng,
mega malang djeung pandjara.

Di mega malang toeloej areureun bari ningali ka laoetan, demi di laoetan eukeur aja noe keur lalajaran. Barang Langen Sari ningal geuat njaoer ka raina, pokna : „Njai, itoe naon ngambang di laoetan ?"

Tembalna Soemoer Bandoeng : „lain naon-naon, engkang, eta teh parahoe."

„Aja noe ngeusian ta euweuh ?"

Saoerna Soemoer Bandoeng : „atoeh aja pisan, eta teh noe ngeusian djelema teu boga nagara, djadi oerang laoetan bae."

„Saha, soegan Njai, apal ngaranna ?"

Tembalna Soemoer Bandoeng : „djenenganana Raden Gangsa Wajang, ari adina istri ngaran Nji Salasa Wajang."

Pokna Langen Sari : „atoeh soekoer, Njai, boa teuing doeloer oerang oge aja di dinja akang Rangga Wajang. Perkara ajeuna akang arek netelakeun ka kapal aja henteuna, koe Njai dagoan bae di dieu."

Djawabna Soemoer Bandoeng : „kaoela mah hajang reudjeung bae, da keueung di dieu tinggal sorangan."

Pokna Langen Sari : „montong teuing ngiloe, Njai, da akang ge henteu lila."

Mangga bae, engkang, ari henteu lila."

Pok deui Langen Sari : „Njai, akang mere pintonan : di mana aja koleangkak disada loehoereun Njai, geus tangtoe jen akang kasamboet koe oerang laoetan, mangka gantjang Njai koedoe neang."

„Soemangga," djawabna Soemoer Bandoeng.

Langen Sari pek morongkol,
moreat ti mega malang,
djaoeh hamo boeroeng tjoendoek,
anggang hamo boeroeng datang,
learna ka tebeh handap,
troes ka dasar ing laoetan,
sarta bisa tjai pamiak,
anggang tina tjai laoetan.

Gantjangna Langen Sari geus soemping ka dasar ing laoet, sarta toeloej bae tjalik dina tjadas gantjar bari ngantosan datangna kapal.

Henteu lila datang kapal laboeh djangkar; ti dinja koe Langen Sari ditjekel djangkarna sarta dieureunkeun.

Barang kapal ngarandeg, Gangsa Wajang ngalahir ka raina, pokna: „naha, eureun koe naon kapal teh? Tjik, Njai, bisi aja badjo ngalalakon badjag ngalalana; geura teang dina padoman."

Toeloej ditingali padoman, ana katingal jen dina dasar ing laoet aja noe njekelan djangkarna, sarta djelemana kasep pisan. Enggalna Nji Salasa Wajang toeloej njaoer ka rakana, pokna: „paingan teuing, engkang, kapal teh eureun, da aja semah di dasar ing laoet sarta kasep."

Gangsa Wajang geuat njaoer ka Rangga Wajang, pokna: „geura teang koe maneh ka dasar ing laoet, bet aja semah, sartana titah ka dieu, lamoen teu daekeun paehan bae, bawa tjeulina djeung ngaranna."

Rangga Wajang toeloej geuat ngaraoe oendoer-oendoerna kana roeaskeun, sarta toeloej ditjawet bari njorenkeun roeasna oendoer-oendoer. Sanggeusna dangdan, toeloej njaoer ka Gangsa Wajang, pokna: „oepama teu beunang dikeureut tjeulina, meureun noe boga tjeuli bae disanggakeun ka dieu."

Tjeuk Gangsa Wajang: „kitoe ge sae."

Rangga Wajang gantjang toeroen ka dasar ing laoet. Ana ditingali semah teh doeloer pribadi, ti dinja mikir sadjeroning manah, pokna: „semah teh koe oerang henteu dek dikitoe-kieu, da poegoeh doeloer sorangan, si Langen Sari, lantjeuk Njai Soemoer Bandoeng."

Rangga Wajang toeloej bae njoempoet kana goeha.

Sigeg Rangga Wajang.

Kotjapkeun noe dina kapal. Njai Salasa Wajang njaoer ka rakana, Raden Gangsa Wajang, pokna: „engkang, geuning, euweuh kang Rangga Wajang dina dasar ing laoet, mangga, pada oerang teang bae."

Gantjangna pada darangdan, toeloej taroeroen ka dasar ing laoet. Barang soemping, Nji Salasa Wajang njaoer ka rakana, pokna: „naha semah teh kasep-kasep teuing, tjing, geura pariksa koe engkang."

Gangsa Wajang geuat mariksa: „ieu semah oerang mana, tas ti mana, mana wani-wani njekel laboeh djangkar kapal kaoela? Sarta kaoela teu gadoeh pikeun pangakoe, ngalemar taja seureuh, langka pinang, salangkoeng teu gadoeh apoe; rek njoegoeh njesep teu aja seuneu, langka bako, salangkoeng teu gadoeh kaoeng. Pangakoe kaoela ngan pentil hiris, roaj ngora, tikoro kotokeun, tjareham hajameun, gehgeran. Geura hajang pok bae nanja ka sampean, sampean oerang mana, mentas ti mana, noe matak aja di dasar ing laoet."

„Sampean nja lemboer matoeh,
nagara mana noe enja,
dajeuh mana anoe heuëuh,
nagri bandjar pamidangan,
lemboer mana noe didjoegdjoeg,
nagri mana dipisedja,
dajeuh mana dipitineung,
saha nja toeang djenengan,

nja pare sabeulah tjaeng,
koemaha nja pisedjaeun,
toetoep djoeroe oempak lintjar,
ajeuna geura waktjakeun,
sing walehkeun koe sampean."

Djawabna Langen Sari: „lemboer ti Bitoeng Woeloeng, nagara ti Koeta Waringin, ari ngaran katelah Langen Sari."

Pok deui Gangsa Wajang: „piwarangan ta karep sorangan ?"

Saoerna Langen Sari: „kaoela ngemban timbalan ti ratoe Koeta Waringin, didaoehan ngadongdon ieu kapal; koe sampean rek dibantjang atawa henteu."

Gangsa Wajang ngawalon bari njentor: „ieu kapal teu didjoeal, lain sabab koe boga oeang, ngan sabab henteu niat."

Pokna Langen Sari: „sakira dek ditoekeurkeun atawa diïndjeumkeun ?"

Ari tjek Gangsa Wajang: „naha Langen Sari teh keukeuh-keukeuh teuing, da lamoen rek meuli teu mawa doeit, niat noekeuran teu mawa pikeun panoekeur. Sigana lamoen kitoe mah, Langen Sari, rek ngarah pati kaoela, pati tea teu dibikeun; tjindekna mah sampean mawa sabraha balad, mawa sabraha gagaman nja rek ngarah pati kaoela, ari pati lawanna koedoe djeung perang".

Langen Sari njewot pokna: „koela mah teu mawa balad, teu mawa pakarang, ngan mawa timbalan ratoe bae."

Gangtjangna Gangsa Wajang toeloej matek kerisna bari njaoer: „seug, geura tampanan keris, ieu, ari enja ngarah pati kaoela."

Langen Sari nja kitoe deui geuat matek kerisna, toeloej bae silihtewekan.

Ti dinja keris roeksak, teu pada aja noe teurak. Tjoel keris, der perang silihgaloengan, soeroeng-sinoeroeng di dasar sagara.

Gangsa Wajang kaseundak ka kaler koe Langen Sari; anoe matak pepetek njajeud ka kaler, ka tanah Paparean nja eta tatkala Langen Sari njeundak Gangsa Wajang.

Diseundak ka wetan; noe matak peda loba di wetan, tanah Tji-rebon. Diseundak ka kidoel; noe matak penjoe loba di laoet kidoel. Diseundak malik ngoelon; mana kapiting maboer ka sisi, nja eta tatkala Langen Sari njeundak Gangsa Wajang ka koelon.

Ti dinja bawaning kalilaän teuing perang, Gangsa Wajang ngoemaha ka raina Njai Salasa Wajang, pokna: „koemaha, Njai, akang mah geus weleh nahan paneundjakna si Langen Sari, tjik, ajeuna geura iroet pangawasana koe Njai,

„soegan ipis paradjina,
soegan koerang boedjanggana,
soegan atah keneh tapa."

Gantjang koe Njai Salasa Wajang diseuseup emboen-emboenanana; Langen Sari ngaroempoejoek sarta toeloej ngaloengsar.

Geus kitoe ngentjar soekmana Langen Sari tina kakoeranganana njoeroep kana koleangkak.

Ti dinja koleangkak hiber ka mega malang ka raina Nji Soemoer Bandoeng bari disada: „moen teang! moen teang!"

Soemoer Bandoeng eling kana pintonan rakana, dimana aja koleangkak disada diloehoereunana tangtoe kasamboet perangna.

Gantjang Nji Soemoer Bandoeng njipta salira kana angin leutik toeroen ka dasar ing laoet, sartana Gangsa Wajang teu ningali, koe sabab ingkah ; rasana geus kasamboet Langen Sari.

Barang geus kapanggih, didoedoet ramboetna sakoeren bari nendjrag lemah tiloe kali. Koredjat hoedang deui Raden Langen Sari, toeloej njaoer, pokna : „aeh, Njai, geus lila atawa tatjan ?"

Pokna Soemoer Bandoeng : „kaoela mah geus lila, engkang."

Ti dinja Langen Sari toeloej nangtang deui perang ka Gangsa Wajang ; enggalna der perang deui.

Demi lahirna Nji Salasa Wajang : „naha, noe paeh teh hiroep deui, mana kitoe ge aja doeloerna noe ngahoeripkeun ; tjik, oerang tingali djelmana."

Barang ditingali, tetela jen aja doeloerna, nja eta Nji Soemoer Bandoeng, geuat dioedag koe Nji Salasa Wajang. Ana dioedag, Nji Soemoer Bandoeng loempat ka leuweung nja njoempoet kana kaso.

Ti dinja toeloej dikorehan koe Nji Salasa Wajang ; barang kapanggih der bae dioeleng.

Nji Salasa Wajang njambat ka Iboe dewata, njoehoenkeun ditoeroenan pakarang.

Enggalna koe Iboe dipoeragan tiloe pakarang : hidji bedog, kadoea peso, katiloe pedang. Ana ditelaskeun koe Nji Salasa Wajang ka Nji Soemoer Bandoeng, peso sakali kadoea leungit, bedog kitoe deui, pedang pon nja kitoe deui, ditelaskeun sakali kadoea leungit, njoesoep ka salira Njai Soemoer Bandoeng.

Sanggeus beak pakarang, Nji Salasa Wajang menta dibales.

Soemoer Bandoeng toeloej bae males, ngadjedjek ka Nji Salasa Wajang.

Barang didjedjek Nji Salasa Wajang, ber ngapoeng ka awang-awang, sabab teu koeat nadahan djedjekna Nji Soemoer Bandoeng.

Gantjangna disoesoel koe Nji Soemoer Bandoeng ka mega malang. Ana kapanggih, ditewak Nji Salasa Wajang, diasoepkeun kana pandjara beusi. Pandjara beusi toeloej ditepak ka handap bari ditoetoerkeun koe Nji Soemoer Bandoeng ti pandeuri.

Pandjara ragrag kana Palaboehan boelan, nja eta hoeloe dajeuh nagri Koeta Waringin.

Pandjara ditoenda. Di hoeloe dajeuh, Nji Soemoer Bandoeng malikan rakana noe keur perang di dasar ing laoetan.

Katjaritakeun demi tjahjana Nji Soemoer Bandoeng mah geus ngendong bae di nagara Koeta Waringin, tjahja teh moeroeb mantjoer tapi noe kagoengan tatjan soemping.

Kotjapkeun deui, Nji Soemoer Bandoeng lampahna geus soemping ka dasar ing laoetan, malah njampak noe perang masih keneh bae. Ti dinja Soemoer Bandoeng njaoer ka toeang rakana, pokna : „akang, naha perang teh masih keneh bae, katjek koe awewe, koering mah geus poegoeh toengtoengna. Tjik, atoeh, ajeuna geura elingkeun beunang tapa teh."

Langen Sari eling kana adjianana. Gangsa Wajang toeloej ditjandak dialoeng-

aloengkeun, nja ninggang ka daratan. Enggalna toeloej loempat ka leuweung Raden Gangsa Wajang.

Ti dinja Langen Sari toeloej njaoer ka raina Nji Soemoer Bandoeng, pokna: „Njai, ieu kapal ajeuna geus euweuh noe boga kadjaba ti sorangan, tapi akang dagoan heula, rek neangan kang Rangga Wajang."

Diteangan Rangga Wajang koe Langen Sari di dasar ing laoet, nja kapanggih di djero goeha keur ngadoe oendoer-oendoer.

Ari tjek Langen Sari: „koemaha ajeuna kang Rangga Wajang, rek reudjeung atawa henteu perkara kapal geus djadi milik kaoela."

Saoer Rangga Wajang: „nja soekoer ari kapal geus beunang koe doeloer-doeloer, koe Langen Sari djeung Soemoer Bandoeng, demi akang mah rek miloe reudjeung bae djeung doeloer-doeloer."

Pok deui Langen Sari: „mangga atoeh, oerang taroempak ka kapal."

Djawabna Rangga Wajang bari ngarawoe oendoer-oendoer: „hajoe atoeh."

Tina goeha toeloej arangkat Langen Sari djeung Rangga Wajang, nja soemping ka kapal, toeloej pada taroempak bae.

Kapal dipadjoekeun ka tengah, bari saroekan-soekan, pedah oenggoel perangna.

Sigeg noe saroekan-soekan.

Kotjapkeun Gangsa Wajang, di leuweung amprok djeung djelema doea: noe hidji ngaran Gadjah Hambalang, noe hidji deui ngaran Badak Hambalang sarta bari marawa heurap beusi.

Ari tjek Gangsa Wajang: „sampean marawa heurap beusi keur ngaroengkoep naon?"

Pokna Gadjah Hambalang: „tatjan poegoeh roengkoepeunana, sabab tatjan manggih."

Saoerna Gangsa Wajang: „ari tatjan poegoeh roengkoepeunana mah, koela manggih roengkoepeun, nja eta hidji kapal, sarta aja poetrina geulis kawanti-wanti. Demi engke, lamoen geus beunang karoengkoep, koela kapalna, sampean eusina."

Wangsoelna Gadjah Hambalang: „mangga, tapi koering ajeuna menta ditoedoehkeun di mana ajana."

Tembalna Gangsa Wajang: „soemangga, atoeh oerang boeroe-boeroe ka sisi laoet."

Geus kitoe, toeloej arindit ka sisi laoet. Barang tepi ka sisi laoet, tjek Gangsa Wajang: „tah geuning kapalna, soemangga, geura roengkoep."

Ti dinja kapal toeloej diroengkoep koe Gadjah Hambalang djeung Badak Hambalang; enggalna kapal toeloej ngarandeg teu bisa ladjoe.

Barang kapal ngarandeg, Njai Soemoer Bandoeng ngahoeleng bari pokna: engkang, koe naon jeu kapal lebah dieu wet teu bisaeun madjoe, tjik atoeh, geura teang sababna."

Gantjang Langen Sari kaloear ti djero kapal, sarta naek ka loehoer; nja beh bae katingal tetela aja heurap beusi ngaroengkoepan kapal. Heurap beusi koe Langen Sari toeloej dibebekeun, datang ka djadi doea.

Sanggeus heurap djadi doea, noe ngaroengkoep geuat laloempatan ka leuweung; ana keur meudjeuhna tarik loempatna, ngadak-ngadak kasarimped koe areuj soekoena, nja toeloej laboeh datang ka kaparaehan.

Ti dinja katingali koe Langen Sari, enggalna diboeroe. Sanggeus kaboeroe, toeloej njaoer, pokna: „ieu djelema koemaha, hiroep ta paeh?"

Pokna djelema anoe doea: „koering enggeus paeh."

Saoer Langen Sari: „ajeuna paeh, tapi bet nembalan."

Pok deui noe doea djelema: „noe matak ngawalon paeh, tina sieun koering dipaehan."

Langen Sari pok deui njaoer: „geura haroedang, lamoen hajang hiroep mah; sarta oerang dek nanja, sabab naon noe matak kapal oerang diroengkoep?"

Tembalna doea djelema: „sapanjana tea sanes kapal kagoengan adjengan; demi ajeuna mah koering njanggakeun beuheung teukteukeun, soekoe genteng belokeun; sedja koemawoela ka adjengan."

Saoerna Langen Sari: „hade, lamoen kitoe mah; hajoe, ajeuna oerang ka kapal."

Ti dinja toeloej arangkat sadajana. Barang keur pada laleumpang di tengah-tengah djalan amprok djeung Gangsa Wajang. Enggalna ditjekel koe Langen Sari bari dipariksa, pokna: „Gangsa Wajang, koemaha perkara ajeuna, maneh rek baha atawa rek ngawoela?"

Pokna Gangsa Wajang bari mamandapan: „sedja koemawoela bae."

Enggalna toeloej ngaladjengkeun angkatna Raden Langen Sari sarta taloekan anoe tiloe. Barang nepi ka sisi laoet nja areureun dina handapeun kiara bari ngageroo-gero ka Rangga Wajang djeung Soemoer Bandoeng.

Kotjapkeun noe di djero kapal. Barang ngareungeu jen aja noe ngageroan, toeloej baridjil sarta geuat njampeurkeun ka handapeun kiara.

Langen Sari pok ngalahir ka sadajana: „ajeuna oerang toenda bae di leuwi Tji-sanggiri kapal teh, mangke di mana Njai Soemoer Bandoeng geus kagoengan poetra ti ratoe Koeta Waringin, ieu kapal oerang sampeur, oerang pake lalajaran di dieu saroekan-soekan. Demi ajeuna oerang teroeskeun moelang ka nagara Koeta Waringin, tapi njimpang heula ka nagara Daha, sabab boga keneh bojongan pibatoereun ngawoela."

Tembalna para saderek: „ soemangga, ngiringan bae."

Gantjangna toeloej arangkat sadajana, sarta henteu ditjatoer di djalanna, tjatoerkeun geus soemping ka nagara Daha bae.

Ti dinja Langen Sari geuat njaoer ka noe kagoengan nagara, pokna: „Njai Mangprang Wajang, Pati djalak Mangprang, geura temonan ieu kaoela geus datang."

Barang katingali koe Nji Mangprang Wajang geuat diboeroe bari njaoer: „engkang mangga, atoeh tjalik:

„kembang tjalik dina tjepil,
kembang njangsang dina tarang,
da wet bogan kembang djambe,
kamajangan akang soemping."

Toeloej pada tjaralik di paseban, sarta dikoempoelkeun para taloekan-taloekan: tjalikna istri pada istri, pameget pada pameget, bari dihoermat-hoermat koe Nji Mas

Mangprang Wajang ; disoegoehan saneskanten katoeangan anoe sarae sareng noe raraos.

Sanggeus ngareureuhkeun tjapena, Langen Sari toeloej njarios ka toeang rakana Raden Rangga Wajang, pokna: „akang, ari tjek timbalan mah, kaoela koedoe djagrag ponggawa dalapan kasalapan loeloegoe. Tjik, geura mangga koe akang dibilang; lamoenna leuih akang pinjoetateun, lamoenna koerang, akang noe pinambaheun."

Rangga Wajang toeloej ngadjoemblah noe baris ngawoela ka nagara Koeta Waringin: hidji Rangga Siloeman, doea Rangga Tjampaka, tiloe Pati Djalak Mangprang, opat Gadjah Hambalang, lima Badak Hambalang, genep Gangsa Wajang, toedjoeh noe keur milang, kadalapan loeloegoe nja adi Langen Sari.

Gantjangna Rangga Wajang toeloej nanja ka djelema anoe genep, pokna: „tjik, ka sadaja bae, soegan aja papanggihan noe longger di nagara batoer, pikeun ngadjedjegan ieu kakoeranganana."

Aja hidji noe ngawalon, nja eta Pati Djalak Mangprang, pokna: „aja, nja eta nagara Pakoe roetjoekan Beusi, djenengan Raden Soetra Panandoer Wajang, malah kagoengan saderek istri, djenengan Njai Mas Soetra Kembang Padma Larang."

Pok deui Rangga Wajang: „tah, lamoen kitoe, tjik, saha noe sanggoep naloekeun?"

Djawabna noe genep djelema: „henteu sanggoep, koering mah soeka dikorombongan bae."

Saoerna Gangsa Wajang: „beu, ari kitoe mah, tamiang meulit ka bitis, katempoeh diri sorangan."

Ti dinja Rangga Wajang toeloej njaoer ka raina sakalian, pokna: „Langen Sari, Soemoer Bandoeng, akang amit rek njiar pidjedjeganeun ka nagara Pakoe roetjoekan Beusi".

Pokna Nji Soemoer Bandoeng:

„kirim koering kembang boelan,
kirim koering kembang taoen,
kembang sagala dongdoman,
kembang kopi aloem aking,
bisi akang meunang boelan,
bisi akang meunang taoen,
oelah salah nja dongdonan,
soepaja poelang ka koering."

Enggalna Rangga Wajang toeloej dangdan ; njoren roeas oendoer-oendoer, njorendang kantong, nanggoeng tjalongtjong awad-awad hajamna leupas, bari kebat mangkat.

Teu kotjap didjalanna, kotjapkeun geus soemping ka nagara Pakoe roetjoekan Beusi.

Barang geus soemping ka nagara Pakoe roetjoekan Beusi, Rangga Wajang ngersakeun ngaganti roepa ; les roepa Rangga Wajang timboel roepa aki-aki; nja toeloej ka paseban.

Ti dinja kapanggih koe si Lengser panakawan kakasih ratoe. Enggalna aki-aki toeloej disebakeun ka pajoenan ratoe, nja eta Raden Soetra Panandoer Wajang.

Gantjangna toeloej dipariksa koe Soetra Panandoer Wajang, pokna: „tjoba aki, ngomong sing enja, lamoen lemboer, lemboer mana, nagara mana djeung saha aki nja ngaran?"

Demi walonna aki-aki: „djisim koering mah lain ti nagara mana-mana, nja eta ti lemboer leutik, katelah lemboer Bodjong Eurih; ari ngaran katelah Aki Moksel."

Saoerna Soetra Panandoer Wajang: „aki, poeroen ta henteu tjitjing di aing, atawa emboeng?"

Pokna aki-aki: „kabeh-kabeh, sedja rek koemawoela."

Ti dinja aki-aki ditjandak ka boemi. Barang soemping, geuat njaoer ka raina Nji Mas Soetra Kembang Padma Larang, pokna: „Njai, ieu akang meunang piboedjangeun aki-aki, katelahna Aki Moksel."

Nji Soetra Kembang Padma Larang malikkeun saoer, pokna: „engkang, pariksa mangka tetela, bisi ngagelo ka oerang, bisina aki ngadodja ngarantjana."

Saoerna toeang raka Raden Soetra Panandoer Wajang: „geus tetela, Njai, djalma ti Bodjong Eurih, sarta lain rek ngadodja ngarantjana; malah koe akang oge ajeuna rek dititah ngarit."

Tjek Nji Soetra Kembang Padma Larang: „atoeh mangga bae."

Toeloej aki-aki dititah ngarit; ana pek ngarit lain ngarit djoekoet, sirit koeda noe diarit, atoeh koeda teh toeloej paeh.

Dititah deui ngala tjai; lodong diasoepan tjaroeloek, atoeh tjaina djadi ateul, geus bae teu kapake.

Ana dititah ngored, kakajonan ditoegaran, mani datang ka tjaäng nagara teh.

Dina hidji waktoe Soetra Panandoer Wajang djeung raina Njai Mas Kembang Padma Larang ka tjai anoe rada tebih meuëusan ti boemi, sarta Aki Moksel dipiwarang toenggoe dapoer.

Barang enggeus pada arangkat noe ka tjai, aki-aki toeloej ngaroesak hawoe, didaroepakan datang ka raroentoeh hawoe dapoer. Los ka boemi, nja maheuman sangoe, beak doea said, datang ka kamerekaän; ari noe sasaid deui diawoer-awoerkeun ka tengah boemi mani ngalantrak. Toeloej ngising di pipir pangkoeleman; sanggeus ngising, toeloej kekedengan dirandjang pakoeleman, toer henteu tjetjewok-tjetjewok atjan.

Ana geus kekedengan goera-giroe toeroen sieun kaperego. Seug bae ka pipir dapoer ngadoe oendoer-oendoer, awad-awad teu asoep ka boemi.

Gantjangna noe tas sariram saroemping; nja ngaroris ka dapoer, hawoe roentoeh; los ka boemi said ngalajah di tengah imah; los ka enggon sare ngambeu tai, ana ditingal pipir enggon ngadoengkoek tai.

Sigeg noe keur ngaroris.

Kotjapkeun Aki Moksel les leungit, timboel Rangga Wajang, sarta toeloej matek adji pangnjirepan, disirep Soetra Panandoer Wajang djeung Nji Padma Larang sarta menak koeringna, kabeh geus djempe pada sarare.

Ti dinja Rangga Wajang toeloej bae soep ka djero boemi, nja njampak Nji Soetra Kembang Padma Larang keur sare tibra. Enggalna toeloej bae ditjandak diasoepkeun kana djero kandoengan, toeloej dibawa ngapoeng, sarta djalanna mabras kana kampig.

Sorolok bioer nja ngapoeng,
basana ngapoeng ka manggoeng,
basana ngapak ka awang,
ngapoeng sataradjoe djaoeh,
ngapak saparentang anggang,
lear sor ka tebeh handap.

Gangtjangna geus soemping ka nagara Daha, sarta toeloej diserenkeun ka raina Njai Soemoer Bandoeng. Demi pokna Rangga Wajang: „Njai, ieu akang njerenkeun pibatoereun ti nagara Pakoe roetjoekan Beusi djenengan Njai Soetra Kembang Padma Larang.

Toeloej ditarima koe Nji Soemoer Bandoeng sartana diakoe dihade-hade.

Sigeg Nji Soetra Kembang Padma Larang.

Kotjapkeun di nagara Pakoe roetjoekan Beusi, nja eta Raden Soetra Panandoer Wajang sabalad-balad, atanapi koeringna geus pada njararing kabeh.

Ti dinja Soetra Panandoer Wajang njaoer ka raina Njai Soetra Kembang Padma Larang, tapi weleh teu nembalan; ana diteang geus euweuh, Aki Moksel nja kitoe deui geus euweuh.

Soetra Panandoer Wajang ngalahir dina mamanahan, pokna: „beu, ieu teu salah deui, tangtoe Aki Moksel anoe boga lalampahan, tjik, ajeuna oerang soesoel ka nagara Daha, soegan aja."

Enggalna angkat ka nagara Daha. Barang soemping geus disampakkeun ponggawa opat anoe mapagkeun perang.

Gantjangna der bae perang Raden Soetra Panandoer Wajang sareng ponggawa anoe opat. Tapi eta pongawa teu koeat ngalawan perangna, toeloej laloempatan.

Nja ana madjeng Raden Langen Sari, der perang deui rame pisan. Toengtoengna Soetra Panandoer Wajang kasamboet.

Ari tjeuk Langen Sari: „koemaha, sia ajeuna rek baha atawa rek ngawoela?"

Djawabna Soetra Panandoer Wajang: „sedja njanggakeun diri, roemasa geus kawon djoeritna."

Ti dinja Langen Sari toeloej njaoer ka sadajana, pokna: „wireh ajeuna geus djedjeg ponggawa, soemangga, ajeuna oerang boedal ka nagara Koeta Waringin."

Tembalna praponggawa: „soemangga, ngiringan bae."

Sanggeus kitoe, toeloej pada darangdan, ladjeng boedal ti nagara Daha sadajana sarawoeh eusi nagara, ngadjoegdjoeg ka nagara Koeta Waringin.

Teu kotjap di djalanna.

Kotjapkeun geus datang ka nagara Koeta Waringin, enggalna toeloej sakabeh ponggawa pada saroekan-soekan; dahar, ngaleuëut, ngalemar sarta njesep.

Oerang toenda.

# C.

## TJARITANA

# NJAI SOEMOER BANDOENG,

## NOE DIGARWAÄN

## KOE

# PRABOE GOEROE GANTANGAN

## RATOE PADJADJARAN.

Kawarnaha kang djoemeneng ratoe Padjadjaran, djenenganana Praboe Sena Pakoean Menak oerang Padjadjaran Praboe Goeroe Gantangan, ngadaoeh ka papatih dalapan poeloeh: „ajeuna koedoe nakol bende di paseban ngoempoelkeun ponggawa-ponggawa kabeh, krana kami dek miwarang ngalamar ka nagara Bitoeng Woeloeng, ka Njai Soemoer Bandoeng, saderekna Koeda Pati Langen Sari, katjeloek ka awoen-awoen, kakotjap ka djanaprija tina kaäloesanana."

Sakitoe daoehan ratoe.

Oendjoekan papatih dalapan poeloeh: „noen, goesti Goeroe, sembaheun, hatoer soemangga; toetas daoeh gamparan, abdi hatoer amit, kaoelanoen."

Toeloej indit papatih dalapan poeloeh ka paseban nakol bende ngoempoelkeun parasaderek sadajana, rehna aja daoehan kangdjeng ratoe sakitoe.

„Ajeuna oerang koedoe iang ka nagara Bitoeng Woeloeng, sakitoe daoehan ratoe."

Oendjoekan parasaderek sadajana pisan: „abdi-abdi kabeh teu aja noe saranggoep iang ka nagara Bitoeng Woeloeng."

Barang ti dinja papatih dalapan poeloeh oendjoekan deui ka goesti: „abdi-abdi njanggakeun beuheung teukteukeun, soekoe genteng belokeun, rehna henteu aja noe werat iang ka nagara Bitoeng Woeloeng."

Katjarios djenenganna Njai Raden Atji Kembang Majang Soenda, saderekna ratoe praboe, oendjoekan ka rakana: „noen, kangdjeng raka, awon teu kapioendjoek

(1) *Djanaprija* is bekend uit de Javaansche *wangsalan* en beteekent: beroemd en vermaard. Sanskrit *djanaprija* van de menschen bemind. Zie: Jav. Nederd. Wdb. i. v. *djanaprija*.

HET VERHAAL VAN

# NJAI SOEMOER BANDOENG

DIE TOT GEMALINNE GENOMEN WERD

DOOR

## PRABOE GOEROE GANTANGAN

VORST VAN PADJADJARAN.

---

Er wordt verhaald, dat de doorluchtige vorst van Padjadjaran, genaamd Praboe Sena Pakoean Menak oerang Padjadjaran Praboe Goeroe Gantangan, (1) zijnen tachtig *patih's* beval: „thans moet het bekken in de vergaderzaal geslagen ter oproeping van alle *ponggawa's*, daar wij een bode naar het land Bitoeng Woeloeng wenschen te bescheiden tot werving om de hand van Njai Soemoer Bandoeng, de zuster van Koeda Pati Langen Sari, befaamd tot aan het uitspansel en op aller lippen zwevend wegens hare schoonheid."

Dus luidde de koninklijke opdracht.

De tachtig *patih's* antwoordden: „goed, heere Goeroe, te eerbiedigen, wij aanvaarden den last; heeft onze gebieder uitgesproken, dan vragen wij ons afscheid."

Daarop vertrokken de tachtig *patih's* naar de ontvangzaal ten einde het bekken te slaan tot het doen samenkomen van alle onderhoorigen, naardien des verhevenen begeer zoo gebood.

„Er moet nu naar Bitoeng Woeloeng gegaan worden, aldus is 's konings bevel."

Alle onderhoorigen, geen uitgezonderd, verklaarden: „niemand der dienstbaren neemt op zich, naar Bitoeng Woeloeng te gaan."

Deswegen deden de tachtig *patih's* den koning weder kond: „we bieden den hals ter afsnijding en de enkels tot sluiting in het blok, dewijl er geen is, die het aandurft naar Bitoeng Woeloeng afgevaardigd te worden."

Men vertelt, dat Njai Raden Atji Kembang Majang Soenda, zuster des konings, tot haren broeder zeide: „met uw verlof, doorluchtige oudere broeder, het moge

(1) De eerste deelen van den naam zijn eigenlijk titels en kunnen vertaald worden met: Grootvorst van Pakoean, – de hoofdstad van Padjadjaran – Edele der Padjadjaransche ridderschap.

eta, aja aki-aki tapa dina (1) kolong papanggoengan. Tjoba, koe kangdjeng raka dipiwarang iang ka nagara Bitoeng Woeloeng, tangtoe daekeun. Tapi poma pisan oelah dipaparin panganggo, koe andjeun, poen Lengser bae maparinkeun panganggo, kandjeng raka, noen."

Ngadaoeh praboe Sena Pakoean: „aki, maneh ka dieu."

Indit eta aki-aki, rehna disaoer koe ratoe, sarta djaroegdjag-djarigdjeug.

Matana kawas tjika-tjika dina liang kitjeupna, kari hidji deui; toeloej ka aloen-aloen djalanna bari kondang iteuk.

Ari datang ka pangtjalikan ratoe, aki teh toeloej njembah barina mando; kitoe ge nangankeun maneh.

Ngadaoeh ratoe praboe: „aki, ditjaloekan teh koe dewek dititah ka nagara Bitoeng Woeloeng, panglamarkeun ka Njai Soemoer Bandoeng, saderekna Koeda Pati Langen Sari, sarta maneh koe dewek nitah dibere pakean anoe araloes; eta awewe koedoe beunang koe maneh, aki."

Oendjoekan aki-aki: „hatoer soemangga ari dikersakeun koe ratoe mah, oelah bon beurang peuting, sedja koemawoela poen aki, noen."

Ti dinja aki-aki toeloej njembah barina indit, toeloej ka aloen-aloen.

Ari datang ka aloen-aloen, aki-aki teh kersana ngagedogkeun salira; nja eta djenenganana Koeda Pati Langen Sari ngadjadikeun aki-aki tapa dina kolong papanggoengan eukeur neangan pitjarogeëun raina Njai Soemoer Bandoeng. Ari geus meunang praboe Sena Pakoean, menak oerang Padjadjaran, sedjana moelih ka nagara Bitoeng Woeloeng.

Teu ditjarioskeun di djalanna mah.

Katjarios noe tjalik di nagara Bitoeng Woeloeng, djenenganana Njai Raden Soemoer Bandoeng.

Saraoeh eusi boemina, istri pameget, pada ngadeuheusan kabeh keur ngantosan rakana Koeda Pati Langen Sari, geus sapirang-pirang alam teu soemping ka nagara.

Barang ti dinja soemping ka nagara Bitoeng Woeloeng.

Ana soemping, teu diakoe koe Njai Soemoer Bandoeng, sabab sieun kabobodo bawaning koe kalawasan.

Ari geus maehan ingon-ingon mah, tiwoean sakembaran, djeung siram dina djero kendi, kakara dek diakoe saderek koe Njai Soemoer Bandoeng.

Ari geus kitoe, ngalahir rakana Koeda Pati Langen Sari: „Njai Emoer, (2) kakang teh geus meunang pitjarogeëun Njai, djenenganna Praboe Sena Pakoean, menak oerang Padjadjaran; ajeuna, Njai djeung kakang, oerang iang ka Padjadjaran."

(1) In verband met het hedendaagsche spraakgebruik, dat *dina* slechts voor op, binnen een kleine ruimte en *di* in denzelfden zin voor grootere uitgestrektheden bezigt, zou men hier *di* verwachten. Oudtijds werd *dina* echter ook in laatstgenoemde beteekenis genomen, getuige het slot van den steen te Kawali: *pakeun heubeul djaja dina boeana*, opdat zij lang blijvend overwinnaars zijn in de wereld.

(2) Vriendelijke afkorting van den naam: Soemoer.

niet nagelaten blijven, het feit te melden, dat er een grijsaard onder den schouwkoepel boete doet. Welaan hij worde door uwe hoogheid naar Bitoeng Woeloeng gezonden, gewis wil hij. Doch geef hem vooral zelf gen kleed, Lengser ([1]) maar geve hem een gewaad, doorluchtige broeder"

„Herwaarts gij, oude!" beval Pakoean's oppervorst.

De grijsaard stond op, daar hij door den koning ontboden werd, strompelend en wankelend.

Zijn oogen waren gelijk vuurvliegjes in de kassen, als hadde hij nog één oogwenk (slechtste te leven) ([2]); dan schreed hij naar het hofplein, steunend op een stok.

Bij den koninklijken troon gekomen, maakte hij de *sembah* en zette zich eerbiedig; daartoe zelfs moest hij zich vermannen.

„Oude", dus de koning, „je bent door mij geroepen om naar Bitoeng Woeloeng gestuurd te worden, tot het doen van aanzoek bij Njai Soemoer Bandoeng, de zuster van Koeda Pati Langen Sari; met fraaie kleederen zal ik je doen begiftigen; die vrouw moet door je verkregen worden, oude."

Eerbiedig antwoordde de grijsaard: „gelijk door uwe majesteit verlangd wordt, laat staan des daags, zelfs des nachts, zal de oude tot uwen dienst bereid zijn."

Daarna groette de grijsaard onderdanig, stond op en ging naar het hofplein.

Aldaar gekomen, verlangde hij zijn wezen af te schudden; hij toch was Koeda Pati Langen Sari, boeteling onder den schouwkoepel geworden op den zoek naar een echtgenoot voor zijne zuster Njai Soemoer Bandoeng. Nu hij daartoe den oppervorst van Pakoean, den edele van Padjadjaran gevonden had, wenschte hij naar Bitoeng Woeloeng terug te keeren.

Van zijn reis wordt niet gesproken.

Wij verhalen van haar, die in Bitoeng Woeloeng gevestigd is, met name Njai Soemoer Bandoeng.

Hare huisgenooten, vrouwen en mannen al te gader, maakten hunne opwachting bij haar en gezamenlijk verbeidden zij haren broeder, die sedert onheuglijken tijd het land niet betreden had.

Hij is in Bitoeng Woeloeng aangekomen.

Bij zijn verschijnen, werd hij door Njai Soemoer Bandoeng niet erkend, daar zij vreesde bedrogen te zullen uitkomen wegens den langen duur zijner afwezigheid.

Eerst nadat hij haar waakdieren, een paar bijen, doodgeslagen en in een koelkruik gebaad had, ([3]) wilde Njai Soemoer Bandoeng hem als haren broeder erkenen.

Koeda Pati Langen Sari zeide daarop: „juffrouw Emoer, ik heb bereids een gemaal voor je opgespoord, hij is de oppervorst van Pakoean, de edele van Padjadjaran, koning Goeroe Gantangan; nu gaan dus jufje en broer naar Padjadjaran."

---

([1]) Welk ambt voorheen met *lengser* aangeduid werd, is heden vergeten. Vermoedelijk evenwel stemde die betrekking ongeveer overeen met de positie van den huidigen *mantri kaboepaten*. Hoe dit zij, een feit is, dat de *lengser* bijna altijd ingevoerd wordt als toonbeeld van plichtsbetrachting.

Lengser wordt daarop ontboden om inlichtingen te geven. Hij begrijpt onmiddellijk, wie die pandita is, doch wil dit niet zeggen, en praat met allerlei woordspelingen om de zaak heen.

De koning neemt daarmede geen genoegen en beveelt hem den pandita te gaan halen.

Zoodra hij vertrokken is, gebiedt de koning Naganing Roem zich een gouden kom en Dewi Pangrenjep zich een gouden pan zoodanig vóór te binden, dat zij eruit zien alsof zij reeds zeven maanden zwanger zijn; hiermede beoogt hij den pandita op de proef te stellen.

De pandita is niet dadelijk tot komen geneigd; hij belooft echter wel eens 's nachts te zullen verschijnen. Voorshands geeft hij evenwel den Lengser mede: één malati, bloem, één stuk kurkuma en één ui. (1)

Teruggekeerd van zijn tocht, maakt Lengser een *sembah* met zijn voeten en wordt dewegen uitgescholden.

Hij verontschuldigt zich door te zeggen, dat hij zóó hard geloopen heeft, dat zijn lichaam er van onderst boven is gegaan. Verder reutelt hij den koning nog wat voor, ter zake van het medegebrachte geschenk instede van den pandita.

Intusschen maakt laatstgenoemde zich op om naar het hof te gaan; daartoe neemt hij de gestalte van een grijsaard aan en verplaatst zich middels een tooverformulier.

Aangekomen, laat de koning hem naast zich op den vorstelijken zetel plaats nemen en vraagt hem den toestand der koninginnen te duiden. De pandita zegt, dat ieder harer hem een zoon zal schenken.

„Mis, Pandita," zegt ongeveer de koning," want de een draagt een gouden pan en de andere een gouden kom onder heur kleed; die valsche uitspraak zult gij met den dood boeten."

Een poging van den koning om den grijsaard met den kris af te maken, mislukt door de weerspannigheid van dit wapen om zijn oorspronkelijken eigenaar te treffen. Derhalve daagt hij den pandita tot een gevecht uit, hoe lang dit ook moge duren.

De oude man gaat op dit voorstel niet in; waar zijn dood gewenscht wordt, zal hij zelf sterven. Meteen laat hij het hoofd hangen en geeft den geest.

Verbluft, beleidt de koning ongelijk gehad te hebben. Vervolgens slingert hij het lijk naar den Goenoeng Padang, waar het, op het oogenblik dat het den grond raakt, de gedaante aanneemt van de in askese verzonken slang Naga Wiroe.

Dan vat de koning den gouden pan en dezen wegwerpend, spreekt hij: „indien deze nedervalt in zee, zal die plek tot in het late nageslacht Poelo Kawali heeten, valt hij op aarde Tanah Kawali."

Het laatste gebeurt, vandaar dat nog heden in Galoeh een desa Kawali wordt aangetroffen.

Daarna slingert hij den kom van zich, welke neder kwam te Padang op Soematra; dies is het, dat ter plaatse zooveel goud gevonden wordt.

---

(1) Hiermede antecipeert hij op de bevalling der koninginnen, aangezien de malati dient tot betten der oogen, de kurkuma tot onderlaag voor het doorsnijden van den navelstreng en de ui tot het afvrijven der lippen van een pasgeboren kind.

## VOORWOORD.

Op Dinsdag, 14 Rajagoeng, bij het aanbreken van den dag, beviel Dewi Pangrenjep, bijgestaan door de vroedvrouw Nini Margasari van een zoon. In overleg met de oudsten werd hij Aria Banga geheeten; luisterrijk wordt het geboortefeest.

Naganing Roem's tijd was echter nog niet gekomen en verwonderd daarover, ging de koning zelf op kondschap tot haar.

Inderdaad het was aldus; hij troostte haar en verzocht haar hem de haren te reinigen, onder welke bezigheid de koning met het hoofd in heur schoot in slaap viel.

Middelerwijl kwam ongezien de geest van den pandita tot haar en in heur nog ongeboren kind varend, deed hij dit spreken en verschillende verwijten tot den koning richten over diens onheusch gedrag jegens den pandita.

Ontstemd daarover, vraagt de vorst der koningin of zij gepraat heeft? Het antwoord luidt ontkennend, gelijk dat van den Lengser, die daarna gehoord wordt, maar toch verbloemd te kennen geeft, dat de stem uit Naganing Roem's ingewand klinkt.

Dit gaat boven 's koning's bevatting; derhalve worden de droomuitleggers ontboden.

Noch zij, noch de hofgrooten vermogen iets ter zake op te helderen met uitzondering van een jongen *mantri*, Banjak Loemanglang geheeten. Zijn uitleg wordt echter niet begrepen.

Daarom neemt men zijn toevlucht tot den Jaksa Mahajoeta, een reus van 250 *gas* lengte. Deze doorziet den onbenulligen vorst en voorspelt hem zijn val door Naganing Roem's spruit. Derhalve gaat de koning andermaal tot haar, breekt alle verdere betrekkingen met haar af, en verbiedt haar hem als vader van het te verwachten kind te beschouwen, zoomede dat dit hem vader zal noemen.

Dan beveelt, hij, tot Dewi Pangrenjep gegaan, deze een mandje te nemen en zoodra het tijdstip der bevalling van haar medevrouw daar is, Naganing Roem's oogen en ooren met was dicht te smeren, waarna zij, als het kind geboren is, dit in het mandje met de Tji-tandoej moet laten afdrijven.

Stiptelijk voert Dewi Pangrenjep een en ander op den dag der geboorte van het kind uit en maakt daarna Naganing Roem wijs, dat zij een hondje het leven heeft gegeven.

Het mandje drijft den stroom af, doch raakt vast bij Sapoe angin. Dit ziet een aldaar vertoevend kluizenaar, die zijn bovennatuurlijk vermogen toepast om de Tji-tandoej te doen rijzen, waarna hij de gestalte van een witten krokodil aanneemt en het mandje verder geleidt.

Waar bekend is, dat Naganing Roem's medevrouw haar bij hare bevalling heeft bijgestaan, vindt de zonderlinge geboorte van het hondje ver van algemeen geloof.

Naganing Roem weet echter niet beter, is ontroostbaar, en beveelt Lengser, den koning de droeve zaak te gaan mededeelen.

Lengser zal die opdracht uitvoeren, doch durft, vóór den koning verschenen, niet te spreken. Daar komt echter Dewi Pangrenjep tot haar gemaal en helpt met

een omstandigen leugen ter zake van Naganing Roem's zonderlinge verlossing, den Lengser uit den nood.

Niettemin vraagt de koning hem de bevestiging der mededeeling, waarop hij voorwendt eensklaps door achterlast overvallen te worden en mitsdien verlof vraagt zich te mogen verwijderen.

In uiterst platte bewoordingen staat de koning hem zulks toe.

Lengser af; nauw vertrokken vervalt hij in gepeinzen.

Het slot is dat ook hij, die door second sight eveneens alles weet, zal bevestigen, dat Naganing Roem van een hondje beviel.

Zoo dan keert hij tot den koning terug, die hem opdraagt, Naganing Roem te dooden en vervolgens haar hoofd in te leveren.

Dien uitslag heeft hij niet verwacht; de leepe kerel vindt echter ook nu een uitweg.

Schoon Naganing Roem bij het vernemen der koninklijke boodschap, onmiddelijk bereid is te sterven, laat zij zich bepraten, zich in boetedoening af te zonderen.

Blijft dus voor den Lengser de moeilijkheid, zonder haar hoofd vóór zijn heer te verschijnen.

Houthakkers, die brandhout vervoeren, geven hem een denkbeeld. Hij ijlt tot den koning en begroet hem andermaal met de voeten.

Deze verlangt den kop; Lengser vertelt van de houthalers.

Toornig geworden, bedreigt de vorst ook hem met den dood, doch Lengser redt zich door 's konings nieuwsgierigheid gaande te maken met hem te verhalen, dat het hout voor de spoken te Bodjong Galoeh bestemd was, en fabelt verder over dezen, zoodat hem door den koning gevraagd wordt: „wat zeiden zij?"

Lengser: „wij vragen merg, wij vragen merpijpen,
wij vragen aderen, wij vragen vliezen,
wij vragen vleesch en bloed,
wij vragen huid en haren."

„Dus klonk het, terwijl ik het hoofd en het hart reinigde. Daar de spoken vervolgens een aanslag op mij deden, liet ik beiden in den steek en vluchtte."

„Laat dan dien kop van Naganing Roem maar waaien, je mag nog van geluk spreken, er heelhuids afgekomen te zijn."

Vervolgens krijgt de Lengser opdracht het geboortefeest voor Aria Banga te regelen.

Keeren wij thans terug tot hem, die onder de hoede van den krokodil wegdreef.

Bovenstrooms van Sapoe angin, in de kolk Sipatahoenan, hadden twee oudjes van Kali poetjang, Aki Balagantrang en Nini Balagantrang geheeten, omdat hun echt steeds kinderloos was gebleven, een fuik geplaatst.

Toen de oude vrouw de Tji-tandoej zóó geweldig stijgen zag, werd zij bevreesd dat de fuik zou worden weggevoerd en zeide derhalve tot haar man: „kijk eris, Aki, wat wordt het water vreeselijk hoog, wat moeten we doen, als we de fuik niet meer zien en deze wordt weggesleept?"

A. „Laat er gaan, Nini."

N. „Hoe komt 't water toch zoo te wassen?"

A. „Omdat 't hoog water wordt."

N. „Geen flauwiteiten, Aki,..... laat ons liever naar ons dorp terugkeeren."

A. Kleed je dan aan, Nini."

Zoo deed zij en ook haar man stak zich in het pak.

Aangekomen te Kali poetjang, riep Aki uit: „wel, heb ik van mijn leven, Nini, dit is ons dorp."

N. „Inderdaad; kom, Aki, waar we er nu toch zijn, laat ons het zweeten blusschen en de vermoeienis genezen, door stil te houden en te gaan slapen."

A. „Goed, Nini, dan ga jij met je hoofd naar het zuiden liggen en ik met 't mijne naar het noorden."

N. „Foei, Aki, net als *paraj*, die gestoofd wordt."

A. „Dan maar met de hoofden naast elkaar, dat is meteen warm."

Voort legden beide oudjes zich ter ruste.

Inmiddels dreef het mandje met den knaap in de fuik.

Nini droomde daarop dat zij de zon zag, terwijl zij met de maan in haar schoot zat; Aki, dat op den bodem der rivier een schijnsel schitterde ter grootte van een pompoen.

Wakker geworden, bespraken zij het visioen en kwamen tot het besluit, dat dit hun voordeel voorspelde middels de fuik.

Daarom zeide het vrouwtje: „gaan wij dan naar de fuik, Aki."

A. „'t Is zoo donker, Nini, daar 't nu nacht is."

N. „Dat doet er niet toe; we nemen een fakkel mee."

A. „En 't is zoo glad, want 't regent."

N. „Dan maar een stok genomen."

A. „Goed, Nini, laten we ons aankleeden,"

Middernacht vertrokken zij en bij de fuik gekomen, ontwaarden zij daarin het mandje.

N. „Wat is dat, Aki, dat zoo groen glinstert?"

A. „Waarschijnlijk de oogen van een kat, Nini."

N. „O wee, Aki, zou 't, en 't lijkt te vlammen; gauw, bezweer het uit de verte."

A. „Ja, Nini."

Aki sprak: „Welaan, indien ge een spook zijt, vertrek dan,
zoo ge een duivel zijt, ga dan heen,
zijt ge een geest dan moet ge u bewegen,
zijt ge ons ten voordeel dan moet ge u stilhouden."

De krokodil stootte het mandje aan.

A. „Wee ons, Nini, 't is een spook, want 't bewoog."

N. „Ja, Aki, en we gaan terug."

A. „Gauw, Nini, loop jij voorop."

Ze repten zich voort.

Opeens bonsde de grijsaard tegen de oude vrouw aan; beiden vielen en Nini begon te huilen.

N. „Ik verdraai 't, Aki, door jou tegen den grond gebonkt te worden, ik scheid van je, ik geef je de drievoudige verstooting, Aki, want 't is jouw schuld dat ik viel."

A. „Spreek niet zoo, Nini, dat zou je kunnen opbreken; 't is niets gedaan met die verstooting, daartoe heb ik alleen het recht, vraag daarom dus niet, Nini, doch laat ons liever de zaak uitpraten."

N. „Wat valt er uit te praten."

A. „Aan wien de schuld ligt, aan mij dan wel aan jou, ik zeg, Nini, 't is ons beider,"

N. „Hoe kan je zoo iets zeggen?"

A. „Zie eens, Nini, jouw fout was, en daardoor ben je schuldig, dat je voorop loopend te langzaam ging, de mijne en dus is mijn schuld, dat ik achteraankomend te haastig liep, dus hebben wij beiden ongelijk."

N. „Je hebt gelijk, Aki, en daar we 't hier nu over eens zijn, moesten we maar weer naar de fuik gaan kijken, mogelijk hebben wij geluk."

A. „Dan maar weer voorop, Nini."

N. „Dat vertik ik, jij gaat vooraan, ik ben bang voor den duivel."

A. „Achteraan, dan maar."

N. „Achteraan wil ik ook niet uit vrees voor het spook."

A. „Wat wil je dan, Nini?"

N. „Naast elkaar loopen met de armen om elkanders hals."

A. „Dan doen we net alsof we pas getrouwd waren."

N. „Daarom niet, Aki, mijn bedoeling is, dat we, wanneer we naast elkaar gaan, al vallen wij samen of niet, gelijkelijk ondervinden wat ons te wachten staat."

Daarop sloeg de oude man zijn arm om Nini's hals en beiden namen den heupdoek op om snel te kunnen loopen.

Weer kwamen ze aan den waterkant; thans nam de man het mandje uit de fuik, dat bleek van goud te zijn.

Onthust door deze onverwachte vondst en vreezend, dat de onbekende eigenaar het zou komen opeischen, durfden zij niet dadelijk den inhoud na te gaan. Evenmin wilden zij, uit angst voor diefstal, naar hun dorp terugkeeren, daarom trokken zij er mede naar Bodjong Kerenteng, den top van den berg Boender rarang.

Nog niet gerust, klom de oude man in een kopo-boom om den omtrek te verkennen; zoo zag hij dat hij geen gevaar liep, aangezien hij een heel eind van Galih Padjadjaran zoowel als van zijn eigen geboorteland verwijderd was.

Onderwijl was de kopo omgebogen, daarom vervloekte Aki hem.

Alvorens thans het mandje te openen, overlegden zij, hoe zij den daarin vervatten schat zouden besteden. Na een korte, heftige woordenwisseling, verbrak de man eindelijk het slot en vonden de oudjes het knaapje en het ei.

Het kind was vol bloed, daarom verzocht Nini Aki water te gaan halen om het te baden.

Terwijl hij zich daartoe gereed maakte, liet de jongen, die onderwijl door de vrouw op den schoot gehouden werd, zich daarvan afglijden. Zoodra zijn voeten den grond aanraakten, ontsproten ter plaatse twee bronnen, tot groote voldoening van den man, die niets geen lust in 't waterhalen had.

Vervolgens wieschen zij het kind om beurten, waarna Aki het in den kopoboom ging wiegen. Daarna deed dit Nini en zoo beurtelings, al zingend antecipeerend op hetgeen de knaap, als hij eenmaal volwassen zou wezen, moest doen.

Daarna stonden zij op en vertrokken uit vrees dat in Galoeh bekend zou worden, dat zij, die nooit kinderen hadden bezeten, een zoon gekregen hadden, naar het woud Geger Soenten.(1)

Toen zij dit bereikt hadden en het bedtijd geworden was, legden zij hun vondeling te slapen, doch het kind huilde maar en liet zich niet sussen.

Als wonderkind kon de knaap natuurlijk spreken; zoo zeide hij dan eindelijk een dorp te willen grondvesten en gaf daarna voor slaap te hebben, zoodat men ging liggen. Daarop sloeg de knaap de oude lieden met een slaapbezweering, stond op, verhief zich in de lucht, en zweefde tot boven Galih Pakoean.

Aldaar zag hij hoe Aria Banga in de kraton, omgeven door alle grooten des rijks, zich verlustigde met gamelan-spel.

Jaloezie sloop in zijn hart.

Ook zag hij zijn pleegouders rustig slapen en groote dankbaarheid vervulde hem, zoodat hij zijn wondermacht aanwendde en voor hen een prachtig dorp deed ontstaan, waarin hij vervolgens nederdaalde.

Daarna wekte hij de oudjes en toonde hun zijn stichting. Hoogelijk verheugd daarover, verzochten zij hem hun nimmer te verlaten, doch hij zeide, dat dit onmogelijk zou zijn, aangezien hij gedoemd was een zwervend leven te leiden.

„Geef mij echter, Nini," dus sprak hij verder, „een haan of een hen."

Bedroefd gaf de vrouw ten antwoord, dat zij zulk een vogel niet had en viel daarop haar man deswegen hard.

Deze herinnerde zich, dat het ei er nog was, hetwelk de knaap hem verzocht te geven, opdat hij het naar den Goenoeng Padang konde brengen en de slang Naga Wiroe verzoeken het uit te broeden.

Zoo geschiedde; de slang antwoordde tot toestemming op de vragen van den knaap steeds „kok"; er moest een wonderhaan uit voortkomen.

Dan keerde de knaap naar Geger Soenten terug, deed verslag van zijn wedervaren en na andermaal zijn slaapmiddel aangewend te hebben, vroeg hij om een blaasroer.

Daartoe moest Aki eerst bamboe gaan zoeken; hij vond deze pas na de ge-

(1) Volgens de overlevering stond dit ter plaatse van de huidige kinaonderneming Tjikapoendoeng.

heele Preanger in één dag, dank zij een *djampe*, doorkruist te hebben.

Na de bamboe, den knaap, die daarvan zelf het blaasroer maken wilde, ter hand gesteld te hebben, vroeg deze nog om een weitasch. Ook dit voorwerp vlochten hem de oude lieden; de tasch werd genaamd: „Nijgende dag."

Thans moest het jachttuig beproefd worden. Aki en hij gingen daartoe boschwaarts en zagen een *tjioeng* (beo), zoomede een *wanara* (aap).

De knaap verbood deze dieren te schieten, daar hij zich naar hen noemen wilde. De oude man vond het goed en zoo kreeg zijn pleegzoon den naam van Tjioeng Wanara.

Alsnu verzocht hij den grijsaard hem zijn ouders te noemen en thans openbaarde hem Aki Balagantrang, dat deze Naganing Roem en de voormalige koning van Galih Pakoean waren.

Thuis gekomen, vertrok Tjioeng Wanara naar den Goenoeng Padang om naar zijn haan te vragen en ziet, deze was onderwijl geboren met de verlangde eigenschappen. Daarop nam hij met den vogel den terugweg aan en vertrouwde het hoen voorloopig aan de goede zorgen van zijn pleegvader toe.

Verplaatsen wij ons naar Bodjong Galoeh om te zien, dat Aria Banga daar hanengevechten houdt, omstuwd door de edelen en onder begeleiding van gamelan's.

Derwaarts trekt weldra ook Tjioeng Wanara om aan de wedstrijden deel te nemen.

Tij Galih Pakoean gekomen, ziet hij echter den Jaksa Mahajoeta met twee makkers aan de poort wacht houden.

Het tweehonderd vijftig *gas* lange gedrocht zegt: „haha, wat riekt het naar een mensch, zoo ik hem te zien krijg, eet ik hem op; dat hij zich dus niet vertoont."

Zijn medewachters trachten het monster in te toomen, doch tevergeefs; „sinds lang vrat ik geen mensch, wie ook langs komt, ik vreet 'm op."

Tjioeng Wanara, onheil vreezend, maakt zich onzichtbaar en komt aldus binnen de stad. Dan gaat hij naar de markt.

Daar stuift een oude vrouw op hem af: „dit is mijn kleinkind, dat terugkwam; ik wist 't wel, dat 't te avond of morgen komen zou, daar ik 't zoo droomde.

De vrouw loog en op haar vraag, hoe hij heette, gaf Tjioeng Wanara op: Ki Bagoes Langka. Toch volgde hij haar naar haar woning en gaf het verlangen te kennen, hanen te laten vechten.

Nu wilde het geval, dat deze vrouw een haan des konings van 200 Spaansche matten in bewaring had; hij werd gehaald en door Tjioeng Wanara's haan gedood.

De vrouw jammerde, dat hij hem vergoeden moest, doch had vijftig realen aan den winnaar te betalen.

Thans zal Tjioeng Wanara naar de koninklijke kampplaats gaan. Aangezien hij echter niet weet, wanneer er gestreden wordt, gaat hij eerst naar de aloenaloen en neemt aldaar de gestalte van een haveloozen knaap aan. Ook een mingunstige gedaanteverwisseling doet hij zijn vechthaan ondergaan en daarna zet

hij zich onder een der geschoren waringin's in afwachting van de komende dingen.

Twee jonkers gaan daar aan hem voorbij en vragen hem naar zijn afkomst. Waar hij hen voor den gek houdt, willen ze Tjioeng Wanara te lijf, doch deze verdwijnt. Derhalve vervolgen de jonkers hun weg en beklagen zich bij hun vader.

Deze zendt aanstonds eenige gewapenden om den haveloozen knaap op te vatten, maar als zij op de aloen-aloen komen, treffen zij er wel een jonkman aan, doch het gezochte schooiertje niet.

De edelman laat het voorval den koning berichten, die onverwijld den Lengser op kondschap uitstuurt.

Lengser zoekt overal, doch te vergeefs; deswegen neemt hij een berekening te baat, die aanwijst dat de jongen onder den geschoren waringin vertoeft; tegelijkertijd komt hij tot het bewustzijn dat deze Naganing Roem's zoon moet wezen.

Inmiddels komen twee Patih's, tweelingbroeders, op weg naar de vechtbaan langs Tjioeng Wanara, die hen voor 't lapje houdt. Nochtans nemen zij dit goed op en prijzen zijn mooien haan.

Tjioeng Wanara stelt hun dus een gevecht voor, hetwelk zij aannemen; zijn haan blijft overwinnaar.

Ontstemd daarvoor, willen de Patih's de hand aan den knaap slaan, doch ook nu verdwijnt deze.

Eenige oogenblikken later vindt hem de Lengser, die Tjioeng Wanara vriendelijk toespreekt en op gelijke wijze door hem bescheid gedaan wordt. Tjioeng Wanara volgt hem naar de troonzaal.

Aldaar zet hij zich, tot ontrusting van den Lengser, op den vorstelijken zetel, die ineenzakt; vervolgens maakt Tjioeng Wanara de koninklijke legerstede onbruikbaar.

Daarna gaan zij samen naar de vechtbaan, waar Tjioeng Wanara zijn afkomst mitsgaders die van zijn haan den koning verhaalt.

Dewi Pangrenjep hoort het relaas en wordt ongerust, maar de Lengser praat haar de vrees uit het hoofd.

Dan spoedt deze zich naar de vechtbaan terug, waar middelerwijl is overeengekomen dat 's konings haan zich met dien van Tjioeng Wanara zal meten; de helft des rijks is de inzet.

Na een hevingen strijd, legt Tjioeng Wanara's haan het af, doch dan incarneert Naga Wiroe zich daarin en doet 's koning's haan in de volgende ronde sneuvelen.

Hiermede is Tjioeng Wanara's toekomst verzekerd en in plechtige bijeenkomst wordt hij tot vorst over de helft des rijks verheven, terwijl zijnen broeder Aria Banga de andere helft wordt toegewezen.

Daarop doet de koning afstand van de regeering.

Niettemin is Tjioeng Wanara niet voldaan; hij verlangt wraak over het leed zijner moeder aangedaan en voor zichzelf.

Dies besluit hij den koning in een ijzeren kooi te kerkeren, die echter nog vervaardigd moet worden.

Dit uitstel geeft den Lengser de gelegenheid den jongen koning naar zijn moeder te voeren; een hartelijke hereeniging volgt.

Naganing Roem spoort hem nader tot wraaknemen aan.

Alsdan verschijnt Batara Troesna bawa (1), Tjioeng Wanara's grootvader, die hem het noodige voor het maken van de kooi verschaft en gelast deze door den oppersmid te laten smeden, wijl die het daartoe passend formulier bezit.

Troesna bawa keert daarop naar den hemel terug.

Volmaakt kwijt Ki gedeng agoeng zich van zijn taak; de kooi is een wonder van smeedkunst.

Derhalve verlangt de afgetreden koning deze te zien. Eerst beschouwt hij haar van buiten, dan, in gezelschap van Dewi Pangrenjep, van binnen, welke gelegenheid zich Tjioeng Wanara ten nutte maakt om de deur dicht te werpen, waarmede hij zijn doel heeft bereikt.

Verstoord over de gevangenneming van den afgetreden koning, trekt Aria Banga tegen Tjioeng Wanara op. De strijd blijft onbeslist en duurt jaren voort.

Eindelijk besluiten de broeders een overeenkomst aan te gaan en Java te deelen, Aria Banga krijgt de ooster-, Tjioeng Wanara de westerhelft; de Tji-pamali zal de grensscheiding uitmaken. Tevens wordt bepaald, dat de eerste helft zal heeten „Djawa", de laatste „Soenda."

Alvorens naar zijn hoofdstad te gaan, slingert Tjioeng Wanara de ijzeren kooi weg, die te Kandang wesi nederkomt, weshalve die naam.

En dan leidt hij zijn macht naar Padjadjaran, terwijl Aria Banga naar Madjapait vertrekt.

Aldus eindigt de legende, inzonderheid uitstekend verteld, daar waar personen sprekend worden ingevoerd, doch jammer genoeg ontsierd door de wraakneming aan het slot, die geensznis noodig was.

Vooral werpt zij een vlek op het karakter van de overigens sympathieke Naganing Roem.

(1) Troesna bawa, in de oudste Soedasche geschriften Traroes bawa genaamd, is een voorislâmische heerscher.

T J A R I T A

# TJIOENG WANARA

MIMITINA DITJARITAKEUN

TI

# NAGARA GALIH PAKOEAN.

Poen, sapoen,
Ka loehoer ka Sang Roemoehoen,
Ka goeroe Hjang Bajoe,
Ka handap ka batara,
Ka goeroe poetra Hjang Banga,

Koering rek ngembangkeun lampah oerang baheula. Palias, moen rek mangmantoenkeun, sedja rek mantjakakikeun, noetoer aloeran karoehoen. Baheula di nagara Galih Pakoean, njaritakeun noe keur waktoe djaman harita, eusina di nagara Galih Pakoean aja djoemblah tigang sewi, tigang keti, tigang laksa, tigang ewoe, tigang atoes, tigang poeloeh tiloe, tatapi kakarek sileman reudjeung siloeman. Ari bangsa oemat kamanoesan kakarek opat poeloeh djodo, ari bangsa manoesa doea poeloeh lima djodo.

Demi anoe kagoengan nagara eta Sang Permana di Koesoema, nja eta Sang Praboe ratoening Galih anoe noeloejkeun di nagara Galih Pakoean.

Tatapi Permana di Koesoema teu atjan kagoengan poetra, karek kagoengan pawarang doea ; ari pawarang noe sepoeh djenengan Pohatji Naganing Roem, noe anom Dewi Pangrenjep.

Patihna ngadeg sapoeloeh : hidji Patih Poersewi, doea Patih Poerwa Gading, tiloe Patih Siwa Nagara, opat Patih Siwana Goeroe, lima Demang Tjandra Goelingan, genep Patih Rangga Tjampaka, toedjoeh Demang Rangga Waloeling, dalapan Demang Soemantri, salapan Demang Patih Kendit Birajoeng, sapoeloeh Patih Moending Kabilal.

Djaksana aja doea : hidji Panata Joeda, doea Patrakelasa.

Ngabeuina aja hidji: nja eta Bek Kakarantang, sarta digentos djenenganana, nja eta Batara Lengser. Eta diasih katjida koe ratoe.

Kadjaba ti eta aja deui kakasihna, nja eta Mantri anom Aria Kebonan, Ki Gedeng agoeng.

Ari dina waktoe harita, praboe ratoe keur koelem, di pitoetoer bale binatoer, dikemitan koe doeaän, nja eta koe Lengser tea sareng koe Pandaj kawasa.

Geus kitoe, soemping noe rek ngadeuheusan djenengan Ki Mantri anom.

Njampak ratoe keur koelem, gantjang bae andjeunna ngoepat ka ratoe tea, ari pokna kieu: „geuraheun teuing, noe djadi ratoe koelem pojan di pagoelingan, disarib pager koe bitis, dirogrog boerang koe ramo, dipeuseulan koe pinareup, djaga komo sawarga, tjatjakan ajeuna sakitoe sawargana. Eh, hajang temen ngasaän djadi ratoe."

Ti dinja diëmoetan koe Batara Lengser: „bo, gagal temen sampean, lamoenna kitoe, kapan sampean teh teroes ratoe, pentjar menak lelentjer, djelema bener, santana kapertjaja, sarta kakasih ratoe; kari-kari sampean ngoepat soemoeat, eta mo hade rasa koering mah, ngalampahkeun goroh bohong palatjidra, ratoe teu wenang dioepat, kawantoe noe djadi ratoe weroeh sadoeroeng winarah, soemawonna lamoen goegah, sanadjan koelem oeninga, tah kitoe noe matak teu hade."

Geus kitoe, kadangoe koe praboe ratoe anoe keur koelem, ari kasaoeranana: „ai, Raden Mantri anom, ka dieu, sed masing deukeut, dioek sapangloenggoehan di pitoetoer bale binatoer, karana oerang rek naros bieu teh sasaoeran misaoerkeun naon tea, barang sampean soemping teh?"

Ki Mantri anom ngawalon, pokna: „noehoen satimbalan goesti, bobot pangajon aja di goesti, abdi mah teu pisan, soemawonna kaäwonan, kasaëan hanteu ngomong."

Daoehan ratoe: „aeh, asep, hanteu oemoem, kapan hanteu hade bohong, malah-malah tjeuk sampean: geuraheun noe djadi ratoe koelem pojan dipagoelingan, djaga komo sawarga, ajeuna oge sakitoe sawargana hajang temen djadi ratoe, tjeuk sampean."

Keur kitoe, bet aja noe ningali, nja eta noe kemit tea djenengan Pandaj kawasa Kiai Gedeng agoeng.

Geus kitoe, goera-giroe bàlik, njandak padamelanana landean doehoeng samalang gandring. Enggalna Mantri anom teh ditekin dina landean, mana ajeunana aja landean mantri kabendon.

Sinigeug lampahna Pandaj kawasa.

Oerang njaritakeun praboe ratoe tea mariksa ka Mantri anom, ari kasaoeranana: „aeh, Raden Mantri, entong dianggo kaisin koe sampean pedah misaoerkeun hajang djadi ratoe; ajeuna mah heug baë, sarta tampanan pasihan oerang, nja eta nitipkeun nagara raoeh eusina, saraoeh pawarang doea oerang titip ka maneh, tatapi lain titip kembang kangilang, titip soteh kembang kinghoetang; moen ditemah pawarang djadi hoetang. Ari djenengan diganti nja eta koedoe: Raden Galoeh Barma Widjaja Koesoema, njatana ratoe panjelang."

„Noehoen sapasihan goesti, abdi didjenengkeun ratoe, beurat njoehoen, beurat nanggoeng, beurat narimakeunana."

Barang geus kitoe, ratoe noe ti heula toeloej sidakep sinoekoe toenggal, ngawatek adjianana bade ngeresakeun leungit tina pangtjalikanana; wantoening bisa, les leungit tanpa lebih, ilang tanpa karana. Ari angkatna ka Goenoeng Padang, djadi pandita Adjar Soeka resa.

Oerang toenda tjarios anoe keur tapa di Goenoeng Padang. Oerang njarioskeun ratoe anjar, nja eta Sang Mantri anom. Barang ningali jen praboe ratoe geus ngaleungit, geuat bae ngedjat kana korsi gading, linggih bari sasaoeran, pedah geus didjadikeun radja, njaoer ka Batara Lengser: „ai, batjot maneh, Lengser, sor ka dieu, masing deukeut, dioek sapangloenggoehan djeung aing. Ajeuna mah aing geus tjoendoek ka boekoening taoen, datang ka mangsaning boelan, nepi ka djangdji pasini, ka pasang soebaja, aing aja milik djadi radja, tatapi euweuh noe njaho kadjaba ti awak maneh, soemawon parabopati, sanadjan pawarang doea noe dititipkeun ka aing, eta henteu njahoëun. Ari ajeuna eta pawarang raoeh maneh aing noe boga; ajeuna geura takol bende lampoeng kaboejoetan, ajana di aloen-aloen, aing geura sembarakeun. Tapi poma, Lengser, oelah dibedjakeun ganti ratoe, bedjakeun ratoe teh anom deui bae kitoe ka patih, parabopati, ka djaksa reudjeung aria, ka mantri, parameswari."

„Noehoen satimbalan goesti."

Galantjang Lengser noe dangdan, njokot tjalana pokek, badjoe bekek tiloe kepek dipake kabeh, barina amit ka ratoe, ari pokna Ki Lengser, hatoeranana: „intjoe boeboe paranakan sair bintjang, abdi teh hatoer pamitan."

Enggalna Lengser teh loempat:
loempat sakaloempat-lampet,
tarik batan mimis bedil,
lepas batan koeda loempat,
ngadoedoed sarangka doehoeng,
liang iroeng mamaoengan,
boeah birit wani hapa,
balas kasepakan keuneung,
wani eor tjetjekolan,
ear moemoentjanganana,
nja kelek tatarompetan,
palangkakan temtembangan,
moenggah kontol heheotan,
lain lantoeng tamboeh lakoe,
lain lentang tanpa bedja,
manggoel pioetoesan ratoe,
ngemban piwarangan menak.

Datangna ka aloen-aloen handapeun tjaringin koeroeng, di dopang waringin soengsang, toeloej Lengser teh njokot panakol, sarta pek bende teh ditakol; kotjapkeun sora goöngna ti gedena kaleutiknakeun: deg, tjinginging!

Geus kitoe, bet kadangoe koe saeusi nagara Galih Pakoean, toeloej ditongton koe patih, parabopati, koe djaksa reudjeung aria, koe raden, paragegeden, koe mantri, parameswari, sakabeh geus darongkap.

Boeroedoel ti tebeh kidoel,
kampoengan paratoemenggoeng,
saratoes djeung lima poeloeh,
boeroedoel oemboel-oemboelna,
lagadar djoeraganana,
toempak koeda lalagaran,
mesat pedang loeloegasan.

Ear ti beh wetan kampoengan ti parademang saratoes djeung lima poeloeh, ngadjadjar panajaganana.

Sor deui ti beh koelon kampoengan parakaliwon saratoes djeung lima poeloeh.

Ngabengbreng ti tebeh kaler,
kampoengan ti pararaden,
saraoeh paragegeden,
bawana topeng djeung ronggeng,
ngagoeroeh ka aloen-aloen,
nja pendok patjorok-tjorok,
nja pedang pahalang-halang,
nja bedil wani paboeis.

Sadaja toeloej pada naros ka Lengser anoe sembara, tatapi euweuh noe ngoenghak narosna ka eta Lengser, sadaja parabopati, sadaja njareboet oea, wantoening Lengser pangsepoehna di nagara Galih Pakoean.

Ari pokna anoe naros: „Oewa, Olot, Engki, Oejoet, aja naon? aja naon?"

Pokna Ki Lengser, ngawalon: „doeh, kabeh parabopati, oerang teh eukeur sembara, njembarakeun ratoe oerang ajeuna tjoendoek ka boekoening tahoen, datang ka mangsana boelan, ajeuna ratoe oerang teh geus anom deui."

Papatih pok ngawalon indit: „bo, abong teuing, kamari mah tjikeneh pisan ratoe teh kapan geus sepoeh, atoeh nja soekoer, Oewa tanwande lambat koemawoela." Omongna eta sadaja.

Ari tjeuk Batara Lengser: „ratoe mah tara moegoeran, menak mah tara miranan, bisa kolot bisa ngora; ajeuna geus anom deui."

Sadaja euweuh noe njaho di nagara gentos ratoe, ngandelkeun bae ka Lengser.

Geus kitoe, Lengser nimbalkeun ka sadaja panajagan, sedjana mirig ka ratoe nganteur kapalaj radja tataloe di aloen-aloen.

Marentah ka toekang soerak,
koedoe tjalangap harita,
teu meunang hanteu pedahna,
koe Lengser anoe marentah,
toekang heot enggeus monjong,
toekang djedjek geus djarengke,
toekang tondjok enggeus rantjoeng,
peureupna ngatjoeng ka loehoer,
malah reudjeung toekang bekok,
gawena ngadjawil boedjoer,
tapi pesta tatjan rek pek,

kira tiloe poe deui,
ngadago noe njeungeut bedil.

Geus kitoe Lengser teh loempat marentah njeungeut mariem :

Kalangtaka bedil tinggar,
senapan reudjeung istapel,
darogdog bedil panorog,
doer bedilna ger soerakna,
tjoeroeloeng reudjeung angkloengna,
noeroengtoeng sorana tjaloeng,
baralang sora gambangna,
melas-melis sora soeling,
hariring sora karinding,
bareleng sora tamboerna,
teretet sora tarompet,
ngahioeng sorana bangsing,
seblak bari ditatakeun,
pinterna Batara Lengser,
metakeun noe tatabeuhan,
toeroengtoeng kendangna roejoeng,
ditoetoepan koelit loetoeng,
dirarawat hoë woeloeng,
ditepak koe indoeng-indoeng,
pantes tingaroenggoet geloeng.
niringting kendangna mindi,
ditoetoepan koelit sapi,
dirarawat hoë seti,
ditepak koe nini-nini,
lampahna pating djarendi,
tarangtang kendangna dadap,
dirarawat hoë walat,
ditepak koe bararoedak,
barina pating arengklak,
terengteng kendangna djambe,
ditoetoepan koelit embe,
dirarawat koe hoë sege,
ditepak paratjawene,
barina pating arente,
seblak bari dibaksaän :
bek ka hareup baksa peureup,
bek ka toekang baksa pedang,
torolong baksa kadjongan,
oeleng-oeleng baksa kepeng,
rengkebeng djeung badajana.

Oerang toenda tjarita anoe keur pesta.

Tjatoerkeun praboe ratoe tjalik dina korsi gading.

Sila noempang sangadoelang,
koemis nongkrong ngadjanggaong,
ngome koemis digoöngan,
djedoed koemis tjengkoeng goöng,
soeka seuri soeka ati,
bear mamanahanana,
ngadangoe noe tatabeuhan.

Oerang toenda tjarita noe dipestakeun.

Oerang tjaritakeun pawarang titipan tea noe djenengan Dewi Pangrenjep ajana di padaleman.

Barang enggeus kabedjaän ti sadaja emban-emban noe bebedja ratoe teh geus anom deui, gantjangna poetri teh, toeloej dangdan bari njaoer ka eusi boemi: „aeh, bibi, ratoe teh, kapan geus sepoeh, ajeuna geus anom deui; tjik, hajoe, oerang deuheusan."

Kotjap poetri anoe dangdan:
Sindjangna poerbanagara,
kekemben soetra dewangga,
ka loehoer ngarompes geloeng,
nja siger reudjeung pamengger,
tapoek geloeng djeung kangkaloeng,
salobong sarangka awak,
tjeplak noe bagal pinareup,
tjoemeket benten kantjana,
goemiler pamingel inten,
aloes pawarang noe dangdan,
langkojang awak wajangeun,
gilig pingping pantjoeh bitis,
indoeng soekoe nonggong lemboe,
pangaroeh merat angkatna,
taktak lir taradjoe emas,
lenggik ramping lajoe koening,
panangan tanding gondewa,
pandjang pasipatan sotja,
ngintjer boeboedakanana,
tjoereuleuk seukeut bireungeuh,
poeter koeroeng di pangamboeng,
pangaroeh rea noe asih.

Geus poetoes anoe keur dangdan, enggalna teh toeloej angkat ngadeuheus ka praboe ratoe.

Teu katjatoer di djalanna, kotjapkeun geus soemping bae poetri noe rek ngadeuheusan.

Poetri ningali ka praboe ratoe, bet tetela geus anom deui, jaktos pisan saeusining bedja; harita poetri teh, kabedil langit manahna kabentar mega, poetri teh

kalinglap manah, wantoe ratoe sakaroepa djeung ratoe noe tiheula, noe djadi pandita di Goenoeng Padang. Djeung deui Dewi Pangrenjep teh, henteu oeninga harita digentos ratoe, maroekan tjaroge heubeul. Soemawonna praboe ratoe, teu roemaos lamoen pawarang teh, titipan batoer, raosna garwana bae. Langkoeng soeka manahna praboe ratoe,

Ooerang toenda tjarios praboe ratoe.

Ooerang tjarioskeun anoe kagoengan pawarang, nja eta pandita di Goenoeng Padang.

Ningali ka noe eukeur soekan-soekan tapi manahna mindel, ningali ka pawarangna, nja eta Dewi Pangrenjep, kawasna sieun leungiteun toeroenan, wantoening pandita, basana keur djadi radja teu atjan kagoengan poetra ti pawarang noe doea tea, malah-malah njaoerkeun sadjeroning kalboe ora kawedal ing lisan, ari basana: ‚eh badan, boemi, langit:

boeroeng djadi sawargana,
nandoerkeun pare ranggeujan,
sawah sakotak dipager,
lebar temen pawarangna,
bogana oerang noe doea,
geus tangtoe leungit wiwitan,
kantenan timboel wekasan,
wiwitan noe djadi ratoe,
tegesna nja badan oerang.

Tatapi noe matak soesah sabab tatjan boga anak ti oerang, geus tangtoe ti ratoe anjar jen bakal baroga anak, karana kitoe lampahna, teu beunang di pihapean, nja eta saperti mihape hajam ka heulang.'

Gantjangna pandita geuat bae tapakoer, neda-neda ka noe Kawasa, nja eta Hjang Widi, tina hajang kagoengan poetra ti pawarang noe doea, anoe geus katitipkeun tea, tapi mo boeroeng dipasihan koe Hjang Widi, tina banget noe tapakoer.

Teu lila bet dipasihan tjahja noe leuih mantjoer. Toeloej kana madiagantang tjahja roepa hantiga, geus kitoe bet djadi doea pinterna anoe maparin.

Ari tjahja noe hidji ragrag ka sirah nagara ka pawarang pangsepoehna, ka Pohatji Naganing Roem, njoeroep ngabadjoe ngaraga soekma mandjing kana salira; tetela eta pawarang bakal kagoengan poetra pameget sarta kasep.

Ari tjahja noe hidji deui ragragna ka padaleman, ka pawarang panganomna, nja eta Dewi Pangrenjep anoe keur ngadeuheusan tea; tetela tjahja asoep ka djero wewetengan, geus tangtoe kagoengan poetra.

Barang geus kitoe, Dewi Pangrenjep harita toeloej sedjen raraosan dina eukeur ngadeuheusan, enggalna oendjoekan, ari pokna: „adoeh, goesti dalem agoeng, abdi sedjen teuing raos, tara-tara ti sasari, badan teh leuleus djeung teunangan, lalesoe barina toendoeh. Naon bae alamatna, sok matak soesah katjida, koerang tangan pangawasa, soemangga goesti, geura lahirkeun."

Ti dinja ratoe teh njaoer: „doeh, Njai, perkawis anoe toendoeh tetela noe

hajang koelem; mangga, Njai, oerang karoelem." Tetela di pagoelingan poetri sareng ratoe, ratoe teu roemaos pawarang titipan batoer.

Toenda heula tjarios noe keur karoelem.

Oerang tjarioskeun pawarang noe sepoeh, nja eta Pohatji Naganing Roem.

Dina waktoe harita pawarang teh keur koelem, andjeunna toeloej ngimpen jen ningali tjahja roehaj aja di dasar sagara, ladjeng bae ditjokot koe Naganing Roem, nja toeloej dikandoeng koe tjinde woeloeng.

Barang geus tanghi, Naganing Roem nangis kaedanan koe impian, koe sabab taja boektina.

Oerang toenda tjarita noe eukeur nangis.

Kotjapkeun sang pandita.

Katingali jen Pohatji Naganing Roem eukeur nangis kaedanan koe impian; gantjangna pandita toeloej loengsoer, tatapi bari ngaleungit. Barang soemping toeloej bae ngawoeroekan ka Naganing Roem, ari kasaoeranana: „adoeh, Njai, poma-poma ajeuna teh oelah nangis, sababna eta impian bakalna ge djadi poetra. Anggoer, Njai, geura dangdan deuheusan praboe ratoe, da ajeuna mah geus anom deui. Djeung Njai koedoe oendjoekan, kieu nja pioendjoek: jen aja hidji pandita datangna ti Goenoeng Padang, noedjoem ka impian koering, ari pokna ki pandita, goesti, bakal kagoengan poetra ti pawarang noe doea, sarta poetrana ge doea tetela pameget kabeh."

Enggalna poetri teh djengkar ngadeuheus ka praboe ratoe, bari oendjoekan sakoemaha pisaoer sang pandita; teu aja pisan noe kaliwat.

Ti dinja ratoe teh mindel sadjeroning mamanahan, sabab tatjan oeninga jen aja pandita di Goenoeng Padang. Saoer ratoe: „ai, Njai, naha mo goroh aja pandita di Goenoeng Padang, naha Njai teh njanjahoanan."

Ari kasaoeran poetri: „noehoen satimbalan goesti, hatoer abdi teh teu pindo gawe, abdi teh hanteu bohong, malah-malah bieu pisan sasaoeran sareng abdi."

„Ai, Njai, mangke heulaän, oerang nanja ka Lengser, sabab eta boeat saksi noe beunang dipertjaja, karana Lengser pangkolotna di nagara Galih Pakoean."

Enggalna Lengser disaoer koe Praboe ratoe, ari kasaoeran: „ai, Lengser, sereg mangka tereh, sor kadieu masing deukeut, dioek sapangloenggoehan."

Lengser enggal ngawalon: „o, goesti, noehoen sareboe, gerah salaksa, goesti rek nimbalkeun naon, noe mawi njaoer ka abdi?"

„Eh, Lengser, kieu noe matak maneh disaoer; oerang kasoempingan pawarang ti sirah nagara, njaritakeun jen aja pandita di Goenoeng Padang sarta binangkit, eta maneh njaho? Lamoen njaho geura tjaritakeun, lamoen teu njaho geura pikiran."

Lengser henteu gantjang-gantjang ngawalonan, sabab soesah, kawantoe pandita teh tetela jen djoeraganana. Toeloej mikir sadjeroning ati, kieu mikirna: koemaha ari rek dioendjoekeun da poegoeh djoeraganana bisi koemaha onam, ari teu dioendjoekeun, boeboehan noe dipariksa, djadi matak ngoesik-ngoesik oela mandi, ngagoegahkeun matjan toeroe.

Wantoening Lengser djalma binangkit, ngadak-ngadak njiar akal, njieun atoeran harita ngomongkeun djaman keur ngora, ngarah ratoe oelah bendoe.

Ari tjek Lengser: „noehoen satimbalan goesti mariksa ka djisim abdi, marik-

sakeun pandita di Goenoeng Padang, atoeh tetela katjida bedjana."

Praboe ratoe toeloej njentak, nja eta ka Lengser tea, koe sabab omonganana teu poegoeh, saoerna Praboe ratoe barina boedi poesing, reup geuneuk, raj pias, gebes kadia banteng, getem kadia matjan, ngadjengkang oerat tarangna sagede laki loeloempang, napsoena teu kira-kira : „ai, batjot, Lengser, apan tetela, apan bedjana, bedja ti saha ?"

„O, mangke ngeran," tjeuk Si Lengser : „bobot pangajon timbang taradjoe, bobot pangajon aja di goesti, abdi njoehoenkeun pangadilan, noe mawi abdi hatoer bedjana : sok ras eling, djaman keur ngora, nja eta gadoeh sobat Nini djeung Aki pangebonan, boga pakarang koedjang hidji. Geus kitoe koedjangna leungit, leungitna di taoen toekang, tanggal opat, boelan Radjab, poë Ahad. Ti dinja Nini bingoeng; toeloej mangproeng, pedahna leungiteun koedjang, ana los ka Goenoeng Padang, di dinja nja tepoeng djeung pandita, enggalna metangankeun koedjangna noe leungit tea. Ari saoerna pandita : „Nini, koedjang teh henteu leungit, ajeuna ge aja keneh dina oeroet Nini ngoendeur, ditoempangkeun dina toenggoel lame ; djig bae ajeuna, geura teang, mo boeroeng kapanggih deui."

„Gantjangna koe Nini teh toeloej diteang ka oeroet ngoendeur. Barang datang, bener pisan koedjang teh aja keneh sakoemaha panoedjoeman pandita ; noe matak abdi oendjoekan tetela bedjana."

Ari kasaoeran ratoe : „lamoen kitoe mah, Lengser, lain noedjoem saenjana, pandita njanjahoanan, pandita noenoedjoemanan, dibasakeun pandita metangankeun koedjang memeh leungit, tah, kitoe tjeuk aing mah."

„Noehoen satimbalan goesti, tapi abdi langkoeng heran koe daoehan Goesti, naon anoe didaoehkeun metangankeun koedjang memeh leungit ? abdi mah koe hajang terang."

„Lamoen kitoe, maneh teh bodo katjida, ari hartina kieu : saoepama diri maneh toeloej leumpang mawa koedjang, datang ka djalan toeloej maneh teh balik deui, dadakoe maneh ka aing : djoeragan koedjang teh leungit, tapi tatjan ari tjlik mah ; tah Lengser saibarat kitoe, sainggana kitoe."

„Abdi mah heran saoer teh make ibaratna sareng nganggo sainggana, eta siga nanahaon misaoerkeun anoe kitoe ?"

„Ari, Lengser, eta mah ngan babasan bae, „euweuh piroepaeunana."

„Mo tiap-tiap aja babasan, kedah aja noe dibasakeun, satiap weroeh koedoe doemoek, waspada nja koedoe njata, kapan tjeuk piwoeroek oge hanteu hade ngalampahkeun goroh bohong, sanadjan ngoeroeloeng saoerna ana teu aja boekoerna, djadi nalapoeng, mirilik pangartina lamoen teu aja boektina, hoekoemna teu djadi misil."

„Ai Lengser, lamoen kitoe mah, maneh teh mangmeunangkeun ki pandita."

„Ih, lain, goesti, eta mah saoepamana, ari kalampahna pandita apan mah sok saenjana, malah saoer, goesti, tadi noe make saibaratna eta teh aja boektina ; ari saibaratna tea : kanjataän angin gede, ari basa sainggana : njatana liang siraroe, nja eta lingga. Ari lampah pandita mah teu beunang dihina-hina, lampahna : tata, titi, talari, tali paranti. Naon hartina tata djeung naon hartina titi, naon hartina tali paranti ?"

„Hartina tata: njatana tataman, djadi tata reudjeung batoer, demi roepa sakaroepa, ari leumpang saäleutan, pendekna roentoet djeung batoer."

„Hartina titi, nja eta titinggi tea, awak pandjang roepa beureum, soekoena loba katjida, tatapi teu tali gantja; djadi titih lakoena, moen moenggoeh noe djadi ratoe, moen tjara soekoe titinggi metakeun abdi sadaja djadi beres padamelan."

„Ari tali paranti, naon hartina?"

„Ari tali paranti, kanjataän tali kepek, teu beunang ditalikeun ka noe sedjen, koedoe kana parantina, satjangreud pageuh, sagolek pangkek, ngadek satjekna, nilas sapatna, omong sapokna, pandita tara njalahan; tah, kitoe lampah noe djadi pandita."

Daoehan praboe: „bener temen omong maneh, tatapi eta pandita giri loengsi tanpa ingan, wani noedjoem ka pawarang ratoe: boga anak tjeuk pandita, doea tjeuk pandita, lalaki tjeuk pandita; boa djinah ki pandita djeung pawarang aing."

„Soemoehoen timbalan goesti, basa giri tea: goenoeng, ari loengsi: tjatjing, basa tanpa: wahangan, basa paingan: djoeragan."

„Naha malindes ka aing?"

„Soemoehoen, djoeragan teh malik tali paranti, ngalap koedjang sapangarah, djadi kagoengan terka henteu ngandel."

„Lain teu ngandel aing teh, lain teu pertjaja ka pandita, ajeuna mah geura teang koe maneh ka Goenoeng Padang, ala masing kabawa."

„Soemangga."

Enggalna Lengser toeloej leumpang ka Goenoeng Padang, djaoeh mo boeroeng tjoendoek, anggang tan wande datang.

Teu katjatoer di djalanna; kotjapkeun Lengser teh eureun, eureunna handapeun tandjoeng, saloehoereun batoe datar.

Geus kitoe, Lengser teh ngoepat, ngomongkeun Praboe ratoe, tjeuk Lengser: abong-abong djadi ratoe, lampahna poerba kawasa, tatapi lain kawasa lamoenna kitoe petana, nja eta ngaranna poerba njalahan, dibasakeun noe asih dipoelang tai, noe haät dipoelang moha; ratoe teh pada hal lamoen teu koe pandita di Goenoeng Padang koe saha djadina ratoe, kari-kari ngangaranan djinah, lain djinah da anoena, geura bae mangke ari datang ti Goenoeng Padang mo disembah koe leungeun, dek koe soekoe bae."

Oerang toenda lampahna Lengser.

Oerang njarioskeun deui praboe ratoe.

Barang Lengser geus djoeng ka Goenoeng Padang, ratoe toeloej miwarang dangdan ka poetri pawarang doea: Naganing Roem didawoehan ngandoeng bokor kantjana: Dewi Pangrenjep ngandoeng kawali kantjana, diroepakeun noe keur bobot oemoer toedjoeh boelan; ari karep ratoe hajang ngadodja pandita, tjalik bari digedengkeun.

Ajeuna oerang tjarioskeun deui Lengser, datangna ka Goenoeng Padang ngadeuheusan ka pandita. Ari tjeuk Lengser: „doeh, goesti, abdi teh awon doemeuheus," ngan sakitoe oendjoekan Lengser, teu loba-loba tjarita, kawantoe geus kaoeninga koe pandita Goenoeng Padang.

Gantjang bae dipariksa, njaoerkeun niatna Lengser, saoer ki pandita: „soe-

koer, kakang Lengser, soemping ka dieu, meureun dioetoes koe ratoe dipiwarang njaoer koering, ari noe matak disaoer, mo gagal moendoet dipangnoedjoemkeun pawarang doea, tatapi eta mah geus tangtoe pisan kabeh bakal boga poetra, ngan handjakal aja bobot saloeareun wewetengan; enja, kakang, atawa lain?"

„Soemoehoen doeka, goesti mah langkoeng waspaos, abdi mah teu miloe-miloe kana kalakoean awon; soekoe abdi, samboeng lakoe biwir samboeng lemek, derma raga tanpa polah, ngan derma piwarangan."

„Sajaktosna, kakang Lengser, koering disaoer koe ratoe oelahbon marga siang, sanadjan wengi soemangga, tatapi mo ajeuna; kakang geura bral bae, ngan ieu kikintoen sanggakeun ka praboe ratoe, roepi tiloe perkara: kembang malati satjoengtjoeng, koenir sasolor, petak sapotong."

Geus kitoe, lengser teh moendoer barina mawa kikintoen. Teu kotjap didjalanna; tjatoerkeun geus nepi bae ka pajoeneun praboe ratoe barina njembah koe tjokor.

Barang kitoe, ratoe teh njeuseul sapedah disembah koe soekoe, saoer ratoe: „ai, Lengser, naha sia ngoenghak tjampelak, bet wani-wani njembah koe tjokor, naon sababna?"

Lengser enggal ngawalon, pokna: „beu, goesti, abdi teh njanggakeun bebendoe, sapedah njembah koe soekoe, rasana lain dihadja, raos abdi kalepasan petak loempat tarik teuing, ari datang awak tibalik tojkor njoengoengoeng; soegan montong teuing dibalikan koe leungeun, goesti."

„Beu, ari kitoe mah, Lengser, ditimbang koe aing. Ari pandita mana? Aja atawa euweuh?"

„Aja teu aja."

„Naha ngawalon teh bet kitoe," kapan aja, kapan teu aja."

„Beu, goesti, noe matak diseboetkeun „aja teu aja" teh kieu: kaäjaännana kapendak koe djisim abdi, ari ka teu ajaänana bet teu kapadoeng patjoel koe abdi."

„Naon teu kapadoeng patjoel?"

„Soemoehoen teu kabawa."

„Ari maneh mawa naon eta?"

„Soemoehoen ngabantoen kikintoen ti Goenoeng Padang, tapi doeka teuing piroepaeunana mah."

Enggalna koe ratoe toeloej ditjandak sarta diboeka.

Barang diboeka, sidik eusina malati satjoengtjoeng, koenir sasolor, petak sapotong.

Ti dinja Praboe ratoe ngalahir: „Lengser, ieu teu djamak teu moepakat, ngirimkeun roepa kieu ka ratoe; tatapi mo salah pandita teh njilokaän koe barang kieu roepana, tapi aing hanteu soesah nadjan disilokaän oge, mo boeroeng diroepakeun kitab noe tiloe perkara, indjil, toret, kalawan djaboer.

Oerang toenda noe keur goenem tjatoer praboe ratoe djeung Batara Lengser.

Oerang tjarioskeun pandita di Goenoeng Padang. Niat bade ngadeuheusan ka praboe ratoe, tatapi eta lampahna sok bisa mantjala poetra, geus kolot sok bisa ngora. Ari harita mah pandita keur meudjeuhna tengah toewoeh.

Enggalna ki pandita, ngadjadikeun maneh aki-aki, toeloej rep sidakep sinoekoe toenggal, emoet poerwa daksina, poerwa ikoe wiwitan, daksina wekasan, bari ngelingkeun adjianana, adjian dadali poetih, eta djampe paranti leuleumpangan soepaja gantjang.

„Adji koe dadali poetih,
mangoengkoeng saloehoering koewoeng-koewoeng,
mangangkang saloehoeriang madja gantang,
tjalik dina tampoe angin,
dat sarapat, dat sarapat."

Enggalna kadia kilat datangna ka pajoeneun ratoe.

Geus kitoe, ratoe teh ningali, njaoer ka Batara Lengser: „ai, Lengser, ieu aja aki-aki oerang mana?"

„Soemoehoen pariksa, goesti, eta teh ti Goenoeng Padang, nja eta pandita tea."

Toeloej ratoe njaoeran ka pandita: „eh, ki pandita, bagea, ser ka dieu masing deukeut, dioek sapangloeloenggoehan."

„Soemoehoen pariksa, goesti, noe mawi abdi doemeuheus, wireh ing tina abdi disaoer koe kersa dampal goesti."

„Enja, noe matak disaoer koe oerang, kawantoe anjar pinanggih, djeung deui oerang teh dek menta dipangnoedjoemkeun, pedah pawarang oerang doeanana keur bobot, hajang njaho pianakeunana awewe atawa lalaki, geura pok, geura seboetkeun, montong make diïlo diparimbonkeun, diteang dina kitabna, diïlik dipalar boekti, geura pok bae omongkeun."

„Bo, soemoehoen, satimbalan goesti, moendoet dipangnoedjoemkeun pawarang, madak-madak kapandoekan, ka toeang pioendjoek abdi, eta geus tetela pisan, jen bakal kagoengan poetra tina pawarang noe doea, samalah pameget kabeh."

Geus kitoe, ratoe teh poesing, sapedah raosna salah, saoerna: „eta salah katjida pandita, noe hidji eta pawarang saenjana ngandoeng kawali, noe hidji deui ngandoeng bokor kantjana; oerang teu soeka katjida, ajeuna mah ki pandita taoer rasa binasa. alamat rek ditelasan."

Ratoe toeloej narik tjoeriga, tatapi eta tjoeriga kokotak tina sarangka, tapi lain dek teurak, nja eta bet edek tobat, koe sabab eta noe kagoenganana.

Barang pek dioengkoelkeun doehoeng kana patoeangan, toeloej morongkol, soemawonna lamoen teurak da eta noe kagoengan.

Ratoe beuki tambah napsoe, raosna asa dilawan: „eh pandita maneh teh ngalawan, dipenta pati teh baha, seg taroeng djeung aing, sabaraha taoen perang, sabaraha boelan mo boeroeng diladenan."

„Bo goesti, lain baha, oelah bon sinedja perang, ngalawan teu pisan-pisan; ari perkawis pati dipoendoet soemangga pisan."

Barina pandita toenkoel ngaloearkeun soekma, ladjeng pandita teh poepoes, teu kalawan ditelasan.

Geus kitoe, ratoe teh njaoer ka Lengser: „eh Lengser, bet matih aing betan pandita, geuning pandita geus paeh."

„Matih pandita manan gamparan."

„Naha koemaha noe matak kitoe?"

„Da eta mah bisa njanggakeun pati koe andjeun, gamparan mah tatjan poegoeh bisa tjara ki pandita."

„Doeh, Lengser, bener temen, kami tarima kalah, da kami mah hanteu bisa tjara ki pandita."

Enggalna banoesanana beng bae dibalangkeun ka oeroetna, tatapi barang ragrag bet djadi sedjen roepa, nja eta djadi Naga wiroe eukeur tapa.

Oerang toenda anoe keur tapa.

Oerang tjarioskeun pawarang noe doea tea. Pedahna kawali teh ragrag tina patoeanganana saraoeh bokor kantjana, sabab reuneuh ngagedean.

Geus kitoe, kawali teh ditjandak koe ratoe, dibalangkeun barina sasaoeran : „lamoen ragrag ka sagara, toeroenna ka intjoe poetoe poelo Kawali, moen ka darat katelah tanah Kawali.

Toeloej eta kawali teh ragrag di tanah, mana datang ka ajeuna di Galoeh aja desa ngaran Kawali.

Ari bokor kantjana dibalangkeun deui sarta ragragna di Padang, tanah Soematra.

Noe matak di dinja rea emas, eta kitoe oesoel-asalna.

Barang dina taoen Djim akir, boelan Rajagoeng, tanggal 14, poë Salasa, dina saboeka siang, Dewi Pangrenjep babar, sidik poetrana pameget ; ari paradjina ngaran Nini Marga sari.

Geus kitoe, praboe ratoe toeloej ngadaoeh ngoempoelkeun parabopati sareng parapoenggawa kabeh.

Sanggeus koempoel, toeloej bae nganamaän poetra noe dipedalkeun tea, djenenganana Aria Banga.

Enggalna ger bae pesta, mestakeun poetra tea, langkoeng rame anoe pesta.

Ari pawarang noe hidji deui waktoe harita teu atjan babar.

Ti dinja ratoe ngalahir, njaoer ka Batara Lengser : „hajoe, Lengser, aing iring arek ka sirah nagara ngalajad pawarang aing, koe naon bet tatjan babar."

Bral bae ratoe teh angkat. Barang soemping ka sirah nagara, tetela bet tatjan babar.

Ladjeng bae sasaoeran mariksa ka Naganing Roem : „ai, Njai, naha bobot lila teuing ?"

„Noehoen satimbalan goesti, perkawis bobot abdi teh parantos sapoeloeh sasi ieu, tapi teu atjan keneh babar."

„Eh, Njai, wajahna bae."

Tjeuk Naganing Roem bari njoesoetan tji sotja : „doeh, goesti, noehoen sareboe, abdi teh teu atjan babar."

„Eh, Njai, montong dianggo gedag pangkon, gindi pikir, obah niat soegan ka doea, tiloewelasna mah babar, ajeuna mah engkang bae geura siaran."

Enggalna toeloej bae disiaran langkoeng ngeunahna, praboe ratoe samalah ladjeng koelem dina lahoenan pawarang.

Oerang toenda tjarios anoe keur koelem.

Oerang sampeur senggal hideung, parele-parelekeun heula, balikan anoe katoekang soekmana pandita ti Goenoeng Padang gawena ngalajang bae.

Geus kitoe, toeroen soekma teh, asoep kana wewetengan njoeroepna ka moe-

rangkalih, sanggeus kapandjingan soekma, moerangkalih toeloej sasaoeran dina djero wewetengan, ari kasaoeranana: „ama teh kabedil langit, kabentar mega, kalinglap katjida teuing ka pandita Goenoeng Padang, pada hal mah teu boga dosa, geura raoskeun bae, tangtoena ge bakal males, tapi engke dina goeroe poetoe Hjang Bajoe, goeroe poetra Hjang Banga, koe ama geura raoskeun di dinja jen bakal males."

Enggalna ratoe teh goegah, mariksa bari bengis ka pawarang Naganing Roem, ari pokna: „ai, Njai Naganing Roem, bet bieu aja noe ngomong sapandjang engkang keur koelem, Njai atawa lain?"

Naganing Roem toeloej nangis pedah dipariksa bengis: „adoeh, goesti, abdi njanggakeun bebendoe tikoro abdi gorokeun, djeung soekoe abdi belokeun, abdi mah teu pisan-pisan, soemawonna kaäwonan kasaean henteu pisan."

Geus kitoe, ratoe teh njaoer: „mana kitoe oge Lengser." Toeloej bae Lengser disaoer: „ai, Lengser, maneh ngomong naon, basa aing eukeur koelem?"

„Doeka, abdi mah teu pisan-pisan."

Lengser toeloej soesoempahan, pokna: „daek kede ti kentja, djeung daek boetoet boboko, daek oetjoetan sokona, tjinenek daek salamet, kolot bongkok pandjang oemoer."

Ratoe teh katjida poesing: „ai, Lengser, lampah maneh kawas boedak, kapan maneh teh enggeus kolot, oelah kitoe nja omongan, lamoen soempah masing terang."

Toeloej Lengser soempah deui, tapi saperti siloka, pokna: „daek boetjitreuk beuteung noe reuneuh meureun."

Ti dinja kamanah koe ratoe, soempahna Lengser, pek manehna mariksa deui ka Naganing Roem: „ai, Njai, lamoenna kitoe mah, paingan Lengser wani soesoempahan, ajeuna mah noengtik bari njiar boekti, nerka njampak aja mana boektina aja di maneh, geuning boedak ngomong dina djero beuteung, kakara saoemoer hiroep heubeul ngeundeuk-ngeundeuk taneuh, lawas ngendag-ngendag djagat, ajeuna manggih noe kitoe."

Sanggeus kitoe, ratoe toeloej miwarang ngoempoelkeun parabopati saraoeh djeung toekang noedjoem.

Barang geus koempoel parabopati saraoeh toekang noedjoem, saoer ratoe: „maraneh noe matak disaoer koe oerang, oerang teh rek sembara, tjoba, geura palikiran eta papanggihan aing, aja boedak ngomong dina djero beuteung, hade atawa goreng? Lamoen hade, geura tjaritakeun, soemawonna lamoen goreng."

Parabopati saraoeh djeung toekang noedjoem kabeh pada saroesah, koe sabab henteu kaharti, ngan aja saoerang mantri, ngaran Mantri anom Banjak Loemanglang, anoe madep ka Sang Praboe ratoe, barina oendjoekan pokna: „perkawis kangdjeng goesti mariksakeun moerangkalih njaoer dina djero patoeangan, eta teh hadening goreng."

Ratoe toeloej mariksa deui: „eh Mantri, naha kapan hade, kapan goreng, koe oerang hanteu kaharti, naon sababna?"

„Soemoehoen timbalan goesti, mana dibasakeun hade, teroes ratoe pentjar menak, sartana poetra radja, komo teuing oepami parantos babar, meureun baleg perlente paselang bisa bitjara, tjatjakan dina djero wewetengan, sakitoe bisana

njaoer; tah, kitoe noe mawi dibasakeun hade. Noe mawi dibasakeun goreng, sapedah eta teu atjan aja roepana,"

„Bener temen omong maneh, tatapi koedoe oetama, ari dibasakeun oetama nja eta koedoe ragem djeung batoer."

Geus kitoe, kadangoe koe sadajana, tatapi langkoeng pada saroesah, henteu kaharti keneh, ngan aja djalma saoerang anoe dioekna misah ti batoer, ari djangkoengna eta djalma 250 gas, ari harigoena 25 gas, ngaranna Jaksa Majoeta. Barang ngadenge timbalan ratoe, toeloej bae ngomongkeun ratoe, ari pokna: „eh, ratoe teh bodo katjida, tjoba koe aing ajeuna rek dirantjana."

Ari pangarahna Jaksa soepaja eta boedak dipitjeun koe praboe ratoe.

Gantjangna Jaksa teh ngadeuheus ka praboe ratoe, sarta ladjeng bae dipariksa koe ratoe, saoerna: „eh, Jaksa Majoeta, rek naon datang ka pajoeneun aing?"

„Soemoehoen pariksa goesti, noe mawi abdi ngadeuheusan, doemeh abdi ngoeping timbalan gamparan, mariksakeun moerangkalih pedah bisa njaoer dina djero patoeangan, ari ajeuna, lamoen pandoek reudjeung goesti, hajoe, oerang ibaratkeun, moerangkalih reudjeung gagadoehan abdi. Abdi gadoeh hidji doehoeng, ngarananna doehoeng sampanan, tapi tepoesanana doehoeng teh dalapan, bet leuwih opat, dibasakeun sri matjala, tjalaketek omongan wanara."

„Koemaha karepna doehoeng teh Jaksa?"

„Soemoehoen, goesti, monjet njatoe monjet deui, lamoen kagoengan doehoeng kitoe, geus tangtoe bakal ngaroeksak kana salira gamparan."

Geus kitoe, ratoe teh njaoer barina semoe noe poesing, rasana disilokaän njaoerna ka pawarang noe bobot tea: „aeh, Naganing Roem, ajeuna maneh djeung aing, oerang njieun poë boengsoena, aing mo ngangken rabi, maneh oelah ngangken salaki. Djeungna deui, lamoen boedak geus didjoeroekeun, aing mo ngakoe anak, boedak oelah sina ngakoe bapa", barina pek ratoe poendoeng indit ti sirah nagara.

Soempingna ka padaleman, pek njaoer ka pawarangna noe ngaran Dewi Pangrenjep, nja eta iboena Aria Banga, saoer ratoe: „beu, Njai, ser ka dieu, masing deukeut, dioek sapangloeloenggoehan, kakang arek njarita, njaritakeun Naganing Roem handeuëul koe pitineungeun. Lampahna si Naganing Roem boga anak bisa ngomong di djero beuteung, tjik, ajeuna mah moenggoeh ing reudjeung tjaroge, baring soepagi mangke geus nepi kana boelanna ngadjoeroe, koe maneh koedoe dilajad, tapi maneh oelah lengoh, koedoe mawa kanagan anoe beunang ngosongkeun djeung mawa malam sing loba. Toeloej koe maneh geura lampahkeun, moen Si Naganing Roem ngadjoeroe, koe maneh matana lampat, nja kitoe deui tjeulina tjotjokan masingna pageuh; djeung lamoen anakna awewe atawa lalaki, wadahan kana kanagan sartana geuat palidkeun ka tjai ngaran Tji-tandoej."

Geus kitoe, Dewi Pangrenjep ngoeping satimbalan goesti, toeloej bae poetri nangis sasambat ka kangdjeng goesti: „doeh, goesti, abdi hanteu tega teuing noenggang taja kakang embok, rasa abdi lain maroe rasana saderek bae, ti lahir nepi ka batin doenja doegi ka acherat, boeroek-boeroek parahoe djati, hade goreng djeung saderek."

„Bo, maneh gagal, lamoen kitoe, baha katimbalan menak. Ajeuna mah, oelah

baha, koedoe daek bae, djeung deui: lamoen maneh teu ngagoegoe, kadjeun teuing, aing teu boga pawarang, maneh oge geura indit, oelah rek aja di dieu." Tatapi poetri teu indit, ngamanahan pilampaheun.

Oerang toenda tjarita poetri djeung radja.

Oerang tjarioskeun Naganing Roem, anoe diseuseul di sirah nagara gawena teh eukeur nangis, malah-malah bobot keur boelan alaeun.

Geus ninggang doeawelas boelan, taoenna di taoen Alif, boelanna ge boelan Moeloed, dina tanggal opatwelasna poëna, poë Djoemaäh, tetela poetri rek babar, njaoer ka eusi boemina, ka noe ngaran Sangkleng Larang, kadoea djeung Timbak Larang, miwarang neang paradji. Enggalna teh eusi boemina rek toeloej neang paradji, tatapina hanteu manggih kawantoe hese katjida paradji ngan aja hidji; kitoe ge geus disoempoetkeun koe iboe Aria Banga ajana di padaleman.

Geus kitoe, eusi boemi Sangkleng Larang beak paideranana, toeloej bae ngadeuheusan ka iboe Aria Banga.

Kotjapkeun geus datang bae. Mando di pajoeneun goesti, poetri; karepna noe ngadeuheusan, eta rek geugeulis panon naroskeun paradji tea.

Dewi Pangrenjep ngalahir: „aeh, emban, arek naon ajeuna datang ka oerang, tara-tara ti sasari tjoendoek roesoeh datang, geura dek naon nja pibedjaeun, palangsiang embok Naganing Roem bade babar."

Eusi boemi pek ngawalon: „soemoehoen timbalan goesti, lain djoeragan rek babar, babarna mah tatjan poegoeh, doeka tiloe boelan deui, doeka opat boelan deui, naroskeun soteh paradji abdi teh bade sewaka, rek njangtjangkeun istri ka paradji, bisina hese djagana ari rek diala."

Ari tjeuk Dewi Pangrenjep: „mo teuing, mo bobot sakitoe heubeulna, malah-malah oerang mah basa keur babar teu pisan make paradji, soemawonna loba-loba hidji ge teu pisan-pisan," barina poetri beh dangdan. Geus dangdan, toeloej oendjoekan ka praboe ratoe.

Koe ratoe geus kaïdinan. Enggalna nji poetri indit, leumpang ka sirah nagara rek ngalajad Naganing Roem.

Barang datang, tetela teu atjan babar, toetoej bae sasaoeran noe geulis Dewi Pangrenjep, nja eta ka Naganing Roem, ari pokna: „aeh, embok, koetan teh bet atjan babar?" Naganing Roem toelcej nangis barina sasaoeran: „eh, Njai poegoeh enja, atjeuk teh teu atjan babar, boa-boa poë ieu, da geus sedjen rarasaän; tjop nja beuteung, tep nja tjangkeng, rarotjop bae bobokong, moerangkalih rasana ngaroeang-roeang, merengpeng nja parinikan. Njai, soekoer ajeuna ka dieu, koering teh bade naroskeun da Njai mah enggeus babar, koe saha diparadjian?"

Ari tjeuk Dewi Pangrenjep: „koering basa keur ngadjoeroe da henteu make paradji, ngan tjoemah kias tarekah, malah-malah tjepil oge ditjotjokan, soepaja henteu ngadenge gandeng, sotja dilampat koe malam, aja teu teloeh baradja ningali getih. Geura, mangga, atjeuk oge oerang kias tarekahan da mo beda tina raraosan koering."

Prak barina dipaksa, panangan dikatoekangkeun, sartana bari dibanda dihoeroen; koe tjinde kembang ditalian pananganana nji poetri. Djeungna deui, toeloej ngahaneutkeun malam; panas-panas dilampatkeun kana sotja, ditjotjokkeun kana tjepil.

Toeloej Naganing Roem nangis; sasambat-soemambat barina nangis: „tobat, adoeh, panas teuing, sotja koering njeri teuing, tjepil koering abong-abong teuing; abong-abong, maroe, bet euweuh rasrasanana ka noe taja indoeng, taja bapa."

Demi tjeuk Dewi Pangrenjep: „enggeus, embok, oelah nangis, njeri ge wajahna bae, engke mah oerang laänan, soepaja geus poegoeh babar."

Barang dongkap kana hidji waktoe siang, brol bae tetela babar, poetrana pameget kasep. Toeloej bae ditegel tali ari-arina sarta diwadahan koe kanagan, dibaoeran deui endog hidji ka djero kanagan tea koe Dewi Pangrenjep. Ari noe tinggal di loear ngan kari santen. Toeloej bae diwadahan koe ajakan djeung bari ditjipta diroepakeun anak andjing, ditoeroeban tjinde kembang koe Dewi Pangrenjep, dianggo ngagentos orok.

Geus kitoe, seg Naganing Roem dikebakkeun bari malam tina tjepil diroeroedan, tina panon dilaän, pananganana diboeka sarta bari popojan pokna: „embok babar teh enggeus, salamet, sarta ieu poetra teh diwadahan, tatapi ajeuna koering amit, rek ka tjai heula, koering koe hareudang, rek mandi sakedap bae."

Walon Naganing Roem: „soemangga bae, tatapina oelah lila."

Gantjangna Dewi Pangrenjep toeloej bae ka djamban larangan ka tjai Tji-tandoej.

Barang datang, kanagan toeloej dipitjeun njemproeng di tjai Tji-tandoej. Liwat djamban larangan mipir di Tji-awi tali, kanagan basana palid; dongkapna ka Sapoe angin toeloej njangsang.

Tidinja bet katendjo koe noe keur tapa ajana di Banteng mati, ari ngaran noe keur tapa Raden Himoen Hidajat oellah, poetra nabi Soeleman, lilana anoe keur tapa geus meunang tiloepoeloeh taoen; harita nendjo kanagan keur njangsang di Sapoe angin, prak bae pandita (noe keur tapa) ngaloearkeun pangawasana soepaja Tji-tandoej tjaäh; ditepak koe dampal panangan toeloej Tji-tandoej teh leber tjaäh.

Pandita toeloej ngadjadikeun boehaja poetih.

Saenggeusna Tji-tandoej tjaäh, datang boehaja ka Sapoe angin. Kanagan toeloej disanggap eta koe boehaja poetih njangsangna di Sapoe angin hilireun Sipatahoenan.

Oerang toenda tjarita boehaja keur njoesoehoen kanagan.

Oerang tjatoerkeun deui anoe malidkeun, djenengan Dewi Pangrenjep, geus moelih ka sirah nagara ka Pohatji Naganing Roem bari toeloej sasaoeran ngadjak moeka moerangkalih, padjar maneh diwadahan koe ajakan barina ngomong: „alah-alah."

Pokna teh Dewi pangrenjep: „euleuh, euleuh, embok, matak handeueul teuing koe pitineungeun, handjakal koe piniateun, henteu njana pikir koering ari ras ka moerangkalih iboe poetri rama ratoe, ari boedak siga andjing, henteu njana teuing koering."

Kadangoe koe noe ngalajad, koe sakoer anoe njaksian, kabeh oge teu pertjaja sabab paradjina maroe; sadaja euweuh noe ngomong koe sabab miloe handeueul. Ngan aja djalma saoerang ngaranna Sarasah Wajang, nja eta anoe wani ngomong, ngomongna ka Sekar kembang, wantoe pada geureuha patih. Ari tjeuk Sarasah Wajang: „hamo enja iboe poetri rama ratoe, ari boedak siga andjing."

Diwalon koe Sekar Kembang: „ari maneh kawas noe teu eling ka djangdji

nini paradji ; geuning, tjeuk nini paradji, tjeuli teh oelah sadenge-dengena ari lain dengekeuneuna, biwir teh oelah saomong-omongna ari lain omongkeuneunana. Naha, ari ilaing biwir teh djangdji ngagaplok, biwir teh njiroe rombengeun, tjeuli teh tjeuli lentaheun ; koemaha lamoen kadangoe koe itoe pawarang ratoe, ilaing tangtoe disiksa."

Kabeneran teu kadangoe koe eta Dewi Pangrenjep. Ti dinja pek njaoer Lengser pokna : „aeh, Lengser, geuat maneh geura leumpang, geura oendjoekkeun ka ratoe pedah ieu poetrana bleg djiga andjing."

Gantjangna Lengser ngawalon : „soemangga, djoeragan istri, abdi teh amit doemeuheus." Bari omongna poen Lengser : „koetan djiga anak andjing poetra teh," bari toeloej Lengser loempat bade oendjoekan ka ratoe.

Loempat lemboet manggoet-manggoet,
tjongklang leupas mamandapan,
bawaning koe tarik loempat,
kesangna Batara Lengser,
gorolong noe tina tonggong,
sagede boeah bintaro,
baralang noe tina tarang,
sagede boeah tjaroeloek.

Barang dongkap ka tengah djalan, Lengser teh eureun ; toengkoel bari maroed, tanggah ngahampelas koedjang. Lengser tjitjing bari mikir, ngomong sadjeroning kalboe ; ari tjeuk pikiran Lengser : eh badan kaniaja teuing, pagar maneh boedak siga anak andjing, poegoeh sidik dipalidkeun. „Keun bae", tjeuk Lengser, „rek didoa'keun bae masingna moeloes rahajoe, soegan bae bisa prihatin djaga ge dikaoelaän. Tatapi koe langkoeng bingoeng koemaha ngoendjoekkeunana, ari rek dioendjoekkeun siga andjing da poegoeh ge lain ; eta teh soesah katjida koe sabab rasiah gede. Ah, elmoe toengtoet doenja-siar, gawe paksa, djinah maling sambil bae rasiah oelah kaloear djeung bidjil tina biwir mah, kadjeun bidjil tina gegemboeng, sababna ieu rasiah lain omong-omongkeuneun, tatapi ari ngadeuheusan mah mo boeroeng, sieun dipagarkeun baha kana piwarangan menak, ngan oepama datang mo nembalan bae djeung boeka rasiah mah, anggoer kadjeun diteunggeulan." Gantjangna Lengser teh loempat tina pangeureunanana.

Teu katjatoer di djalanna da djaoeh mo boeroeng tjoendoek, anggang tan wande datang ka pajoeneun kangdjeng ratoe, mando bari ngadeuheusan.

Enggalna ratoe mariksa : „gebes kadia banteng getem kadia matjan ? Aeh, Lengser, maneh tjoendoek roesoeh datang geura, koe boedi kawas noe risi, oelat roepa siga reuas, dek naon ?"

Lengser hanteu ngawalonan, toengkoel bari goera-garo.

Ratoe teh mariksa deui : „koe naon, Lengser, teu gantjang-gantjang nembalan, aing mah bet rada bingoeng."

Lengser tjitjing keneh bae.

Moetoeh hanteu ngawalonan, kaboeroe bae soemping pawarang ratoe, nja eta Dewi Pangrenjep ti sirah nagara. Toeloej bae dipariksa koe ratoe : „aeh, Njai, soekoer pisan ajeuna kaboedjeng soemping, poegoeh akang moetoeh bingoeng,

kataradjang koe kasoesah, keur heran mikiran, Lengser ditanja hanteu nembalan, eta koe naon sababna?"

Ari tjeuk Dewi Pangrenjep: „noehoen sareboe, gerah salaksa, beurat njoehoen, beurat nanggoeng, beurat narimakeun, inja, goesti goeroe dalem agoeng, Lengser teh, noe matak kitoe, sabab keur njandang wiwirang, wirang koe pawarang tea, koe embok agoeng Naganing Roem ngadjoeroena henteu oemoem reudjeung batoer teu moepakat djeung baraja, poetrana bet djiga andjing, tangtoe Lengser miloe era kawantoe Lengser kakasih."

„Paingan, Njai, Lengser teh dipariksa bet teu nembalan manehna miloe eraeun."

Kadenge pisan koe Lengser, ratoe nimbalan kitoe sasaoeran djeung poetri, atoeh Lengser seuseurian; indoeng beloet bapa loebang tjakakak noe kahatoeran, pikir Lengser: aing teu dipariksa deui tan wande rahajoe badan, djadi naha lamoen tadi pek ditembalan, ajeuna mah aing atoh.

Geus kitoe, ratoe teh mariksa deui ka eta Batara Lengser: „aih, Lengser, maneh njaho anakna Nji Naganing Roem siga andjing?"

Lengser teh toeloej amitan, hanteu nembalan, api-api rek ka tjai, hajang ngising bari ngomong: „djeung boesiat pajoeneun ratoe mah, mending diïsingkeun heula,"

Tjeuk ratoe: „geura djor, geura modol, indit geura ngising, indit geura ngaweloe, bisi aing baoe."

Geus kitoe. Lengser teh loempat. Barang datang kana sisi djalan. reg ngahoeleng,

ngahoeroen baloeng koe toelang,
ngagogol kontol koe tjokor,
ngabeulit sirit koe bitis,
ngadjentoel handapeun tandjoeng,
ngadagoan noe ngaliwat,
rek nanja pipoekoelaneun,
soepaja rahajoe badan,
wantoe Lengser eukeur soesah,
soesah sieuneun koe ratoe,
bet djol aja noe ngaliwat,
ewena djeung salakina,
koe Lengser geuat ditanja,
ditjeloek sapedah djaoeh.

Tjeuk Lengser: „hoeh, indoeng sitoeëun, bapa sitoeëun noe ka ditoe, ka dieu, dewek rek nanja heulaän! njaho silaing anak andjing?"

„Njaho batoer oge."

Lengser loempat deui bae ka pajoeneun ratoe, sapedah geus meunang piomongeun.

Ari geus datang, pek dipariksa: „geuat, Lengser, aing rek nanja."

Pek Lengser mando. Tjeuk ratoe: „eta maneh njaho jen boedak teh siga anak andjing?"

„Soemoehoen njaho."

„Batoer noen, tetela?"

„Soemoehoen, batoer tetela noen."

„Soekoer tetela mah jen boedak siga anak andjing, indoengna geura telasan. Tah, pedangna, geura bawa si Naganing Roem, geura teukteuk leundjeuran, geura tilas adegan, geura teukteuk beuheungna, hoeloena bawa ka aing, atina tiïr si Naganing Roem koe sabab aing teh geuleuh."

Enggalna Lengser teh loempat:

loempat sakaloempat-lampet,
barina mamawa pedang,
loempatna njarangka obat,
njoengkedal-njoengkedil,
njigtjrig-njingtjriwilak,
njengtjeregeng bener,
blas ka geusan eureun,
dina loehoer batoe datar,
di handapeun tandjoeng noenggal,
djaoeh sapanjeloek deui,
anggang aja sapamangpeng,
anggangna ka Naganing Roem.

Eukeur eureun, Lengser kataradjang soesah dipiwarang maehan. Lengser teh mo tegaeun ka noe geulis Naganing Roem kawantoe teu boga dosa; malah-malah dipikiran: ah, rek dibedjaän karoenja teuing djoeragan rek dipaehan, padahal teu boga dosa, ajeuna mah anggoer rek dititah tapa; bari toeloej bae loempat.

Datang ka pajoeneun poetri, kasampak keur nangis bae, ari pokna noe keur nangis: „toeloes leboer, toetoeng perah, modar teh dipontrang heulang alamat paeh didjoedjoet deungeun, lamoenna kieu petana, panon poë bidjil peuting, njatjapkeun saboelan biheung, baranang bentang di bale, samar teuing sapiwali alamat raga papisah djeung njawa."

Tjeuk Lengser: „doeh, goesti, abdi agoeng panoehoen gamparan, oelah rek nangis, abdi teh amoen doemeuheus ka pajoeneun dampal goesti, abdi teh aja pioendjoek, dipiwarang koe sangratoe bade nelasan gamparan."

Poetri teh banget nangisna: „ach, Lengser, soekoer teuing, sanadjan koering hiroep ge, wiwirang saoemoer-oemoer geus poegoeh lamoen koe ratoe, koe maroe dikaja-kaja, ajeuna rek dipaehan koering teh, soemangga pisan serah njawa, serah pati, lahir batin ikelas, kabina-bina da ratoe anoe kagoengan."

Lengser toeloej bae tjeurik, bet hanteu daek maehan; ngadenge poetri keur nangis, ari tjeurikna ki Lengser:

„sabendoe-bendoe disoehoen,
sabengkah-bengkah diteda,
abdi teh soemoehoen pisan,
jen dipiwarang tea mah,
tapi abdi teu kadoega,
kawantoe watir ka Goesti,
ari ajeuna sim abdi,
lain pisan rek nelasan,

lamoen pandoek djeung gamparan,
ka toeang pioendjoek abdi,
goesti anggoer geura dangdan,
anggoer oerang angkat bae,
ka ditoe ka patamanan,
geura siram ka moeara,
diadjar soesoetji diri,
diadjar leletra badan,
njenen kemis oenggal kemis,
kanaät oenggal djoemaäh,
ngalaloe oenggal saptoena,
poeasa oenggal salasa,
nja djoeragan geura tapa."

„Ngalaloe di oenggal minggoe, soegan bae poetra soemping isoek djaganing pageto."

Naganing Roem toeloej nangis bari sasaoeran bae: „doeh, kakang Lengser, soekoer sareboe, koering tan wande salamet lamoenna kitoe petana."

Gantjangna pek bae dangdan barina nganggo bebenting,
taärna dipilas hideung,
barina njandak barera,
toeloej njaoer eusi boemi,
noe ngaranna Sengklang larang,
kadoea djeung Nembak larang.

Toeloej bae Naganing Roem angkat barị diïteuk barera.
Angkatna didjaragdjagkeun,
wantoe noe hoedang ngadjoeroe,
angkat bari leuleuweungan,
sedjana ka patapaän,
diïring koe emban doea,
katiloe Batara Lengser,
sarta nangis sadjadjalan,
ditjindoeng koe tjinde woeloeng,
toengkoel njoesoetan pangamboeng,
tanggah njoesoetan tjisotja,
dongkapna ka patapaän,
Lengser toeloej sasaoeran,
ka noe geulis Naganing Roem.

Ari pokna Kai-lengser: „tah, nja ieu, goesti, patapaän teh; soemangga, geura tatapa."

Demi tjeuk Lengser: „soemangga, goesti, koe abdi didoa'keun moega sing loeloes rahajoe djeung deui masing salamet."

Gantjangna Lengser teh amit rek balik ti patapaän, loempat ka sirah nagara kaoeroet poetri babar. Barang kasampak noe siga andjing tea diwadahan koe ajakan, koe Lengser toeloej diboeka, sarta Lengser toeloej ngomong barina baba-

njolan: „euleukeudeuheu bedog, soemoer katoeroeban njiroe, balegbreg ragrag ka para, saoemoer kakara nimoe ngadegdeg bari kakara. Koetan andjing siga kitoe, padahal ieu teh santen, lain andjing saenjana," bari prak bae diboeang. Koe Lengser teh dialoengkeun sarta barina disapa, tjeuk Lengser: „moega-moega masing djadi pamoendjoengan andjing Galoeh."

Ana ragrag andjing teh ka Bodjong Galoeh—mana nepi ka ajeuna aja pamoendjoengan andjing Galoeh, eta kitoe asalna.

Geus kitoe, Lengser teh soesah, rek balik, isin koe ratoe kawantoe dipiwarang nelasan Naganing Roem henteu toeloes, malah-malah, tjeuk ratoe mah, koedoe kabawa sirahna, akir-akir teu toeloes, tah kitoe noe matak soesah.

Tjeuk Lengser: „koe naon digantianana mastaka djoeragan istri? Ari rek oengah-engoh lengoh, mo pihadeëun da geus saperti: neukteuk tjoeroek dina pingping, tamiang meulit ka bitis: malindes, ratoe teh meuntjit ka dewek."

Eukeur kitoe, doemadakan aja liwat djalma paroelang ti leuweung, tatapina henteu lengoh wantoe noe balik ti leuweung aja noe narik, hoeroenan soeloeh djeung noe mawa kompetan daoen.

Koe Lengser pek diawaskeun, ari geus tetela awas, koe Lengser didangding dipake omongan ka ratoe. Tapi Lengser ngomong deui: „eh, lain kolot kakara sapoë, elmoe da geus ngandoeng, pangawasa enggeus ngantongan, pangareti enggeus ngeusi."

Ngadjoegdjoeg ka padaleman, ka praboe ratoe tea, sedja rek ngabohong

Teu katjatoer di djalanna, tjatoerkeun geus nepi bae ka pajoeneun ratoe Galoeh.

Datangna onggeng angglekeng, laj mando njembahna koe tjokor. Atoeh ratoe teh njeuseul ka Lengser da disembah koe tjokor: „ih, batjot! loekak djapakan temen, maneh teu ngadab, naon sababna mana wani-wani njembah koe tjokor ka aing!"

Tjeuk Lengser: „doeh, goesti, njoehoenkeun bebendoe, bobot pangajon, timbang taradjoe, hoekoem adil pangadilan, sadaja aja di goesti. Noe matak njembah koe soekoe, abdi teh kapoekoel bingoeng, kataradjang koe soesah pedah timbalan gamparan abdi teh koedoe maehan poetri."

Toeloes atawa henteu?"

„Hoeroen soeloeh, kompet daoen, tarik balok, geredeg ka tegal eurih."

„Koemaha geus kitoe?"

„Goesti langkoeng oeninga da aja omongan: tjirining wong ngamaling tandaning wong ngadjinah, ngatjir bae kembang eurihna."

Ti dinja teu lila, tjeuk Lengser: „hoeroen soeloeh, kompet daoen, tarik balok, deregdeg dibawa ka tegal koneng, kagoengan gamparan kembang lampoejang, tongtak saradat, bras broel pake ngatjar akar tangkal poetjoek daoen, kembang koneng wawadoelan."

Tatapi ratoe teh mariksa deui bari goemoedjeng, sapedah omongna kitoe saoerna: „kajoengjoen teuing silaing bisa maehan."

„Soemoehoen, bisa koe tjatoer, noen."

„Koemaha geus kitoe?"

„Teu lila hoeroen soeloeh, kompet daoen, tarik balok deregdeg dibawa ka Bodjong

Galoeh, ari datang ka dinja, djoeragan langkoeng oeninga da lain enggon djelema."

„Na, enggon naon ?"

„Soemoehoen, enggon siloeman, reudjeung sileman ; malah-malah pada ngomong sileman reudjeung siloeman teh kabeh kadenge koe abdi."

„Ngomongkeun naon siloeman teh, Lengser ?"

Tjeuk Lengser :

„ngenta soengsoem, ngenta baloeng,
ngenta oerat, ngenta lamad,
ngenta daging reudjeung getih,
ngenta koelit reudjeung boeloe."

Djadi bolampar abdi ngoeroes mastakana reudjeung atina ; lah! oepadi eta mah djoerig tjokekek, ana njotjo bari njekek, njotjona ka boedjoer dewek ; ngan geledeg bae abdi loempat."

Saoer ratoe : „eh, Lengser, kadjeun teuing teu kabawa oge hoeloena si Naganing Roem ; sok moen maneh bae oelah paeh, teu dihakan siloeman ge barabara ; tapi aing ajeuna rek nitah deui."

Djawabna : „soemangga, goesti rek nimbalkeun naon ?"

Tjeuk ratoe : „ieu, Lengser, poetra aing ngan sahidji djenengan Aria Banga, ajeuna geura pestakeun. Maneh, Lengser, geura leumpang parentah gagaman saraoeh djeung panajagan, sakabeh parabopati, oerang njieun soekan-soekan mestakeun poetra aing."

Gantjangna Lengser teh loempat ti pajoeneun kangdjeng ratoe ; teu katjatoer di djalanna.

Tjatoerkeun geus nepi bae ka aloen-aloen sewoe tjengkal, di dopang waringin soengsang, Lengser nakol bende, ngoengkoeng di aloen-aloen.

Geus kadangoe koe sadaja, tetela jen sora bende noe nakolna Kai-lengser.

Boeroedoel ti tebeh kidoel,
kampoengan paratoemenggoeng,
bawana tjaloeng djeung angkloeng,
saratoes djeung limapoeloeh,
lagadar djoeraganana,
boeroedoel oemboel-oemboelna,
ngagoeroeh ka aloen-aloen,
earna ti tebeh wetan,
kampoengan ti parademang,
bawana pentja djeung wajang,
lagadar djoeraganana,
ngadjadjar toekang baksana,
saratoes djeung limapoeloeh,
ngabengbreng ti tebeh kaler,
kampoengan ti pararaden,
bawana topeng djeung ronggeng,
sor deuï ti tebeh koelon,
kampoengan parakaliwon,

bawana reog djeung barong,
ngagoeroeh ka aloen-aloen,
ngempoer djeung bandera woengoe,
tjitjiren nagara ratoe,
ngelewir bandera beureum,
tjitjiren teuneung ka getih,
menak taja kasoesahna,
eukeur ngalampahkeun pesta,
di nagri Galih Pakoean,
ratoe euweuh kaboetoehna,
moesoeh noe diajoeh-ajoeh,
badjo noe didago-dago,
badjag noe diamba-amba,
kereta dipaliaskeun,
kitoe lampah praboe ratoe,
mestakeun poetra sahidji,
djenengan Aria Banga.

Toenda heula tjarita ratoe keur pesta.

Oerang tjaritakeun deui noe dipalidkeun tea, diwadahan koe kanagan, disoesoehoen koe boehaja, njangsangna di Sapoe angin.

Tjai ngaranna Tji-tandoej, tatapi hilireun kanagan bet aja leuwi ngaranna Leuwi Sipatahoenan. Di dinja aja noe keur naheun badodon oerang lemboer Kalipoetjang, ngaran Aki Nini balagantrang, gawena toenggoe badodon.

Tapi Nini langkoeng kaget njeueung Tji-tandoej tjaäh ngalimpas badodon; malah-malah Nini ngomong, pokna: „euleuh, Aki, naha tjai teh gede-gede teuing, koemaha badodon oerang datang ka henteu katembong, koemaha lamoen seug palid?"

„Iding, Nini, atoeh heueuh."

„Koe naon noe matak tjaäh?"

„Gede tjaina."

„Oelah kitoe, Aki, kapan aja basa: rempoeg djoekoeng, peunggas tihang lajar, bobo sapanon, tjarang sapakan, euweuh deui ngan ewe sareng salaki; ajeuna mah, hajoe! oerang balik bae."

„Atoeh, Nini, geura dangdan.

Prak nini-nini dangdan:

disamping djoelat-djaletong,
karembong batik manjingnjong,
bari ngais-ngais endong.

Nja kitoe deui Aki prak dangdan:

njanjoren koedjang pangarang,
bari ditjalana ginggang,
badjoena ge badjoe halang,
bari njoren kodja rendang,
geura nam Nini ti heula,

kodjengkang Aki noe leumpang,
ringkik Nini ti pandeuri,
ketroek bari koendang iteuk,
tongkro-tongkro sadjongdjongan,
dina leuweung sakeukeudeung,
dina lebak sabengbatan,
djlog datang ka Kali poetjang.

Pok Aki ngomong: „dala kadalah, ieu lemboer oerang."

„Atoeh enja; hajoe! Aki, da geus datang, oerang mepes kesang nambaän palaj, oerang eureun tjape bari sare."

„Heug, Nini njanghoeloe ngidoel, aing noe njangirah ngaler."

„Ih, oerang papais-pais paraj."

„Anggoer oerang päädoe hoeloe, aja haneut."

Reup bae Nini sare reudjeung Aki.

Toenda heula tjarita anoe keur sare.

Katjaritakeun kanagan anoe keur njangsang, njangsangna dina badodon, ajana dipatimoean.

Geus kitoe, toeloej kaimpi koe noe eukeur sare tea; kaimpina koe Nini balangantrang nendjo srengenge bari ngalahoen boelan; ari impian Aki, Aki ngimpi nendjo tjahaja di dasar tjai gedena, sagede boeah baligo.

Geus kitoe hoedang Nini djeung Aki.

„Aeh, Aki, geura hoedang kaoela teh bieu ngimpi."

„Ngimpi naon, Nini?"

Nini teh toeloej nembalan: „kapan ngimpi nendjo srengenge djeung ngimpi ngalahoen boelan."

„Soekoer, Nini, bakal papanggih djeung redjeki anoe gede."

„Redjeki ti mana, da oerang teu dagang teu lajar, naon lantaranana?"

„Kapan mah orang teh naheun badodon geus tangtoe redjekina bakal ti dinja."

„Atoeh hajoe! Aki, oerang teang badodon teh."

„Poëk, Nini, kawantoe ieu ti peuting."

„Kadjeun teuing poëk mah, oerang mawa obor bae."

„Leueur, Nini, da hoedjan."

„Oerang mawa iteuk bae."

„Hajoe! Nini, oerang dangdan."

„Geus kitoe, toeloej laleumpang Nini djeung Aki; tengah peuting inditna.

Barang datang kana handapeun kepoeh noenggal, dikira djanari leutik, eureun Nini reudjeung Aki. Keur eureun, Nini teh seug nendjo kana badodon. Geus kitoe, katembong koe Nini aja kanagan dina badodon.

„Itoe naon, Aki, montjorong bet semoe hedjo?"

„Boa-boa mata meong."

„Adoeh, Aki, boa enja sarta semoena hoeroeng."

„Tjing, Aki, koe Aki geura parantjahan ti kadjaoehan."

„Heueuh, Nini."

Toeloej koe Aki diparantjahan, ari pokna Aki: „tjik, lamoen aja djoerig njili-

woeri, bisi aja setan toemaroempang, lamoen djoerig koedoe obah, lamoen redjeki koedoe tjitjing."

Geus kitoe kanagan teh toeloej obah, disoendoel koe boehaja poetih.

Katendjo koe Aki kanagan teh bet obah, tjek Aki: „adoeh, djoerig Nini, da obah."

„Atoeh enja, Aki, ajeuna mah oerang balik bae."

„Geura pek, Nini, koedoe ti heula nja leumpang."

Toeloej Nini leumpang gantjang, Aki leumpangna pandeuri. Geus kitoe, Nini kadoepak koe Aki, datang ka laboeh pisan; toeloej Nini teh tjeurik.

Tjek Nini bari tjeurik: „teu hajang teuing aing didoepak, datang ka laboeh, ajeuna mah, aing teh geura serahkeun, aing bere talak tiloe ka Aki, da bongan Aki teh ngadoepak datang ka laboeh."

„Aeh, Nini, oelah kitoe, Nini teh bisi doraka, oelah waka menta talak, talak teh aing noe boga, koe Nini oelah dipenta; ajeuna mah, anggoer geura oerang padoe."

„Madoekeun naon Aki?"

„Madoekeun lampah salah mana, salah Aki atawa salah Nini, tjeuk aing mah, Nini, geuning saroea salahna."

„Na koemaha, Aki, dibasakeun saroea salahna."

„Kieu, Nini, kasalahan Nini, bongan Nini teh loempat ti heula kendor teuing, ari kasalahan Aki, bongan Aki loempat pandeuri tarik teuing, djadi geus saroea salahna."

„Aeh, bener Aki, oerang saroea bonganna, ajeuna mah oerang silihtimbang bae, djeung deui oerang balikan deui anoe katembong tadi tea noe aja dina badodon, soeganna enja redjeki."

„Atoeh nam, Nini, ti heula."

„Emboeng, Aki, koela ti heula, sieun setan."

„Pandeuri atoeh."

„Pandeuri ge emboeng, sieun djoerig."

„Bet koemaha kahajang, Nini?"

„Kahajang koela, Aki leumpang teh bari ngarendeng bari dikaleng nja beuheung."

„Ari, Nini, bet ngongoraeun, hajang leumpang rerendengan."

„Aki, lain ngongoraeun, aja pangarah kaoela, ari leumpang ngarendeng mah, laboeh oge meureun bareng, henteu oerang bareng, djadina meureun saroea salametna diri oerang."

Geus kitoe, Aki teh toeloej ngaleng beuheung Nini bari leumpang gagantjangan.

Hanteu kotjap di djalanna; kotjapkeun datangna bae.

Datangna kana badodon, geus kitoe, toeloej katendjo aja kanagan dina badodon:

„Dalah, Nini, kabeneran aja, kanagan aloes ajana dina badodon."

„Atoeh soekoer, Aki, ajeuna mah, geura tjokot njatana redjeki tea."

Koe Aki toeloej ditjokot barina ngomong: „heh, ieu, Nini, tampanan kanagan tetela emas, tatapi njao eusina."

„Atoeh, Aki, oerang boeka bae ieu kanagan, hajang njaho di djerona."

„Oelah, Nini, sebab ieu lain banda oerang pribadi, kawantoe oerang teh nimoe."

„Na, koemaha atoeh, Aki, mana wet dikoretkeun koe Aki."

„Hih, Nini, lain dikoretkeun, ieu kanagan koe aing eukeur dipikir heula. Mending-mending lamoen banda sadrah, koemaha lamoen bok banda beunang rampog, saperti beunang maling, ibarat beunang ngabegal. Engke-engke, lamoen koe oerang diboeka, kaboeroe datang noe boga, geus tangtoe bakal tjilaka, geuning tjek babasan temah: noengtik lari njiar boekti, nereka njampak njomana djadi kakeureut koe sieup, kasipat koe bener, katindih koe kari-kari. Kari-kari oerang teu boga noe kieu, engke-engke keur diboeka, djol datang noe boga, djadi katempoehan boentoet maoeng; geus tangtoe oerang teh meureun tjilaka."

„Aeh, Aki, bener temen omong Aki, ajeuna mah, da oerang sieun kaboeroe koe noe boga, kanagan teh, hajoe! oerang bawa ka noe anggang, entong balik ka lemboer oerang noe matoeh, oerang bawa ka leuweung bae."

Toeloej dibawa koe Aki djeung Nini kanagan teh; dibawana silihgenti.

Teu kotjap di djalanna; kotjapkeun datangna bae.

Datang ka hidji goenoeng ngaranna Boender rarang di poentjak Bodjong Kerentjeng, di dinja toeloej areureun, Aki teh djeung Nini, di handapeun tangkal kopo, bari Nini toeloej ngomong.

„Kanagan teh, hajoe! Aki, oerang boeka."

„Oelah waka, Nini, rek nendjo heula nagara tina loehoer tangkal kopo."

Tjat, Aki teh naek kana tangkal kopo tea, malah-malah kopo teh datang ka tjondong ditaekan koe Aki Balangantrang.

Bari Aki toeloej ngomong: „bet djaoeh ka nagara Galih Pakoean, Nini, ieu ti dieu ti lebah oerang."

„Soekoer, Aki, djaoeh mah, tatapi eta kopo teh wani datang ka tjondong koe Aki ditaekan."

Bari toeloej disapa tangkal kopo koe Aki, tjeuk Aki: „moega-moega troes ka intjoe poetoe, ka anak oerang sadaja, ieu tangkal kopo oelah dek aja noe lempeng, sabab oeroet aing naek ngaranna oge Kopo tjondong kamadengdang."

„Heueuh, Aki, ajeuna mah kanagan teh oerang boeka."

„Engke, Nini, koe oerang rek ditoedjoem heula ieu pieusieunana."

„Dieusi naon?"

„Hih, Nini, mo gagal ieu teh dieusi oeang, lamoen kitoe, aing mah rek dibeulikeun bae kana sapi kana moending. Ari Nini rek meuli naon?"

Aing mah rek meuli samping djeung karembong."

„Oelah, Nini, oelah dibeulikeun henteu poegoeh," bari Nini ditampiling koe Aki.

Malah-malah Nini datang ka tjeurikna, bari toeloej Nini ngomong: „njeri teuing pipi aing ditampilingan koe Aki, naon dosa koela, dosa anoe djadi matak?"

„Bongan bae, oeang gede-gede dimoehak-moehak."

„Atoeh salah, Aki, oelah waka nampilingan, djadi mareboetkeun baloeng tanpa eusi."

„Enja, Nini, djadi aing noe salah, ajeuna mah geura toedjoem."

„Euh, Aki, kanagan geus tangtoe dieusi boedak."

Geus kitoe, toeloej diboeka koe Nini, tatapi teuing koe pageuh kawantoe kanagan disosi.

„Aing mah, Aki, teu bisa moeka sabab ieu teh disosi; tjing, soegan koe Aki bae."

Pek koe Aki diboeka; barang diboeka di djerona tetela dieusi boedak djeung aja endog hajam sahidji.

„Dala kadalah, Nini, bet Nini noe kabeneran noedjoem teh tetela pisan, ieu teh dieusi boedak."

„Kadieukeun koe aing rek ditampanan."

Toeloej koe Aki dibikeun.

„Keun bae endog mah, montong ditjokot, ieu bae boedak."

Bari toeloej koe Nini boedak teh diïlikan, sidik boedak teh lalaki sarta kasep mani tembong tjahajana saoepama boelan bae. Tapi koe Nini ditjeungtjeurikan sabab boedak matak watir awakna pinoeh koe getih.

„Adoeh, Aki, geura ngala tjai keur ieu ngebakkeun boedak."

„Heug Nini."

Gantjangna Aki leumpang neangan tjai.

Sabot Aki dangdan, moerangkalih keur dilahoen koe Nini, toeloej boedak teh kokolosodan soekoe boedak nintjak batoe.

Tina oeroet nintjak tea bet bidjil soemoer doea ngarendeng tina djero batoe tea.

„Aki, entong toeloes leumpang, geuning ieu aja tjai; ngadak-ngadak aja soemoer."

„Soekoer, Nini, eukeur mah aing teh emboeng ngala tjai teh, sangeuk djaoeh, ajeuna bet aja, mana kitoe ge perwatek moerangkalih, ajeuna mah hajoe! oerang mandian."

Pek bae dimandian koe doeaän silihgenti.

Sanggeusna dimandian koe Aki, teeloej diajoen dina tangkal kopo tea, bari silihgenti Aki reudjeung Nini kakawihan kieu pokna:

„nelengnengkoeng asep,
nelengnengkoeng geura ageung,
oedjang geura ngapoeng,
geura ngapoeng teh ka lebah loehoer,
tingali nagara tea nagara Galih Pakoean."

„Oelah kitoe, Aki, boedak teh masih keneh diajoen, geus dititah ngapoeng-ngapoeng, palangsiang ari ageung mah ninggalkeun ka oerang."

„Atoeh pek koe Nini geura ajoen."

Pek koe Nini diajoen, ari pokna:

„nelengnengkoeng djoeragan, nelengnengkoeng,
geura ageung djoeragan geura djangkoeng,
geura pakajakeun indoeng,
geura kemploeng mapas liwoeng,
tjeplak geura mabakan."

„Hih, Nini, oelah dikitoe eta moerangkalih lebar, oelah dititah mabakan, aing oge tajtan weleh njieun lemboer."

„Hih, Aki, saoepamana, engke geus gede."
„Kadieukeun, koe aing rek diajoen deui."
Pek deui koe Aki diajoen ari pokna:

„satadi deui bae nepi ka ngapoeng,
geura leumpang ka Goenoeng Padang,
geura sileungleumkeun endog,
ka Naga Wiroe keur tapa,
ajana di Goenoeng Padang."

„Aki, oelah kitoe, eta boedak oelah dititah ka Goenoeng Padang, bisi toeloej ka Pakoean, kaoela meureun leungiteun."
„Heg bae, atoeh Nini, ajoen deui koe Nini."
Pek koe Nini diajoen bari kakawihan bae, pokna:

„nelengnengkoeng djoeragan, nelengnengkoeng,
geura ageung djoeragan geura djangkoeng,
geura pakajakeun indoeng,
geura kemploeng mapas liwoeng,
geura kemplang mapas djalan,
tjeplak geura mabakan,
geura toeloej asep leumpang,
bari leumpang mawa hajam,
pantesna asep rek ngadoe hajam,
ka nagara Galih Pakoean."

„Oelah kitoe, Nini, eta boedak oelah diwarah ngadoe hajam, anggoer kadieukeun, koe aing diajoen deui."
„Top Aki, koe Aki geura ajoen."
Pok deui dikawihan, bari ngajoen-ngajoen boedak pokna:

„geura sare meungpeung sore,
geura tibra meungpeung beurang,
djaga mah oerang soesoempit."

„Oelah kitoe, Aki, oelah kadjongdjonan teuing ngajoen-ngajoen boedak. Ajeuna mah oerang bawa pindah deui, bisina kaemper-emper ka nagara Galih Pakoean, tangtoe tjilaka sabab oerang saoemoer teu boga anak."
„Aeh, heueuh, Nini, atoeh, hajoe! ajeuna mah oerang bawa pindah tea."
Toeloej boedak teh koe Nini diais, koe Aki diïringkeun ti pandeuri.
Teu kakotjap di djalanna; kotjapkeun datangna bae ka leuweung, ka Geger soenten.
Ari datang, Nini toeloej ngomong: „Aki, oerang teh, da geus datang, Aki koedoe njieun lemboer di dieu di Geger soenten, sabab oerang boga anak koekoetan."
Gantjangna pek Aki njatjar, dek njieun lemboer babakan.
Sabot aki-aki njatjar, moerangkalih dipependе handapeun gintoeng gorowong, bari Nini kakawihan:

„pependekong, pependekong,
dipependе bari dipengkong,

disimboetan koe karembong,
handapeun gintoeng gorowong,
oerang sare, asep, reudjeung nini ompong."

Moerangkalih gantjangna teu daek sare, sanadjan dipependé oge, malah-malah anggoer tjeurik, barina ngomong bae.

Ari pokna: „dangoekeun, Nini, geura dangoekeun peupeudjeuh djeung oelah henteu sasakit djeung geuna-geuna, poma reudjeung pisan-pisan koe Nini geura dangoekeun, sabab koering aja dina leuweung kieu; ari koering saha nja iboe nja ramana?"

Tjeuk Nini: „djoeragan, poma oelah mariksakeun iboe, oelah mariksakeun rama, sabab iboe teh nja ieu, ari rama kapan itoe anoe njatjar."

Tjek boedak: „lain kapan ieu mah ema nini, ari itoe anoe njatjar ema aki."

Ti dinja koe Aki toeloej kadenge, sabab boedak teh keur tjeurik, aki-aki toeloej loempat tina tempat noe ditjatajr, njampeurkeun barina ngomong, pokna: „naha, Nini, boedak teh sina tjeurik bae. Naha, koe Nini teh diteunggeulan atawa ditjiwitan? Oelah kitoe, Nini, aing mah karoenja pisan!"

„Hih, Aki, teu dipeupeuh, teu diteunggeul, teu ditjiwit-tjiwit atjan; tjeurik soteh boedak mariksakeun iboe rama, malah-malah koela geura toeloengan sabab teu bisa ngoepahan."

„Atoeh kadieukeun, koe aing dek dioepahan."

Pek boedak teh koe Aki dipangkoe-pangkoe barina ditanja bae.

„Koe naon, neng, noe matak nangis; eneng teh palaj naon?"

„Hih, Aki, koela lain hajang barangdahar, hajang soteh njieun lemboer, tatapina djieun koela sorangan."

„Oelah waka, palaj njieun lemboer, wantoe asep masih leutik keneh."

„Kadjeun, Aki, ari ditjarek mah dek njieun lemboer sorangan, ajeuna mah koela geura pepende bae sabab koela hajang sare."

Pek koe Nini djeung koe Aki boedak teh bari dikeukeupan handapeun gintoeng gorowong; toeloej Nini reudjeung Aki sare.

Tatapina eta boedak henteu daekeun sare nadjan dikeukeupan oge, wantoe-wantoe eta boedak enggeus kapandjingan soekma, manan sare anggoer doemadakan eling kana sirep.

Prak Aki djeung Nini disirep; geus kitoe, tibra heësna Nini djeung Aki.

Ari boedak toeloej hoedang bari ngomong ka noe eukeur sasarean.

Ari pokna: „ema Aki, ajeuna koela amit, dek ngalampahkeun piwoeroek bareto. Basa diajoen, koering dipiwarang ngapoeng koe Aki, ajeuna dek dilampahkeun."

Aki henteu daekeun nembalan da sasarean.

Gantjangna moerangkalih teh toeloej ngapoeng:

beuki loehoer pangapoengna,
tarik batan mimis bedil,
paboeroe-boeroe djeung manoek,
paheula-heula djeung heulang,
pahiri-hiri djeung geuri,

kalampoedan koeöeng-koeöeng,
kalampatan mega bodas.

Datangna ka madja gantang, pek moerangkalih eureun bari ningalian noesa tigang poeloeh tiloe, bangawan sawidak lima.

Sanggeus katingali aja nagara, nja eta nagara ramana tea, nagara Galih Pakoean. Malah-malah aja noe katingali pisan di boeroean padaleman tetela moerangkalih Aria Banga keur diasoeh koe pertoemenggoeng, diaping prabopati, dipirig koe tatabeuhan wantoe poetra ngan sahidji.

Sanggeusna katingali koe moerangkalih, toeloej mikir barina pek sasaoeran ari pokna: „geuraheun teuing anoe kagoengan iboe rama moerangkalih wani diasih koe paratoemenggoeng, dipirig koe tatabeuhan. Ari seug diri sorangan, djelema kateler-teler, dioek dina batoe semper; soegan bae djaga mah kaemper-emper."

Sanggeus kitoe, moerangkalih teh ningali deui ka handap, ningali Nini djeung Aki eukeur sare tibra pisan. Bari toeloej dipisaoer koe moerangkalih di loehoer, saoerna: „karoenja teuing, koe Aki djeung Nini abong sare beunang njirep taja pisan kaelingan, wani tjeulina pinoeh koe peuti, panon dilampat koe sireum, palangsiang matak doraka. Hajang teuing bisa moelang tamba ka Aki djeung ka Nini, dek diadjar njieun lemboer, tatapi hajang oelah kalawan koe anggahota, palangsiang mo bisa, lamoen teu kabawa koe anggahota."

Tatapi keur mikir kitoe, toeloej bae moerangkalih kapandjingan koe soekma tea, prak bae moerangkalih njipta babakan di Geger soenten; doemadakan aja bae lemboer aloes pisan.

Geus kitoe, moerangkalih toeloej toeroen balik kana lemboer tea; teu katjatoer di djalanna; gantjangna, geus datang bae.

Barang datang, Aki kasampak masih keneh sasarean reudjeung Nini.

Nini djeung Aki digeuingkeun, toeloej bae hararoedang.

Barang ningali nini-nini geus aja lemboer, henteu njana jen beunang moerangkalih njipta, nini-nini toeloej tjeurik barina nanja ka Aki, ari pokna: „Aki, kaoela koe langkoeng heran mikiran ka moerangkalih, tadi-tadi dipependé, ajeuna njaritakeun datangna ti mega malang djeung ieu bet aja imah. Naha, ieu lemboer saha, mana aloes-aloes teuing; palangsiang djol noe boga, oerang daek-daek leboer toetoempoeran, paeh dipontrang heulang, didjodjo wet deungeun, sabab ieu lemboer saha?"

tjoendoek kana mega noenggal,
datang kana mega kajas,
patapaän noe ngabeureum,
mangka estoe pangbeureuman,
moen estoe djadi pangbeureum,
sangratoe djadi soegihna
henteu mah euweuheun teuing,
djadi kasoegihanana,
loenta kana ‚tjinta reang,'
patapaän dalang tandak,
lain satandak-tandakna,
moen ampoeh ngagoenoeng soewoeng,
henteu mah euweuheun teuing,

djadi kasoegihanana,
soemping kana ,tjinta wengi,'
patapaän nji paradji,
lain sapradji-paradjina,
moen estoe noeloeng ngadjoeroe,
mana datang ka noe pasti,
henteu mah euweuheun teuing,
tjoendoek kana ,tjinta lagoe,'
patapaän djoeroe pantoen,
lamoen estoe pangmantoenna,
djadi pangmantoen sangratoe,
djadi kasoegihanana,
pangandika Goeroe Minda,
moen ampoeh Loetoeng kasaroeng,
henteu mah euweuheun teuing,
ka angin sada karinding,
ka hoedjan sada galendang,
kana goegoer sada angkloeng,
ka gelap sada trawangsa,
awak ampoel tanding kapoek,
hampang kawas tanding koembang,
awak dalit djeung noe leutik,
awak saroea noe lemboet,
saraga reudjeung dewata,
kaoela Nji Anta maja,
sategesna Anta boekti,
Pohatji Sang seda tapa.

Doeg ka sawargaloka manggoeng alam padang, poë pandjang, soenan amboe kasampak kasondong aja, roj mando, parapat njembah.

„Si-oetoen soemping naon poëna naon boelanna?"

Tjoendoek ka Soenan amboe: „datang di boelan soebaja." „Soemangga pikersaeun, rampes geura pikonokeun, koemaha saoer ka amboe?"

„Owah, Soenan amboe, mana peuting koemareumbing, mana poëk soemeleket ngoembara geus meunang, pada-pada meunang goreng pisan, hideung batan wadah teuleum, bangban awak batan gagak, ngan sorotna henteu leungit sasemoe keneh djeung amboe."

„Oetoen, oelah redjag koe hideungna, koe gorengna; hideung soteh poepoelasan nja eta saroepa djeung amboe teh."

„Soenan amboe, nanging eta nalangsa pisan, paloepoeh ngan sabebek, hateup ngan sadjadjalon, ka amboe neda pitoeah ka rama neda sapaät, rek misalin, karoenja nalangsa pisan."

„Oetoen, oelah redjag, oelah reuas, meureun banda djenoek diwoewoehan,

banda rea ditambahan, amboe mah ngagadoeh bae. Geura balik meungpeung peuting, si-indji bisi kasampak geus njaring; geura poelang mangka gantjang, si-indji bisi kasampak geus hoedang. Oelah waka tembong kasep, tatjan datang ka poëna; bisi teu hedjo lalakon, bisi teu rambaj tjarita, tatjan datang ka poëna."

„Soemoehoen, Soenan amboe, ngatoeran amit."

Tjedok njembah, parapas geus ngoengkoelan ngalanggoekan.

Doeg ka boeana pantjatengah, imbit milang bentang, kasampak sare keneh, dianggo raksoekan, djanggelek miroepa loetoeng; keur meudjeuh ngeureunan palaj.

Tjag:

teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

XIII.

Ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,
ngobah-ngobah noe keur tapa,
neda agoeng nja paraloen,
neda pandjang pangampoera.

Tjatoerkeun Soenan amboe.

„Boedjangga seda, Boedjangga sakti, Gan Oetoen tas soemping. Geura djoengdjoengkeun, seuweu ratoe, geura djajak seuweu radja. Boedjangga seda balena, Boedjangga sakti imahna, dewata anoe ngeujeuban, mangka aja samaktana, mangka agreng batan di nagara sarta tampianana."

Boedjangga leuih pangawasana: ti loehoer lemboet datang ka handap badag, sadjiad sakersana katoeroetan, saketjapna tjatjap bae.

Tes, djleg ngadjenggleng bale kantjana hateup genteng omas, sisi ngajapak imahna pisan:

dirandjangan lima toendan,
dikasoeran toedjoeh toempang,
ngalembreh kasang tjindena,
goegoeling mandjati Keling,
kasoerna lalambe soetra,
simboetna sindoer Banggala,
ditoempalan koe peremas,
lalamak paramedani,
loeloehoer halimoerentang,
hoeroeng koe parada pasoeng,
herang koe parada kompjang,
loeloehoer djeung rereganna,
koemiriling koemirintjing,

njabetan kana goegoeling,
katinggang koe angin leutik,
tes ngaherang tes korompjang,
njabetan djaregdjeg randjang,
papadjangan hoeroeng herang,
pamisalin Agan loetoeng.

Tjatoerkeun Sanghjang loetoeng.

Poetri boengsoe dipangkoe, diëbogkeun kana kasoer toedjoeh toempang, disimboetan simboetna sindoer Banggala, ditoempalan koe peremas matak tibra ka noe sare.

Djoet toeroen Sanghjang loetoeng, tapakoer dina bale kantjana.

XIV.

Tjatoerkeun di manggoeng.

Tjaritakeun di kahjangan Soenan amboe karek njipta tampian.

Tjoeroeloek noe tjipanonan,
disoesoetan mangka saät,
batan saät anggoer djenoek,
mani ngaloekrah ragragan,
ka boeana pantjatengah,
ngalombang gila koe herang,
pantjoeran tambaga soekra,
tandena djolang kantjana,
panimba oendem salaka,
ngempoer tatandjoeranana,
katjapiring kajoe poering,
siang kekembanganana,
kembang ratna aer mala,
kembang ratna parawangi,
kembang ratna joji banten,
tatadjoeran di tampian,
nagasari djeung malati,
djiadan Boedjangga sakti,
njondongan lis Poerba sari,
kembang ganda aer mala,
kembang ganda parawangi,
kembang saka kembang wera,
kembang widjaja koesoema,
tatadjoeran di tampian,
tjiptana paradewata,
mana tampian oetama.

Tjatoerkeun di boeana pantjatengah.

Braj beurang:

koelisik poetri noe oesik,
kodjengkang poetri noe hoedang,
njoreang ka loehoer ngempoer,
njoreang ka handap herang,
reg ngahoeleng, ngadaweung, ngaboentel tineung.

„Aeh, sangli ka mendi, awak ing sasar ka mana, ari kalamari paloepoeh sabebek, hateup sadjadjalon; tas sare kasampak papadjangan hoeroeng herang."

Djoet toeroen kana taradjoe,
dilintjaran koe tjandana,
dihambalan koe tambaga,
tjiptana Kai Boedjangga,
waktoe misalin ti peuting,
nintjak kana tatapakan,
batoe benteng toeloej dengdek,
njoreang ka boedjang loetoeng.

„Oetoen, oerang sangli ka mendi, oerang sasar ka mana, sabab ka mana sok sieun teuing, oetoen, asoep siloeman sileman."

„Owah, soehoenan pamadjikan, oelah redjag, oelah reuas, loemajan pamisalin boedjang loetoeng."

„Oetoen, pamisalin ti mana? Sok sieun dipangmalingkeun."

„Soehoenan pamadjikan, tadi ti peuting beunang, ngimpi boeroeh naek."

Braj manahna Poerba sari.

## XV.

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Soenan amboe, teroes panon batan katja, katingali salawasna, ditoeroenan pangawasa mangka taradjang panas hareudang ambrih tampian tereh kanjahoan.

## XVI

Tjatoerkeun di boeana pantjatengah.

„Sok panas hareudang teuing; oetoen, di mana aja tampian?"

„Rampes, pariksakeun tonggoheun imah oerang, lamoen kapanggih aja kingkilaning bagdjana, lamoen teu kapanggih kingkila lain bagdjana, pangembohan ti peuting waktoe ngimpi misalin ti peuting."

„Oetoen, geura toenggóe imah, teteh rek amit siram."

„Soehoenan pamadjikan, ngan sakitoe, loetoeng mah kabisana toenggoe imah.

Djoet toeroen ti bale kantjana.

Katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag nja ngalangkah,

toemandang taja noe roang,
roang soteh roang badak,
oendoer soteh djeung noe lemboet,
leumpang soteh djeung noe lendjang,
angkat karo wawajangan,
pakean djiga kiramaj,
karembong sabaroeboetan,
salindang sariga rambang,
angkatna djadjaloentjatan,
tetenger eukeur napaän,
ti hoeloe sasemet boedjal,
ti handap sasemet toeöer,
angkat dikoempal-kempolkeun,
ngeupatkeun koedjangna boentoeng,
boga boedjang hidji loetoeng,
malingping dipinding-pinding.

Tjat nandjak di oendak-oendakan, hajang tereh ka daratna.

Djoet ka djamban:

,sok sieun teuing pamali,
agreng batan di nagara,
aja saparabot goesti,
sok sieun teuing pamali,
teu siram gila hareudang,
moen siram bisi pamali.'

Malikan koe andjeun bae:

,goesti siram koering miloe,
da taja deui tampian.'

Prak toeloej noe siram panimba oendem salaka, ngaroeroe saboekoe-boekoe; braj tembong kageulisanana.

Kembang semboeng ting goeloesoer,
kalakaj pating baranang,
nja keusik djiga aroesik,
nja batoe djiga arimoet,
kahibaran poetri mandi,
nja kikis-kikis ngalelir,
nja kandang-kandang harerang,
panon poë mah kamandjon,
kahibaran poetri siram,
geulis ti nitis ngadjadi,
djalma lendjang ti pangpangna,
teroes ka langit pingpitoe,
parat ka tjongkar boeana,

komara mantjoer ka manggoeng,
kageulisan Poerba sari.

Tjatjap ing siram:

katjatjang kolear angkat,
keupatna aloeng ka manggoeng,
tanding bintjaroeng diadoe,
keupatna heulang ka handap,
tanding kembang sempoer ragrag,
gebroej baranang koe lenggang,
keupatna Nji Poerba sari.

Djoeg ka padaleman, kasampak loetoeng ngabengkoeng.

„Soehoenan pamadjikan, koemaha, nimoe tampian?"

„Oetoen, nimoe pisan, nanging eta aja saparabot goesti, dianggo bae nja tarima goesti siram koering miloe da taja deui tampian."

„Oelah salah nja tarima bae, rampes, soehoenan pamadjikan, pariksakeun ka nagara emas di bale kantjana."

„Oetoen, kandaga ti mana?"

„Pangembohan ngimpi ngala boeroeh bae; soehoenan pamadjikan leumpang eta datang."

Prak tjalik kana bale kantjana, poetri boengsoe braj kandaga diboeka, pakean sarwa Keling, aja saparabot goesti.

„Oetoen, sok sieun teuing, pamali."

„Mo pamali da djaoeh ti goesti, mo mapada da djaoeh ka radja, da anggang ti nagara."

Prak noe disalin.

Sampingna teu pati apik,
disampingan soetra koening,
karembong tjinde Kadiri,
njalindang koe tjinde kembang,
kongkojang koe soetra ganggong,
ka loehoer kana geloengna,
ka handap kana sindjangna;
oelah rek digeloeng djoetjoeng,
bisi padjar indoeng-indoeng,
matak kasorang noe agoeng,
matak larangan ka lisoeng,
matak sieun prapohatji,
bisi padjah tatambangan,
matak sarang di noe wenang;
oelah rek digeloeng konde,
matak djore di noe gede,
salin deui na geloengna,

geloeng lelep geloeng tikel,
dihapitna koe djaridji,
ditikelkeun koe dampalna,
ser djoetjoeng direunteut deui,
loeloemat salawe lambar,
dipinggiran koe malati,
didjadjaran koe tjampaka,
djedjel koe inten baroentet,
disoebal saloempit pandan,
dipoentjakan mas kalangan,
miring batan goenoeng soengging,
tjepak nongnong koleangkak,
niroe geloeng widadari,
kabogoh parapohatji,
teu ngewa anggo di goesti,
koering kari moeri-moeri,
bala kari nitah bae,
sakabeh pada dianggo,
pada diadjaran kabeh,
sakala poë harita;
sakalangkoeng tapok geloeng,
pameunteu sarangka beuheung,
salobong sarangka tonggong,
saloebang sarangka awak,
saloempir sarangka bitis,
siger boengker djeung pamener,
djoemepret benten kantjana,
benten emas ditarikan,
dimangka tarik sisina,
dimangka ngendoe djoeroena,
dimangka ngendong di tengah,
ditimbangan soeeng bapang,
dikarantjang dikarantjeng,
eureuj mani kikitjeupan,
intena djiga arimoet,
barabaj koenang-koenangan,
noe bentjoet dina harigoe,
djiga tjengkir klapagading,
katoeroeban koe sintoengna,
djoedjoeloek masangan waroe,
hoeloe soesoe noendjoek iroeng,
tetenger djadian agoeng,

hade keur pawarang ratoe,
ditilik gila koe loetjoe,
taja batan poetri boengsoe,
koneng henteu hideung henteu,
sedeng ngetjemeng-ngetjemeng,
ret boenter ngelemeng koneng,
nja koneng ngala ka teteh,
nja lendjang ngala ka biang,
nja moblong ngala ka embok,
nja geulis ngala ka nini,
nja djangkoeng ngala ka indoeng,
bisa njalindoengkeun semoe,
bisa njoesoempingkeun boedi,
mere semoe djiga imoet,
mere boedi djiga seuri,
manana parek redjeki,
pangaroeh noe rampes boedi.

Prak noe rek ngalemar, mimiti kagoengan lemareun meunang njokot ti kandaga pamahanan paradewata.

Prak noe rek ngalemar tea:

njigit gantal meuweung keusal,
dibeuweung dieumeuj-eumeuj,
ditjapek dionjang-anjeng,
tamba tjaheum nanajeumeun,
diperih amis tjaina,
barabaj koenang-koenangan,
wadja kasipoeh koe lemar,
ngalembereh kana lambe,
tjilemar ombak-ombakan,
kasipoeh nja karatoean,
kalandja nja kamenakan,
imoetna adjen sasoekoe,
seurina adjen satali,
di djero satali deui,
eukeur imoet dadajeuhan,
ratoena eukeur ngalemar.

Sanghjang loetoeng ngalingling, ngadeuleu maling.

‚Soehoenan pamadjikan geulis temen, lamoen eta keur teu pada tapa, hajang ajeuna bae.'

‚Beurat beunghar rea banda,
kari tatjan boga bala.'

Tjag :

teundeun di handelum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

XVII.

Tjatoerkeun di nagara.

Noe goreng boedi ti leutik,
goreng toeah ti boeboedak,
pangaroeh djalma noe bedang,
taja batan Poerba rarang.

„Mama Lengser, geura ngalasan keueus djantoeng kole beres."

Tjedok njembah.

Djoeg ka geusan ngalasan njoreang geus ngempoer di pipir goenoeng; teu toeloes ngalasan.

Djoeg balik ka nagara, gebloes ka padaleman,

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah, tarima keur koemawoela.

„Mama Lengser," Poerba rarang orokaja gantjang nanja, „aja kabeubeunangan ?"

„Soemoehoen, teu meunang, moen teu meunang, aja noe ngempoer di pipir goenoeng."

„Soegan tangkoerak Poerba sari, beunghar soegih ti mendi, beunghar ti mana da teu boga bala, rembes miïs geus kotjapan jen Poerba sari beunghar. Sok keujang teuing jen Poerba sari beunghar. Geura ka pipir goenoeng pariksakeun, soegan enja beunghar perih pati torta gawe pendet parakan Baranang siang leuwi sipatahoenan salawe deupa djerona, mangka saät. Moen teu saät poë ieu djeung peuting, mengke teukteuk beuheung tilas adegan katoet djeung boedjangna loetoeng, bari soegan dianak loetoeng Poerba sari."

„Noen, pangoeloe tandang, soemoehoen, darma panjaoer, tarima dipangandika, djisim koering rek amit moendoer, teu lambat ngadeuheusan.

Tjedok njembah.

Indit bari ngoesap birit,
angkat bari ngoesap sindjang,
bisi wirang keur ngawoela,
djoet toeroen kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag nja ngalangkah,
metoe lawang mandjing lawang,
teu dibilang di djalana,
dibilang datangna bae.

Djoeg ka pipir goenoeng, baheula mah leuweung loeang liwoeng, ajeuna agreng

batan nagara, pasini dadaoelatan da baheula beh dinja sieun asoep siloeman sileman, gebloes katoetoegeun padaleman.

„Da halal noen, rek amit ngadeuheusan, noe kagoengan padaleman aja tjalik?"

„Aeh koetan, Mama Lengser, rampes tjalik, oelah toemamoe nja ladjoe, oelah tanggeung nja tineung, rinoe djangkoeng dahan pandjang, oelah kami djalma gagade didatangan ti panggede."

Mingpiringan aran geus beunghar.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah tarima keur koemawoela.

„Mama Lengser, oelah tjalik di sisi teuing, bisi tidjengkang keur ngandjang."

Ser Lengser nengahkeun; aran si-Lengser adjriheun, aran Poerba sari beunghar.

Gorondjang lalantjang emas,
lalantjang bokor kantjana,
di loehoer nimoe sapoeloeh,
di handap nimoe salapan,
di tengah nimoe salawe,
beunang ngahoeloe mikoengkeun,
beunang nonggong njiloewahkeun,
sereleng noe diadoekkeun,
kalapa oedoeh batokna.

„Noen, Mama, mangga ngalemar."

„Koemaha diseupahna?"

Koetoe simboet koear sindjang,
tarima darma pangasih,
diperih amis tjaina,
sanggeus kitoe diboendjalkeun,
bisi kapetolan njaoer,
bisi wirang keur ngawoela.

Poerba sari orokaja gantjang nanja: „reuas pabaoer djeung sieun, na tjoendoek dipioetoes, na datang dipiwarang, na niat kita sorangan? Soemangga, noen, rampes pikonokeun."

„Tjoendoek dipioetoes, datang dipiwarang, ngemban pangandika ti nagara, ratoe emas, diperih pati torta gawe mendet parakan Baranang siang leuwi Sipatahoenan salawe deupa djerona, mangka saät poë ieu djeung peuting mengke, lamoen teu saät, teukteuk beuheung tilas adegan djeung boedjangna loetoeng, tjek timbalan."

Poerba sari regoek tjeurik dengdek ka boedjangna loetoeng.

„Oetoen, geura oendoer meungpeung djaoeh, leumpang meungpeung anggang neangan goenoeng noe singkoer, mandala singkah. Sakiwari keur mimiti, Oetoen, koemaha piwangsoelaneun, ari sanggoep bisi loepoet, ari tanggoh bisi poös."

„Owah, soehoenan pamadjikan, oelah redjag teuing, haliwoe koe sakitoe." Bisaning nitah, bisaning anoe dititah.

Geura pok rampesan bae."

„Mama Lengser, hatoerkeun ka djeneng si-teteh dirampesan koe boedjang loetoeng, rampes soteh rampes bae, rampes soteh padoe beres, rampes padoe wekasan roepa henteuna koemaha bagdja."

Mama Lengser ngatoeran amit.

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Djoeg balik ka nagara, gebloes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser, koemaha bedjana, Poerba sari beunghar?"

„Soemoehoen, beunghar pisan."

„Djoerig, sok keujang teuing."

„Beunghar meuëusan kadang kala henteu pisan, kapelengkok nja wangsoelan, asa beunghar goemati henteu."

„Henteu dianak loetoeng?"

„Manggih soteh loetoeng di djalan, teu njaho anak teu njaho lain."

„Toeloes kateukteuk beuheungna?"

„Toeloes."

„Soekoer, Lengser."

Tjatjap hatoeran; keur meudjeuh ngeureunan palaj.

## XVIII.

Tjatoerkeun di goenoeng.

Ras katimbalan; tjeurik leutik sasakitan Poerba sari.

Repet ing loetoeng inget ka sirepna, diaos, ditioepkeun, lenggoet noendoetan kataradjang sirep loetoeng.

„Oetoen, tjoeang sare djeung si-teteh, si-teteh banget toendoehna."

„Owah, soehoenan pamadjikan, loetoeng mah nalipak maneh, tara sare djeung manoesa, bisi geuleuheun."

Boeg noe sare dina kasoer toedjoeh toempang; aran geus kagoengan padaleman, dihin pinasti anjar kapanggih, rek ladjoe ka Soenan amboe, ka amboe neda pitoeah, ka rama neda sapaät, meungpeung sare."

Braj digedogkeun raksoekan:

barabaj tembong kasepna,
kakasepan Goeroe Minda,
sok ditoenda raksoekanna,
dina nagasari dampit.

Djengkekeun amboe soekoe ti katoehoe, ditimbang koe ti kentja, parapas sewoeng.

Djoeg ka sawarga loka manggoeng alam padang poë pandjang, Soenan amboe kasampak kasondong aja, roj mando, parapas njembah.

„Oetoen, sinarieun sinanteneun, si-Oetoen soemping tjoendoek di boelan danoe, datang di boelan soebaja, soemangga pikersaeun naon, rampes pikonokeun, koe-

maha saoer ka amboe?"

„Owah, Soenan amboe, mana peuting koemareumbing, mana poëk soemaleket, soehoenan pamadjikan kasoesahan, diperih pati torta gawe mendet parakan Baranang siang leuwi Sipatahoenan mangka saät, poë tadi djeung peuting ieu. Lamoen teu saät, teukteuk beuheung tilas, adegan, pok madjar, djeung ka awak ing."

„Oetoen, eta lain doeöeman kami, doeöeman Kai Boedjangga."

Parapas djoeg ka Kai Boedjangga saloehoereun dewata.

Kai Boedjangga kasampak keur neupa; terengteng moeatkeun sembah.

„Oetoen, koemaha pikersaeun, noen, rampes pikonokeun."

„Soehoenan pamadjikan diperih pati torta gawe mendet parakan Baranang siang. Moen teu saät peuting ieu, diteukteuk beuheung tilas adegan, pok madjar, djeung ka awak ing."

„Oetoen, sakitoe mah hampang, geura balik meungpeung peuting, si-indji bisi kasampak geus njaring, geura poelang mangka gantjang, si-indji bisi kasampak geus hoedang. Oelah waka tembong kasep, tatjan datang ka poëna, bisi teu hedjo lalakon rambaj tjarita, tatjan datang ka mangsana."

Ngatoeran amit, tjedok njembah.

Parapas djoeg ka boeana pantjatengah. Kasampak poetri keur sare keneh, dianggo raksoekanana; djanggelek miroepa loetoeng, les leungit roepa manoesa; tapakoer di bale kantjana.

## XIX.

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Tjek Soenan amboe: „Boedjangga seda, Boedjangga sakti, geura djoengdjoengkeun seuweu ratoe, geura djajak seuweu radja, geura pangmendetkeun parakan Baranang siang mangka saät. Geus saät, geura lintaran, laoekna geura pindahkeun ka taman si-indji, kana djolang kantjana. Ari geus lintar, rengkep oelah dibawa deui, toenda dina tihang tengah solendangkeun si-Oetoen. Ari geus beurang, ngaliwat ka noe marak, nembongkeun kakasepan ngagoda oerang nagara, kalo kantjana toenda dina birit parakan tjokoteun si-Oetoen ari ngaliwat ka parakan."

Boedjangga opat djoeg ka hoeloe parakan. Liangna dipendet parakan sabeulah koe tiloean, kawilang djedjerih ngahareupan goenoeng hidji sewang, pasir hidji sewang. Goenoeng roentoeh, tjadas rempag, batoe reok patingporolok, kalakaj patingbarangsaj patinggelendoeng batoena.

Pendet loeloegoening Boedjangga sabeulah deui leuih pangawasa; goenoeng roeboeh tjadas rempag, pasampeur-sampeur arek saät.

Laoekna teu pati djenoek,
rogok batan toenggoel kaso,
ranghap batan kembang dadap,
djadi hidji tinggedebeg,

kantjra belang sisit emas,
sapasang beberkeun rengkep,
Ki Boedjangga teroes rengkep,
leuih rengkep koerang leuwi,
rengkepna batoe kantjana,
pinoeh ngoekoeh kadjoengdjoenan,
tinggalkeun iwak bangkeuang,
tjokoteun oerang nagara.

Top njokot kalo kantjana, dieusian laoek sahidji, ditoenda di birit parakan, tjokoteun si-Oetoen ari geus beurang bari ngaliwat, nembongkeun kakasepan bari ngagoda oerang nagara.

Terengteng laoek dibawaän nandjak ka tampian Poerba sari. Ketjeboer kana djolang kantjana kantjra belang sisit emas sapasang. Roep ditoeroeban koe sasakna, toeroeb taman panglokatan Boedjangga. Djoeg ka padaleman, Poerba sari kasampak keur sare keneh, rengkep sok ditoenda dina tihang tengah tjokoteun si-Oetoen.

Ari geus beurang, sor njampeur ka Loetoeng,

„Oetoen, kami rek balik, parakan geus saät, bisi aja pariksa si-indji, geus beurang."

„Ka bisa wangsoelan."

Ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,
ngobah-ngobah noe keur tapa,
neda pangampoera bae.

Tjek Kai Boedjangga: „oelah rea kasaoeran, wangsoelan, mo hedjo lalakonna, mo rambaj tjaritana, moen teu koe amboe, koe sadoeloerna."

Terengteng balik ka sawarga loka manggoeng boemina sewang-sewangan, tas mangmarakkeun.

Raj beurang, koelisik poetri noe oesik, kodjengkang poetri noe hoedang, ngadaweung ngaboentel tineung.

„Soehoenan pamadjikan," Sanghjang loetoeng orokaja gantjang nanja, „nga-hoeleng djiga noe poendoeng."

„Oetoen, lain poendoeng, ras inget ka timbalan kamari ti nagara, teu bisa marak, Oetoen geura marak."

„Kami ge teu bisa marak, ari marak saät koe didjampean."

„Oetoen, koemaha djampena?

„Kieu djampena mah, djangdjawokan bae:

„datang ngandjang, rintjang poelang,
nja rintjang ti geusan ngandjang,
datang ka djalan los njimpang,
kasampak parakan saät,
dewata doeloeran aing."

„Oetoen, arina kitoe, si-teteh bae:

„patimoen patitis-titis,
kadjeun pati toedjoeh kali,
padoe diajoenan goesti,
ngadeudeul koe tjongo poloj,
leuleus liat oelah pegat."

„Oetoen, geura toenggoe imah."

„Soehoenan pamadjikan, ngan sakitoe, loetoeng mah kabisana toenggoe imah." „Si-teteh rek miang ka parakan."

Katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag nja ngalangkah,
angkat karo wawajangan,
bari matja djampe marak,
dipoedji sapandjang djalan,
sadjongdjongan saherojan.

Djoeg datang ka pamarakan, kasampak ngoletrak toehoer, toeloej moeloengan hoerang da taja laoekna. Hanteu ngambah ka leuwi Sipatahoenan sieuneun koe djeneng tetehna.

Keur meudjeuh ngeureunan palaj.

## XX.

Tjatoerkeun di nagara.

Saoer Poerba rarang: „Mama Lengser, rek miheulaän, timbang kapiheulaän, nakol bende agoeng kaboejoetan."

Tjedok njembah.

Geledeg loempat, top njokot poepoekoel, der nabeuh tangara.

Leut ti kidoel tjoekoel, ti kaler leber, ti koelon metonan, ti wetan daratangan, pada koempoel, sanagara kabeh.

„Mama Lengser, aja tangara naon?"

Tjek si-Lengser: „dikoempoelkeun tea mah, tjek timbalan tjoeang ka parakan; sanagara sakoer noe aja, koempoel kabeh, awewe, lalaki, pantjakaki sakabeh."

Gebloes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Noen, pangoeloe tandang, djisim koering dikersakeun ngoempoelkeun toeang koering, geus koempoel kabeh."

„Lengser, mas kabeureuh Indradjaja hatoeran rek disalin."

„Pangoeloe tandang, ngatoeran amit."

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Bloes ka pangtjalikan Indradjaja, dihatoeran.

Rigeug noe angkat, bloes ka padaleman.
„Bagea noe tjalik."
Silah, pinoeh saroang beubeureuhna noe genepan.
„Emas kabene, koemaha pikersaeun?"
„Mas kabeureuh, geura disalin, tjoeang miang ka parakan."
Prak noe dangdan:

samping kasang salaboehan,
sabeulit kadoea toengtoeng,
andegna pateungteung bae,
saboek kasang goela klapa,
sabeulit kadoea toengtoeng,
iketna simboet dadara,
andegna pateungteung bae.
mengled anoe njoren doehoeng,
gogodong koe djeungdjing tjondong,
landean koe hoeloe lisoeng,
pamendak loeloempang tjopong,
sanggeus kitoe disorenkeun,
nja lengkeh-lengkeh bendeëun,
nja lendjang-lendjang kendangeun,
manggih genteng di beuheungna,
garempal awak badakeun,
djiga loemboeng keur dirioeng.

„Mama Lengser, geura rengkepkeun tjekelan sewang-sewangan."
Djoeg kaloearan: „batoer djenoek, bala rea, geura prasikepan njekelan sewang-sewangan."
„Rampes," hatoerkeun.
Gebloes ka padaleman.
„Bagea noe tjalik."
Terengteng moeatkeun sembah.
„Mas kabeureuh, rampes miang."
Rigeug Indradjaja noe angkat djeung bebene anoe genepan:

pajoeng tjawiri pandeuri,
pajoeng bawatna ti heula,
paseling toembakna biring,
ngagambang toembakna binang,
paseloek pedangna soedoek,
siger djantoeng ti katoehoe,
pendok tjapang tebeh kentja,
oendak deui lain deui,
noe geulis kana salipi,
noe denok kana epekna,

ipis ramping kana kendi,
radja peni sakabehna,
sabalana Indradjaja,
lalaki miwah awewe,
mantri djeung pantjakakina,
katoet djeung djompona pisan,
pandeuri toekang marakna,
broeg ngagimboeng braj ngabantaj,
pangaroeh ratoe loemoengsoer,
tangara radja loemampah,
sadjongdjongan saherojan.

Djoeg ka parakan, brak tjalik ka pasanggrahan ageung:

meunang dirioeng koe geloeng,
direndeng-rendeng koe tjangkeng,
noe lendjang pada ngadjadjar,
noe denok pada ngaronjok.

Ngadjedjeman marak Indradjaja di parakan Baranang siang.

Tjek si-Lengser: „toekang marak, geura arantjroeban."

Ketjeboer pada ngantjroeban, noe ngodok, noe ngobengan, noe lintar, djeung noe njairan; kari iwak bangkeuang bae dipindahkeun tadi peuting.

„Bo, Lengser, saroepa-roepa da sakitoe eusina."

Boer ka darat, geus rajap, boes ka emok Poerba rarang, tjelepit njapit kana biwirna, ngoedjoer tjetrok dikokos, epot sot deui.

„Adoeh, djoerig."

„Mama Lengser, koemaha teuing."

„Ti tadi ge teu tjampoleh emok mangka rekep."

Ketjeboer ka tjai deui, ngantjang di parakan Baranang siang.

Tjag teundeun; keur meudjeuh ngeureunan palaj.

## XXI.

Tjatoerkeun di goenoeng.

Boedjang Emas Poerba sari, Sanghjang loetoeng, indit tina pangtjalikan bale kantjana. Top rengkep ti tihang tengah, prak disolendangkeun, nja oendoer djeung noe lemboet.

Angkat karo wawajangan,
keupat gambalang-gembeleng,
djiga banteng toemambarang,
aran anggo djalma wenang.

Djoeg ka parakan, tatjan koengsi nembongkeun maneh. Ngadoekeun keneh pangawasa, top njokot kalo kantjana dina birit parakan eusina laoek sahidji. Mantjat parakan Baranang siang tembong kasepna; pada madjar kasep sakabeh poetri ti nagara.

Tjek si-Lengser: „silah, djalma kasep."

Ret njoreang Poerba rarang,
bogona doea harideung,
noe lendjang hajang ngarendeng,
roemanggieungna nja tineung,
katembong noe kasep liwat,
etjet-etjet dina lintjar,
kasintoe dina mareme,
noe kasep tembong rek lintar,
disampeurkeun koe bebene,
nja kami djalma noe lendjang,
noen rampes geura sindangan,
nja kami djalma noe denok,
noen rampes geura pondokan,
nja kami djalma noe galing,
noen rampes geura peutingan,
ti mendi nja toeang boemi?"

„Koemaha kasambat toeang kakasih?"
„Goeriang Kaoeng loeöek."
„Disoehoenkeun kalo kantjana?"
„Koedoe ka indang, da Goeriang."
„Kapan kami indang teh."
„leu mah lain indang."

Goeroebjoeng noe matak bingoeng,
ketjrak-ketjrik kagirangkeun,
teu njoreang daoen tjeuli,
ai sore ngaroedjak hondje,
peuting ngaroedjak balingbing,
isoekna ngaroedjak djeroek,
beurang ngaroedjak katjambang.

Asa gedeboeg di soesoe,
asa gedebeg di angen,
katembong noe kasep liwat,
koelit beuteung toetoenggoelan,
Goeriang matak kabantjang,
matak kahoedang kawaja,
tadjam seukeut eukeur deukeut,
toedjoe doeriat keur datang,
ngageder nja pianakan,
tetenger hajang lakian,
nja rotjop asa djengkoleun,
tjelekit tjimata getih,
talintjang nja deudeuleuan.

„Adi, bantoean ngitjeupkeun."

Djoeg ka hoeloe parakan Sanghjang loetoeng; teu kanjahoan, ret njoreang poetri boengsoe ka toekang.

„Ti mendi noe pasti soemping,
ti mana ponggawa datang?"

„Ti Kaoeng loeöek."

„Koemaha kasambat toeang kakasih?"

„Ki Goeriang."

„Awak ing mah kabalinger, kapan Goeriang, kapan njaba."

„Goeriang ngora tatjan aja noe seba; ieu, koemaha kasambat toeang kakasih?"

„Boengsoe soteh seubeuh bendoe,
radja sok seubeuh nalangsa,
poetri soteh seubeuh njeri.
sahidji keunana pasti."

„Tjek noe mojok mah: nja ieu:

Njai emas Poerba sari,
Poerba sari ajoe wangi,
Kantjana ajoe dewata,
Dewata radjoena tapa,
Tapa emas Tapa radja,
Mas Tapa radja koesoema."

Keurna diparinan kalo kantjana timoe ti hilireun djalma djenoek; „keunana, keuna pisan."

„Ning koering teu boga pamoelang."

„Teu hajang dipoelang, ridoe, kami mah djalma keur ngalalakon."

Tjag ditampanan.

„Pamoelangna gampang, kirim kami angin leutik."

Ngarangkoebang, kelepet, les.

Djoeg ka pipir goenoeng dianggo raksoekan, djanggelek miroepa loetoeng, tjalik di bale kantjana. Keur meudjeuh ngeureunan palaj.

## XXII.

Tjatoerkeun di parakan.

Poerba rarang ret njoreang kagirangkeun.

„Koetan teh diparengkeun ka tangkoerak Poerba sari, koe oerang mah oelah kageden diparengkeun, teu daek njoreang-njoreang atjan."

„Adi, tjoeang reboet bae."

Tjek Poerba leuih: „teteh, pangampoera bae, karoenja, djalma nalangsa, hade doeloer goreng doeloer."

„Saroea djeung tangkoerak sia, rek mangmeunangkeun bae."

„Teteh, lain mangmeunangkeun, karoenja, djalma nalangsa."

Geledeg loempat noe limaän.

„Kadieukeun kalo kantjana kami."

„Teteh, sok sieun teuing, pamali, paparin noe kasep liwat."

„Marengan kami di tangkoerak sia, eta mah mihape bae."

Keukeuh noe teu mere, dipatorendjangkeun koe limaän, didjengkangkeun, blak nangkarak dina keusik semet toeöer.

„Koetan teh teu endah teu leuih, ajeuna geus ngemasan pati, roros lebok poeas ngeunah."

„Teu tarima dikoeboer."

Padoena pandjang nja oemoer,
kadjeun dina keusik boetjak,
kadjeun nalangsa ajeuna,
soegan mapahat djagana,
soegan pidjalaneun bagdja,
da koe nagara dipista,
kadjeun njeri ajeunana,
soegan pasti djadjagana.

## XXIII.

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Soenan amboe, teroes panon batan katja, katingali salawasna.

„Boedjangga seda, Boedjangga sakti: „si-indji disangsara koe nagara, geura toeroenan pangawasa.

Metik handjoeang koening lalakina, pangawasa Kai Boedjangga, djoeg diragragkeun ka boeana pantjatengah, njoeroep, djadi kapiting koening awak sagede loeloempang, tjatjapit sagede balioeng; rangkoenang ka girang, disosok pendetan; ger tjaäh dengdeng.

Ger disoerakan koe si-Lengser.

„Mama Lengser, soerak bae."

„Soerak reuas, parakan bedah."

„Mama Lengser, geura pendetan."

Loentjat ka darat.

„Silah, tjoeang mendetan."

Ger pada mendetan batan leutik anggoer gede.

Tjel laloentjatan ka darat.

„Pangoeloe tandang, anggoer mana anggoer mendi, anggoer palid ta anggoer mantjat; moen palid poös koering sampean."

„Mas kabeureuh, geura pendet parakan oerang."

Rigeug prak disilaän ngawingking pingping ka darat, kagoengan djiga oela santja ngodjaj, gedena saindoeng tongtolang, pandjangna tiloe tikeleun.

„Mas kabene, tjokotan iwak hampal leuang, tjokotan iwak bangkeuang, tjokotan iwak regemeng, iwak mangenjot, iwak maninggar."

Rangkoenang kapiting koening awak sagede loeloempang, tjatjapit sagede balioeng, rangkoenang ka girang tjelepit giwing kagoengan Indradjaja.

Ger tjaäh dengdeng.

Ger disoerakan koe si-Lengser.

„Mama Lengser, soerak bae."

„Soerak reuas djoeragan tiwas."

Hoemaroeroeng hoemaregoeng,
bareuhna sagede boejoeng,
ditjapit kapiting koening,
kagoenganna Indradjaja,
lain toewoeh koe laoekna,
laïn moendak babawaän,
kilang kitoe henteu tombok,
aran si-beubureuh euweuh.

„Mama Lengser, tjoeang boebar, bala katoet bebene."

Djoeg ka nagara, bloes ka padaleman. Geus datang, prak ngarieus oebar genep pipisan, katoedjoeh si-djompong.

„Adi, tjoeang oebaran bari noekang, boa poös aran si-beubeureuh euweuh."

Prak dioebaran andeg totorombolan bae. Geus waloeja ditjapit kapiting koening dioebaran koe bebene. Keur meudjeuh ngeureunan palaj.

## XXIV.

Tjatoerkeun di parakan.

Kapiting koening, soesoeroepan Kai Boedjangga, terengteng balik ka sawarga loka manggoeng.

„Ki Boedjangga, koemaha, waloeja?"

„Taja sawidji-widji."

## XXV.

Tjatoerkeun Nji Emas Poerba sari.

Koelisik poetri noe oesik,
kodjengkang poetri noe hoedang,
kilang kitoe woewoeh panggoeh,
kasipoeh pangaweroehna,
da ti memeh nagri datang,
poelang geus boebar nagara,
aran djalma disangsara,
balik gasik leumpang gantjang.

Djoeg ka pipir goenoeng, kasampak Loetoeng ngabengkong.

„Owah, soehoenan pamadjikan, koemaha, parakan teh saät?

„Saät pisan, tjatjap djangdjawokan djampe si-Oetoen matih pisan."

„Koemaha, aja kabeubeunangan?"

„Meunang pisan kalo kantjana eusina laoek sahidji, paparin noe kasep ngaliwat, ning eta direboet koe nagara, kilang kitoe kadjeun bae, da eukeur sakitoe kahajangna."

„Koemaha noe marinan teh?"

„Kasep pisan."

„Henteu bogoh?"

„Rek bogoh bisi teu bogoheun."

Imoet lemboet seuri leutik,
sedeng moelen dina angen,
tapi teu ngedal kaloear.

„Oetoen, teteh rek amit ka djamban larangan, rek ngaroeat maneh disangsara koe nagara."

Goeloesoer toeroen, prak noe angkat ngala kekembangan warna toedjoeh.

Djoeg ka djamban larangan, sasak toeroeb taman panglokatan diboekakeun, boer maboer ninggang di djaoehna.(1)

Ketjeboer kembang dileboehkeun, prak ngaroeat maneh, kapoelih batan sasari, kasipoeh nja karatoean, kalandja nja kamenakan, geus waloeja deui.(2)

Rek njokot laoek doea bae da boga tjarek djeung si-Oetoen, doemadak saät parakan, rek ngadon madang djeung si-Oetoen. (3)

Balik gasik, leumpang gantjang; geus waloeja tas ngaroeat maneh.

Djoeg ka padaleman, prak tjalik.

„Oetoen, tampian teh aja laoekan, laoek ti mana?"

„Djamak, bangkala tjai aja laoekan."

„Ditjokot doea da boga tjarek djeung si-Oetoen, ngadon madang djeung si-Oetoen."

„Koema dinja, loetoeng mah, da teu njaho."

Prak ngeureunan palaj.

Poerba sari ti leutik datang ka gede, kakara arek ngedjo.

Prak njioek beas, beas sarwa aja pamahanan paradewata, waktoe misalin ti peuting.

Sapandjang diboeang di pipir goenoeng, kakara rek ngedjo.

Top njokot soeloeh, prak miroen seuneu, top seëng dikahawoekeun, goeroentoeng njoeroegan, prak njeupankeun; mantare sangoe asak.

Laoek noe sahidji dipanggang, noe sahidji diolah; ngantian olah asak, prak babanjon.

---

(1) Pinasti djadi wasiat mana katelah Tji-njasak oeroet sasak Poerba sari mana, datang ka kiwari poesaka ti Poerba sari.

(2) Mana aja roeatan, mana datang ka kiwari, poesaka ti Poerba sari.

(3) Kantjra belang sisit emas hade keur ingon-ingon laoek radja peni, oenggal goesti nganggo laoek radja peni mana datang ka kiwari poesaka ti Poerba sari. Djolang maboer ninggang di djaoehna. Pinasti djadi waloeri, mana aja katelah Tj-djolang, oeroet djolang Poerba sari, mana datang ka kiwari poesaka ti Poerba sari.

Piring ipis panjitjipan,
piring poetra pamadangan,
olahan digelek-gelek.

Geus asak, prak didjaitan.

Top pinggan toeloej disioek,
tjaina kana pinggankeun,
boekoerna pek dipiringan,
sok dikatetenongkeúnna,
katoet djeung panggangna pisan,
katoet djeung piringna pisan.

Prak ngeusian kendi.

Kendi toelis tjetjep gading,
disopalan koe kantjana.

Sok diteundeun pipir tetenong gasik sangoe asak, prak diakeul; geus tiïs, prak disoemboelan.

Soemboel agoeng pangdaharan,
diwangkisan koe koeningan,
dilambean koe salaka,
disoekoean koe paroenggoe,
disokoan koe tambaga,
tjatjap dangdanna idangan.

„Oetoen, tjoeang madang djeung si-teteh."

„Owah, soehoenan pamadjikan, loetoeng mah tara madang djeung manoesa bisi geuleuheun. Moen hajang madang djeung manoesa koedoe popoëkan, bisi tembong boeloena."

Reup peuting, tel njeungeut damar.

„Oetoen, geus meudjeuhna."

„Lamoen hajang temen madang djeung loetoeng, rampes, koedoe damar dipareuman."

„Pes damar dipareuman."

Disingklakkeun raksoekan sipet pigeulang leungeun kotjok sibanjo njarajnjaj.

„Oetoen, naon eta bet njarajnjaj?"

„Leunjaj." (1)

Prak noe dahar popoëkan.

Ari njotjol boboroan,
disoesoel henteu kasoesoel,
rep ngeupeulna mangka teuas,
dikeueumkeun dina tjai.

Tjelem diïnditkeun dipagasroekeun.

---

(1) **Pinasti diwaloerikeun mana datang ka kiwari ari leunjaj paeh herang ari tjaäng soerem, dakining Goeroe Minda Kahjangan tatkala sibanjo, popoëkan kadjadjadianana leunjaj mana datang ka kiwari.**

Reg ngahoeleng.

„Ti tadi ge geuleuh oelah madang djeung loetoeng."

„Oetoen, lain geuleuh; leungeun saha noe aloes teh?

„Arina kitoe timboeroean?"

„Lain timboeroean."

„Teu njaho, soehoenan pamadjikan."

Leungeunna ka teoh, Loetoeng ka loehoer.

„Nja kitoe mah ari pagasroek karasana aloes."

„Soehoenan pamadjikan seubeuh?"

„Oetoen, nja kitoe keneh?"

„Kilang kitoe ge timboeroean."

„Lain timboeroean da teu njaho."

Prak dilingkoepkeun deui, djangkelek miroepa leungeun loetoeng deui sakabehna.

Tel deui njeungeut damar.

„Ngek tadi hideung ajeuna hideung, tadi boeloean ajeuna boeloean, kilang-kitoe tampa ngandel."

„Lain tampa ngandel da teu njaho."

Prak kekemoe, ngalemar pisan; prak diwedak mapareman maneh.

Loetoeng inget ka sirepna, diaos ditioepkeun.

Lenggoet noendoetan Poerba sari.

„Oetoen, tjoeang sare djeung si-teteh, si-teteh banget toendoehna."

„Soehoenan pamadjikan, loetoeng mah nepak maneh tara sare djeung manoesa, bisi geuleuheun."

„Arina kitoe, si-teteh bae."

Boeg noe sare tibra pisan, dahar seubeuh, tjape enja.

Braj raksoekan dilaän, prak digodos, digoelang gaper.

‚Koetan teh geulis temen soehoenan pamadjikan.'

Hapoer ngaloeng kana poendoek,
hapoer ngoleng kana tjangkeng,
hapoer kembang tjatjarangan,
tjinggir gila koelaleutjir,
beuheungna djiga ngahoemboet.

‚Lamoen ta geus keuna, soepaja keur pada tapa, nepi datang ka djanari bisi aja tjantrik goreng kaboenikeun.'

Kongkorongok hajam, neut hoedang, dianggo raksoekanana djanggelek miroepa loetoeng, tjampegog dina adeg-adeg, ari ti beurang dina bale.

Raj beurang Poerba sari kodjengkang hoedang; reg ngahoeleng ngaboentel tineung.

„Soegan soenan pamadjikan reuas ngahoeleng djiga noe poendoeng?"

„Lain poendoeng, karang hoeloe legok doea."

„Arina kitoe tanpa ngandel, loetoeng mah ti peuting remen njaringna batan sare, dideuleukeun ti peuting tjengkat sirahna ari nindih ka noe sedjen djadina legok doea."

„Lain kitoe, Oetoen, dina legok doea baoe seungit ngalabari, baoe dedes, baoe rase, baoe menjan kawalagar, baoe kalemba kastori."

„Soegan dewata ngaliwat."

„Na, ari dewata seungit?"

„Teu njaho, kitoe ge bedjana."

„Teu njaho, lamoen kitoe mah."

Keur meudjeuh ngeureunan palaj.

Tjag:

teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

XXVI.

Tjatoerkeun noe di nagara.

Tjek Poerba rarang: „Mama Lengser, si-tangkoerak Poerba sari aja woewoeh pangaweroeh, aja nambah pangawasa, kieu ngadjadi, kieu ngadjadi, keujang teuing, oelah weleh merih pati torta gawe, geura dititah ka pipir goenoeng ngala banteng lilin soekoe gading, gedena sasaoeng boeroek, galakna kabina-bina, tandoekna sadeupa sasisi. Moen teu beunang, diteukteuk beuheung tilas adegan katoet djeung boedjangna loetoeng."

„Soemoehoen, darma panjaoer, tarima ti pangandika".

Tjedok njembah ngatoeran amit.

Djoet toeroen:

metoe lawang mandjing lawang,
metoe di lawang pingpitoe,
datang ka lawang pingsanga,
dangdeung ka paseban ageung,
djoeg ka aloen-aloen agoeng,
medal di lawang saketeng,
djoegdjoegna ka pipir goenoeng.

„Da halal, noen, noe kagoengan padaleman aja tjalik?"

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser," orokaja gantjang nanja; „na tjoendoek dipioetoes, na datang dipiwarang, soemangga pikersaeun noen, rampes pikonokeun."

„Ratoe emas, toeang koering, tjoendoek lakoe dipioetoes, datang dipiwarang, ngemban timbalan ti nagara miwah ka toeang karsa, sampean diperih pati torta gawe koe noe gede ngala banteng lilin soekoe gading, gedena sasaoeng boeroek, galakna kabina-bina. Mangka meunang poë ieu, lamoen teu beunang, diteukteuk beuheung tilas adegan katoet djeung boedjangna loetoeng, tjek timbalan."

Regoek tjeurik dengdek ka Loetoeng:

„geura oendoer meungpeung djaoeh,
geura leumpang meungpeung anggang,
noengtikan goenoeng noe singkoer,
neangan mandala singkah,
nja teteh bala hareupeun."

„Soehoenan pamadjikan, oelah haliwoe koe sakitoe, hanas kami pasinina mah."

Bisaning titahan bisaning noe dititah.

„Hatoerkeun rampes bae."

Tjek si-Lengser: „rampes soteh padoe beres, toeang koering ngahatoeranan, amit, teu lambat ngadeuheusan."

Tjedok njembah, djoet toeroen, balik gasik leumpang gantjang.

Djoeg datang ka nagara, bloes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser," orokaja gantjang nanja, „koemaha wangsoelanana?"

„Disanggoepan koe boedjangna loetoeng."

„Toemoeli loetoeng bisa ngala banteng, toeloes diteukteuk beuheungna."

## XXII.

Tjatoerkeun di pipir goenoeng.

Poerba sari tjeurik leutik sasakitan; ras inget katimbalan.

„Oetoen, geura ngala banteng."

„Loetoeng mah teu bisaeun ngala banteng, Loetoeng mah enggonna di leuweung, loetoeng di loehoer koe banteng di teoh, meureun mo datang deui ka imah."

„Oetoen, arina kitoe, teteh bae rek ngala banteng."

Pati moen patitis-titis,
kadjeun pati toedjoeh kali,
padoe diajoenan goesti,
ngadeudeul koe tjongo poloj,
leuleus liat oelah pegat,
ari leumpang sieun banteng,
teu leumpang sieun timbalan.

„Oetoen, geura toenggoe imah."

„Ngan sakitoe, loetoeng mah kabisana toenggoe imah."

Katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag nja ngalangkah,
toemandang taja noe roang,
roang soteh roang badak,
nja oendoer reudjeung noe lemboet,

nja leumpang karo noe lendjang,
angkat karo wawajangan,
koeroesoek ka leuweung boesoek,
karasak ka djati lantjar,
lebet ka soemeneng djati,
kaina remeng djeung nangsi,
sangkrong kana leuweung ganggong.

Lebet kana tegal wareng pangbantengan, kasampak banteng noenggiring.

Sor njampeurkeun Poerba sari.

Banteng ngambeu manoesa, gebres; ngagebresan langkoeroek batan oepih boeroek, djoemangkarak batan majang ragrag.

Njarande kana kajoe gorda, tjeurik leutik sasakitan, disentak banteng; teu madjoe sieun koe timbalan, madjoe sieun koe banteng.

Pati moen patitis-titis,
kadjeun pati toedjoeh kali,
padoe diajoenan goesti,
aja-aja noe ngaliwat,
doemadak aja noe liwat,
rek njoehoenkeun diloeloengsoer,
menta pangalakeun banteng.

Keur meudjeuh, ngeureunan palaj.

Tjag:

teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

## XXVIII.

Tjatoerkeun Sanghjang Loetoeng.

Doemadak ditanja oemboel ti sikloek, doemadak ditanja djenengan: Ki Koewoe heubeul isoek intjoe Aki Singa lajoe Mas toean sabawana.

Boer raksoekan dilaän, sok toenda dina nagasari dampit, prak noe dangdan:

dangdan soteh ngoesoet bae,
meunang saraksoekan kadoet,
sorenna doehoeng loemadoet,
mana loemadoet keur mintoel,
kadjeun mintoel ajeunana,
soegan seukeut djadjagana,
aran noe agoeng keur ngoesoet,
kadjeun koesoet ajeunana,
soegan beres djadjagana,

bari ngarekakeun sepoeh,
ari ka parakan kasep,
ari ka leuweung mah goreng;
katjatjang kolear angkat,
toemandang taja nja roang,
roang soteh roang badak,
angkat karo wawajangan,
sadjongdjongan saherojan.

Djoeg ka tegal wareng pangbantengan, kasampak banteng noenggiring; Poerba sari kasampak tjeurik leutik sasakitan, njarande kana kajoe gorda.

„Oerang mana tjeurik di leuweung?"

„Djaoeh, ti ditoe, ti Goenoeng Tjoepoe, Goenoeng Tjoepoe mandala ajoe, mandala kasawiatan."

„Koe naon, mana nangis di leuweung?"

„Dipoendoetan banteng."

„Na, teu kagoengan salaki?"

„Boga soteh boedjang loetoeng."

„Ti mendi nja toeang boemi?"

„Bandjar karang pamidangan, lemah tjai kapoetihan, nagara antjik-antjikan ti sikloek."

„Koemaha kasambat nja kakasih?"

„Ari tjek noe mojok mah Ki Koewoe heubeul isoek intjoe Aki Singa lajoe Emas toean sabawana."

„Awak ing mah kabalinger, kapan koewoe kapan toean."

„Kieu, ratoe emas, nitihan dajeuh gila koe gede, ari ka dajeuh ngoewoean, ari ka leuweung mah toeanan."

„Ieu si, koemaha kasambat toeang kakasih?"

„Ieu mah:

boengsoe soteh seubeuh bendoe,
poetri soteh seubeuh njeri,
radja sok seubeuh nalangsa;

ari tjek noe mojok mah:

Njai emas Poerba sari,
Poerba sari ajoe wangi,
Kantjana ajoe dewata,
Dewata radjoena tapa,
Tapa emas tapa radja,
Mas tapa radja koesoema."

„Kitoe ge, pangampoera, Ki Koewoe heubeul isoek intjoe Aki Singa lajoe emas toean sabawana, djeneng awak ing rek ngaloeloengsoer, menta pangalakeun banteng."

„Keur geura rek mantoean."

„Geura ge, wajahna da teu bisa ngala banteng."

„Kadoega neangan pisarateun ramboet sakoeren."

Toeloej ngadoedoet ramboet sakoeren.

„Rampes, ramboet sakoeren."

„Hiling, geura njingkir."

Toeloej njingkir; neut nangtoeng, seuseut kawawa ngahareupan Sanghjang Banteng.

Tjing, Sanghjang Banteng, lamoen tarima saloehoereun geura ngamoek, djoedjoemboelan geura menta sabaraha, lamoen sateoheun geura soedjoed."

Diawen njeureupeut, djeg poetjoek beunang notogkeun, ari geus deukeut dedepaän, broek soedjoed.

Top ditjokot boeloe gadona, ditoemboekeun kana ramboet sakoeren; „ranggieung, banteng, noetoerkeun."

Tali soteh tjiri bae,
tjiri bawana ngadjadi,
tambang bawana dipangpang,
dadoeng soteh tempoeh bae,
didadoeng koe pangweroehna,
ditali koe pamilikna,
didjareudjeuh koe angkeuhna,
dibawa koe panarima.

Ki Koewoe heubeul isoek intjoe Aki Singa lajoe emas toean sabawana, ari sore ngenter pamake, ti peuting ngintip pamilih, isoek ngoeroes pangaweroeh, ti beurang ngetang pangabisa.

„Mana banteng galak beunang?"

„Rampes toeang kagoengan Sanghjang Banteng."

„Aki Koewoe heubeul isoek intjoe Aki Singa lajoe emas toean sabawana, nja soteh ngaloeloengsoer, teu boga pamoelang."

Tjag banteng ditampanan.

„Kami teu hajang dipoelang, gampang poelangna mah, kami kirim angin leutik."

Ngarangkoebang, kelepet, les.

Djoeg ka pipir goenoeng dianggo raksoekanana, djanggelek miroepa loetoeng, les leungit miroepa Aki Koewoe, tjalik di bale kantjana.

## XXIX.

Tjatoerkeun Poerba sari.

Rek toeroen ka nagara banteng lindeuk beunang ngadjangdjian; „ranggieung, banteng, noetoerkeun, rek toeroen ka nagara."

Tali soteh tjiri bae,
tambang soteh tanda bae,
tali bawana ngadjadi,
tali bawana tipangpeng,

mana banteng kanjahokeun,
nganjahokeun ka noe sieun,
ari njoreang reup peureum,
arina noekang njah beunta,
nganjahokeun ka noe sieun.

Djoeg ka nagara, bloes ka lawang aloen-aloen, sakitoe patingdareukdeuk.

Djoeg ka paseban kaloearan.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Teteh, rampes, njerahkeun toeang kagoengan Sanghjang Banteng."

„Koetan sia ngaloeloehoeran ngaleuleuihan."

„Lain ngaloeloehoeran ngaleuleuihan, noe ngora samboeng toena, ngimankeun timbalan teteh, di dieu diteundeunna Sanghjang Banteng teh."

„Sok, tjangtjangkeun dina tihang tengah, tangkoerak sia, oelah lila-lila matak sangar kana dajeuh."

„Teu dikersakeun oge teu boeroeng balik, nja soteh ngadeuheusan ngatoerkeun toeang kagoengan Sanghjang Banteng."

Red banteng ditjangtjangkeun.

Sanggeusna, tjedok njembah: „teteh, ngatoeran amit, teu lambat ngadeuheusan."

„Geura mantog, geura roros."

Djoet toeroen.

Ari geus noekang tji panonna bari rambasbas: „temenna ari teu beunang diperih pati, teu beunang ditjarekan, ambihna kateukteuk, soepaja katjaosan bae mana teu ngalakon kateukteuk."

Balik gasik leumpang geura.

Djoeg ka pipir goenoeng, kasampak Loetoeng ngabengkong.

„Soehoenan pamadjikan aja kabeubeunangan?"

„Meunangna mah meunang pisan, kasedek koe noe ngaliwat."

„Djadi naon lamoen taja noe ngaliwat?"

„Meureun paeh koe banteng."

„Koemaha dedegna noe ngaliwat teh?"

„Mama Lengser, geura njieun leuit, bisi kapiheulaän."

„Noen, pangoeloe tandang, soemangga."

Tjedok njembah; indit ngoesap birit, angkat ngoesap sindjang.

Djoeg ka aloen-aloen, top njokot pamoekoel bende, der nabeuh tangara.

Leut ti kidoel tjoekoel, ti kaler leber, ti koelon metonan, ti wetan daratang.

„Djoeragan Lengser," tjek kokolot nagara orokaja gantjang nanja, „tangara naon?"

„Timbalan pangoeloe tandang dikoempoelkeun batoer djenoek, bala rea; tjoeang dirempoeg njieun leuit, tihang tjagak, hateup silangkob. Kolong leuitna oelah teoh teuing, tiap meunang njara, meunang ninoen; sakeudeung paragat anggeus."

„Rampes, rampes."

Boes deui ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Djisim koering dikarsakeun njieun leuit; geus parele."

„Geus parele, Mama Lengser, geura hatoeran ka mas kabeureuh Indradjaja."

„Toeang, koering teu lambat ngadeuheusan, amit indit?"

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Blas ka pangtjalikan Indradjaja.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Noen, goesti sembaheun, geus meudjeuhna, miang noeroenan."

„Rampes djeung si-dewek."

„Rigeug noe angkat miang: bral koering pandeuri, koering ngiring sakabeh; sadjongdjongan djoeg ka pihoemaän."

Tatanen Indradjaja ajeuh reana, ajeuh neangan barajana tangkal perang, boeah gambrang tatanen Poerba rarang.

Mana tatanen teu bagdja aran sibaha ka radja, oelah teu tarapti teu ngoekoes-ngoekoes atjan.

Lengser noe ngadjoengdjoengkeun: „goesti sembaheun, koemaha pihadeanana?"

Wangsoel Indradjaja: „geura aritan djeung djaramina bae."

Berebet pada ngararitan djeung djaramina, ngakoet sakalian.

Tjek si-Lengser: „mo miloe ngakoet, keur masinikeun noe diboeat, bangkala ngakoet mihaloe djeung rantjatanana. Blas noe ngakoet datang ka karang leuit, gebloeg dialoeng djeung rantjatanana; prak kasimpak salajan, ka djero salajan, ambrih pinoeh katembong.

## L.

Tjatoerkeun deui di hoema.

Toengkoel oemeusi, beuneur hedjo, noe boeroekeun noe meudjeuhna; taja noe ditinggal kaparentah si-Lengser.

Indradjaja teu njaho ditatanen, noeroetkeun Lengser bae.

Lengser noe ngadjoengdjoengkeun sakeudeung paragat anggeus, diakoet djeung djaramina, leuitna gila koe anggon kagoenganana Poerba rarang katoet djeung pangiringna pisan. Koekoek, waloeh djeung roengkoenna, katjang, roaj djeung toeroesna, sabrang, terong djeung dapoeranana, brek dikaleuitkeun; sapangiring boekti sapangeusining hoema, taja noe ditinggalkeun tatanenna Indradjaja.

„Lengser noe didjoengdjoengkeun geus ngalenang-ngalening."

„Noen, goesti sembaheun, geus parele tatanen oerang."

Rigeug Indradjaja, bral koering ngiring pandeuri bala sakabeh.

Sadjongdjongan, djoeg ka nagara, bloes ka padaleman, prak sila pinoeh saroang bidak kaloearan boemi sewang-sewangan.

„Lengser geus parele masinikeun bala."

Gebloes ka padaleman Poerba rarang.

„Djisim koering amit hatoer, toeang koering dipiwarang nganjahokeun tatanen

pangoeloe tandang, nja geus parele."

„Koemaha tatanenna oerang sisi, noe Poerba sari, djeung noe oerang?"

„Biheung ngadjadi, biheung henteu."

„Noe oerang sisi mah hoemana sabirit loetoeng, pakarangna koedjang boentoeng:

pake njatjar pake ngored,
da henteu boga pakarang,
pakarang pamahan oerang,
waktoe boengsoena diboeang."

„Soekoer, Mama Lengser, toeloes kateukteuk tilas adeganana djeung boedjangna loetoeng?"

„Enja toeloes."

„Soekoer, Mama Lengser, meureun geus diboeat. Mama Lengser, pariksakeun bae ka pipir goenoeng, saroea henteuna djeung noe oerang, leuit katoet eusina geus karoehan. Bari merih pati torta gawe pangeunah-geunah olahan, sarta parearea samping, papandjang-pandjang kasang."

„Soemoehoen darma panjaoer, tarima ti pangandika, djisim koering amit moendoer, teu lambat ngadeuheusan."

Tjedok njembah, indit ngoesap birit, angkat ngoesap sindjang, bisi kawiwirangan keur ngawoela.

Djoet toeroen:

katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag nja ngalangkah,
metoe lawang mandjing lawang,
metoe di lawang pingpitoe,
datang ka lawang pingsanga,
dangdeung ka paseban ageung,
djoeg asoep ka aloen-aloen,
blas datang ka lawang loear,
medal di lawang saketeng,
koelantoeng toeroet loeloeroeng,
loeloeroeng tiloe ngabandoeng,
kaopat noe keur disorang,
kalima heuleut-heuleutan.

Djoeg ka pipir goenoeng, blas ka padaleman.

„Da halal, noen toeang, koering amit ngadeuheusan, noe kagoengan padaleman aja tjalik?"

„Aeh, koetan Mama Lengser, sok karoenja teuing, moen beurang teu loepoet datang, moen isoek teu loepoet tjoendoek. Mama lengser, rampes, tjalik."

„Bagea noe tjalik."

Parapat moeatkeun sembah.

„Mama Lengser," orokaja gantjang nanja, „reuas pabaoer djeung sieun, teu dihatoeranan lemareun djiga kitoe geura, teu pindo gawe geurana mah. Geura, rampes pariksakeun, Mama Lengser, na tjoendoek dipioetoes, na datang dipiwarang, na kita niat sorangan. Noen, rampes pikonokeun, soemangga pikersaeun."

„Noen, ratoe emas, tjoendoek dipioetoes, datang dipiwarang, ngemban pangandika ti nagara miwah ka toeang karsa, dipiwarang mariksakeun lakoening leuit, anggona djeung hanteuna pasti djeung eusina, saroea henteuna djeung noe kami?"

„Pasti ti mendi, oetama ti mana da boeboeatan loetoeng boh boeatan djalma; amit mariksakeun bae da teu dirarangkeun."

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Koelantoeng dina karang leuit toedjoeh ngabandoeng dipariksakeun, dikaloehoerkeun dikateohkeun: ‚apan boeatan loetoeng, ning eta hade ti batan boeatan djalma'.

Orokaja dilongok lawang leuitna bisina eusina djarami: ‚batan kami tjatjap eusina ka soehoenan, teu montjor meong-meong atjan.'

‚Djeung deui pare roepana aloes, dingarankeun pare aloes, geugeusan gila koe teges, djeung deui pare eusian, bisa temen tatanen loetoeng teh.'

Toetas pariksa, blas ka padaleman ka hareupeun Poerba sari.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser, koemaha noe kami djeung noe teteh?"

„Boeatan loetoeng ning eta leuit toedjoeh ngabandoeng eusina tjatjap ka soehoenan djeung deui pare aloes."

„Koemaha dingarankeun pare aloes?"

„Pare eusian, bangkala pare nja eusian."

„Koemaha toeang kagoengan si-teteh di nagara?"

„Ratoe emas, kagoengan toeang raka dihatoerkeunana anggon, ka rama teh djiga ranggon, dihatoerkeun pasti eusina djarami, toewoeh, koekoek, waloeh djeung roengkoenna, katjang, roaj djeung toeroesna, sabrang, terong djeung tangkalna, sapangeusining hoema sakabeh diasoepkeun kana leuit."

„Djeung deui, ratoe emas, langkoeng ti dinja diperih pati torta gawe, pangeunah-ngeunah olahan, parea-rea samping, papandjang-pandjang kasang; lamoen teu roepa, diteukteuk beuheung tilas adegan katoet djeung boedjangna loetoeng; kitoe ge tjek timbalan."

Poerba sari regoek tjeurik.

„Mama Lengser, oendoer, basa boedak keneh. Teu diwoeroek, dipitoetoeran koe teteh, samping ti mendi, kasang ti mana rampes, njerahkeun beuheung teukteukeun, tilas adegan; lega beurang, lega peuting patina si-adi da teu bisa njieun kasang njieun samping."

„Teu kangkat djisim koering ngakampoeng ratoe mo bisa balik, tatjan meunang wekasan."

Poerba sari dengdek ka boedjangna loetoeng.

„Oetoen, geura oendoer:

geura oendoer peungpeung djaoeh,
geura leumpang peungpeung anggang,
noengtik goenoeng anoe singkoer,
neangan mandala singkah;

teteh bala hareupan, poendoet poenden ti nagara taja anggeusna. Rek wawangsoel gila koe soendoel, popojan gila koe tjahja. Oetoen, koemaha, piwangsoelaneun?''

„Soehoenan pamadjikan, oelah haliwoe koe sakitoe, pasinina mah koemaha tjek kami, geura pok rampesan bae.''

„Mama Lengser, ari sanggoep bisi loepoet, ari tanggoh bisi poös, samping, kasang mah teu boga bisi dingarankeun teu ngawoela, kitoe ge ditanggohan koe boedjang loetoeng.''

„Djisim koering padoe meunang wekasan, djisim koering amit moendoer, teu lambat ngadeuheusan.''

Tjedok njembah djoet toeroen:

balik gasik leumpang gantjang,
teu dibilang di djalana,
dibilang datangna bae.

Djoeg ka nagara, blas ka padaleman.

„Bagea noe tjalik.''

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser,'' orokaja gantjang nanja, „diperih pati samping djeung kasang, djeung olahan?''

„Dirampesan, ditanggohan koe boedjangna loetoeng.''

„Mangkara loetoeng bisa njieun samping, njieun kasang, toeloes kateukteuk beuheungna tilas adegan katoet djeung noe boedjang ketengan.''

„Toeloes.''

„Soekoer.''

Lengser keur meudjeuhna ngeureunan palaj.

## LI.

Tjatoerkeun di pipir goenoeng.

Poerba sari tjeurik leutik sasakitan.

„Koemaha, nja Oetoen?''

„Soehoenan pamadjikan, oelah redjag, oelah reuas da kasang, samping teu boga; geura ngoekoes toekangeun imah, geura moedji bae bari ngoekoes.''

„Oetoen, koemaha moedjina?''

„Djangdjawokan bae: „dewata doeloeran aing.''

Koelinting ka toekangeun imah, boel ngoekoes:

„dewata doeloeran aing,
neda agoeng nja paraloen,

neda pandjang pangampoera,
rek ngoesik-ngoesik noe tjalik,
ngobah-noe keur tapa."

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Saoer Soenan amboe ka noe geulis Pohatji Wiroe manangga, madjar ka pangiwana: „Wiroe manangga, geura nabeuh kendangan manik kaboejoetan, tangara di kahjangan, si-Oetoen geus datang kongkonan, geus moeles kana pangamboeng, kongkonan si-Oetoen kingkila soesah gede."

Der nabeuh kendangan manik kaboejoetan tangara di kahjangan; leut dewata opat poeloeh, pohatji opat poeloeh, boedjangga opat.

„Indji sia dideukeutkeun tea mah, aja kongkonan si-Oetoen geus moeles kana pangamboeng, si-Oetoen kingkilaning aja kasoesahan, nanja ka dewata, nanja ka pohatji teroes ka Kai Boedjangga: oerang mana malah beurang peuting si-Oetoen bisi aja kakoeranganana."

„Wangsoel Kai Boedjangga: „ari tjekelan awak ing geus tjatjap, sedja mo ngilapkeun paradewata sakabeh, orokaja ngarempoegkeun tjoeang djoengdjoengkeun seuweu ratoe, djajak poetri radja da kapalang, oerang geus sanggoep."

Tjek Soenan amboe: „Indji, geura ngawadahan samping sawidak lima, kasang toedjoeh laboehan."

Diwadahan koe toropong samping sawidak lima, kasang toedjoeh laboehan.

„Djeung deui, geura njieun boboreh, mangka ati-ati meunang satjoepoe; ari olah-olahan doeöeman Kai Boedjangga."

„Indji, geura toeroenan bawa kasang reudjeung samping djeung boboreh satjoepoe; geura toeroenan, indji, geura bandingan si-Oetoen, nanging eta oelah nembongkeun ka si-indji, nembongkeun ka si-Oetoen bae."

Indit tina pangtjalikan,
angkat tina patapaän,
Pohatjina maja agoeng,
Pohatjina maja santen,
Pohatjina maja rarang,
Pohatjina maja endah,
Pohatjina maja leuih,
Pohatjina maja dewata.

Tjatoerkeun Pohatji Wiroe managga.

Sadjelat djoeg ka boeana pantjatengah, kasampak Poerba sari tjeurik leutik sasakitan.

„Koemaha oerang nja Oetoen?"

„Tjek kami oge geura moedji bae, ka mangkara miroepa mah ngan tiba soeker bae."

Tjag:
teundeun di handeuleum sieum,
toenda di handjoeang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

## LII.

Tjatoerkeun di nagara.

Saoer Njai Mas Poerba rarang ka si-Lengser: „Mama Lengser, geura nakol bende ageung kaboejoetan koempoelkeun batoer djenoek bala rea."

„Noen, pangoeloe tandang, soemoehoen darma panjaoer ti pangandika, amit indit, teu lambat ngadeuheusan."

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Geledeg loempat, top njokot panakol bende, der nabeuh tangara, bende ngoengkoeng saraoengoen tangara di djero nagara. Leut ti kidoel tjoekoel, ti kaler leber, ti koelon metonan, ti wetan daratang.

„Djoeragan Lengser, koering reuas pabaoer djeung sieun, aja tangara naon?"

„Aja tangara ti nagara. Ngandika pangoeloe tandang teroes djeung mas kabeureuh Indradjaja, koering sakabeh, tjek timbalan, tjoeang dirempoeg njieun olahan, olah djantoeng diaseuman koe tongtolang, reang sabrangna djenoek ladjana, ambrih lekoh katembongan mangka njaian oetama, di nagara meuleum waloeh sahoeloe mangka djadi saboekoer."

Parasikepan sakeudeung paragat anggeus; brak geura tareundeunan saenggon-enggonna. Geus parele lakoening olahan.

„Tjoeang dirempoeg ngadjoengdjoetan njieun kasang, samping."

Merebet dirempoeg ngadjoedjoetan; tjajap ing ngadjoedjoetan:

dirempoeg ngahindesan;
dirempoeg meteng;
dirempoeg milihan;
dirempoeg ngagelengan;
dirempoeg ngantehan.

Tjatjap ing ngantehan:

dirempoeg ngalawajan;
dirempoeg mendatan pisan;
toeloej njeuseuhan,
toeloej ngoeloeban pisan;
toeloej ngadarihan,
toeloej njikatan.

Geus parele njikatan:

mihane moendatan pisan,
njoeroepkeun ngaliar pisan.

Tjatjap ing ngaliar:

narikan ngarere,
morobot ninoen.

Sot koe ieu, top ieu, djenoek batoer rea bala; sakeudeung paragat anggeus.

Samping tiloe poeloeh, kasang tiloe laboehan direndengkeun saroea loehoer oenggoelanana. Parele samping, kasang, olahan geus miroepa, Lengser gebloes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Noen, pangoeloe tandang, djisimkoering dikarsakeun njieun kasang njieun ka toeang koering sakabeh, geus parele njieun kasang njieun samping, olahan geus miroepa sakoemaha pikersaeun."

„Soekoer, Mama Lengser, ajeuna geura pepekkeun Djaksa di paseban."

„Rampes."

Keur mepekkeun Djaksa, tjek Djaksa madjar ka si-Lengser: „kami kaget, reuas pabaoer djeung sieun, dikoempoelkeun digentak-gentak."

„Djisim koering tatjan meunang wekasan pikersaeun, nanging eta, Djaksa, koedoe pepekan bae di paseban, tatjan karoehan pikersaeunana."

Boes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser," orokaja gantjang nanja, „koemaha, pedah dikersakeun mepekkeun Djaksa?"

„Djisim koering pedah katimbalan, geus tjatjap pisan, ngaloentakeun kasaoeran ka toeang koering sakabeh sarta ka Djaksa pisan, ajeuna geus pepekan, poen Djaksa ka djisim koering pedah dipilengser njoehoenkeun wekasan."

Kasaoeran Poerba rarang: „ari geus parele mah, soekoer. Geura dikongkon ka pipir goenoeng mariksakeun meunang merih pati lakoening samping djeung kasang djeung olahan na roepa, na henteu. Lakoening samping, kasang, olahan koedoe kairingkeun bae, lamoen teu beunang ditoeroenkeun, bawa gagantingna bae."

„Noen, pangoeloe tandang, soemoehoen darma panjaoer, tarima ti pangandika, nja toeang koering rek amit moendoer."

Tjedok njembah, djoet toeroen.

Katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag noe ngalangkah,
nja angkat di geura-geura,
geura soteh ning oetama,
angkatna diage-age,
age soteh ning parele,

ngaboeroe gawe noe gede,
metoe lawang mandjing lawang,
metoe di lawang pingpitoe,
datang ka lawang pingsanga,
dangdeung ka paseban ageung,
djoeg datang ka aloen-aloen,
parapas ka lawang loear,
medal ka lawang saketeng,
koelantoeng toeroet loeloeroeng,
loeloeroeng tiloe ngabandoeng,
kaopat noe keur didjaga,
kalima heuleut-heuleutan.

Djoeg ka pipir goenoeng.

„Da halal, ratoe emas, noe kagoengan padaleman aja tjalik?"

„Aeh, koetan Mama Lengser, sok karoenja teuing, Mama Lengser, soemangga, tjalik."

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Mama Lengser, oelah tjalik sisi teuing bisi tidjengkang."

Ser Lengser nengahkeun; adjriheun Lengser, Poerba sari enggeus beunghar:

gorompjang lalantjang emas,
lalantjang bokor kantjana,
diloekoen nimoe sapoeloeh,
digantal nimoe salapan,
ditetek nimoe salawe,
meunang nonggong njilokakeun,
meunang ngahoeloe mikoengkeun,
rampes ngeusal tamba palaj,
leuheung meueus djeung henteu mah,
loemajan tamba teu pisan,
ngakoe soteh kami boentoe,
njambat taja nja kaboga,
sareseh taja pamere,
ngalemar bawana keneh,
teu sae anoe njadoekeun,
teu sae noe disadoekeun.

Si-Lengser ngahoeleng ngaboentel tineung.

„Koemaha, diseupahna koe toeang koering?"

Koetoe simboet koear sindjang,
tarima darma pangasih,
pangasih ti djalma ririh,

pangangkat ti djalma koeat,
njigit gantal meuweung keusal,
diperih amis tjaina.

Prak dioetahkeun deui, bisi kapetolan, bisi kawiwirangan keur hatoeran.

„Mama Lengser," orokaja gantjang nanja, „reuas pabaoer djeung sieun, na tjoendoek dipioetoes, na datang dipiwarang, noen, rampes pikonokeun, soemangga pikersaeun."

„Ratoe emas, djisim koering tjoendoek manggoel pioetoes, datang dipiwarang, ngemban pangandika ti nagara miwah ka toeang karsa, lakoening samping djeung kasang katoet djeung olahanana, geus aja ta henteu?"

Poerba sari regoek tjeurik.

„Ti dihin oge oendoer basa boedak keneh; samping ti mendi, kasang ti mana, rampes, njerahkeun beuheung teukteukeun, tikoro gorokeun. Lega beurang lega peuting, patina si-adi, da teu bisa njieun samping njieun kasang."

„Teu djamak koering ngagampang, ratoe, ning eta tjat ka aja tjat ka henteu, koedoe kairingkeun bae koe djisim koering, mo bisa balik ka nagara, kitoe ge tjek timbalan."

„Oetoen, koemaha oerang, pedah ajeuna, oerang ditoeroenkeun ka nagara, teu meunang noenoehoen."

„Geura moedji bae bari ngoekoesan leuit toedjoeh ngabandoeng."

Tjatjap ing ngoekoesan; leuit doedoekoehan Poerba sari, seureuh meudjeuhna boeboeni tjareuh, kalapa sintoeng ngadjadjar.

Boes deui ka padaleman, reketek dibeubeur leupeut.

„Koemaha nja Oetoen.

„Oerang toeroenan bae, bisi dingarankeun teu ngawoela."

„Koemaha, Mama Lengser."

„Mo bisa balik moen teu kairingkeun mah."

„Rampes, atoeh."

Indit tina pangtjalikan,
angkat tina patapaän,
sawarnaning kekembangan,
dipipitan bari angkat,
saking oel rek ninggalkeun,
doedoekoehan tjondong kabeh,
soedjoed dipileuleujankeun,
datangna ka lawang loear,
ngaraboet dapoeran eurih,
Loetoeng keur sawenan lawang,
silepna henteu katembong,
disawenan pangawasa,
dibanding koe pradewata,
katjatjang kolear angkat,

memeh angkat keupat heula,
poen Mama djadi oejoenan,
keupatna aloeng ka manggoeng,
tanding bintjaroeng diadoe,
keupatna helang ka handap,
tanding kembang sempoer ragrag,
Poerba sari leke lenggang,
keupatna Mas Poerba sari,
keupatna helang ka hareup,
pakeunna nandjoerkeun tineung,
kadi meri datang mandi,
kadi soang datang ngodjaj,
kodomang Loetoeng pandeuri,
leumpangna doemontja-dontja,
boentoet bereleng kantjana,
boentoet emas ditjentangkeun,
nja hoeroeng sariga lajoeng,
nja herang sariga bentang,
diïring paradewata,
koelantoeng toeroet loeloeroeng,
loeloeroeng tiloe ti poengkoer,
kaopat noe keur didjaga,
kalima lawang saketeng.

Djoeg ka aloen-aloen, blas ka padaleman, prasikepan tjaralik.

Lengser boes ka padaleman.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Noen, pangoeloe tandang, enggonna djisim koering dipiwarang noeroenkeun, toeang rai geus tjatjap pisan, malah kairingkeun katoet djeung boedjangna loetoeng, lakoening kasang djeung samping tampi raos teu roepa."

„Soekoer, sakoemaha pikersaeun, geura temonan bae koe Mama Lengser."

Tjedok njembah.

„Teu lambat ngadeuheusan, amit moendoer?"

Djoet toeroen.

Blas ka padaleman, prak ka pangtjalikan, ngeureunan palaj.

„Koemaha, Lengser, palamerta?"

„Noen, Djaksa, geus tjatjap, hatoeran ning eta tatjan meunang wekasan, saoerna tjoeang ngantian kasaoeran bae."

Geus parele di djero noe dangdan.

Rigeug Indrajaja noe angkat, diïring koe parapoetri,

Noe genep bral ka paseban, brak sila pinoeh saroang, masamoan sisi-sisian.

„Noen, Djaksa, geura midoea, sasrogan, kakara didoeöeman Djaksa bae."

„Teteh, amit hatoer, adi pedah aja panjaoer, soemangga, pikarsaeun."

„Koemaha, leuit saroepa ta henteu djeung noe oerang?"

„Noen, Djaksa geus meudjeuhna, geurá djaksaän, djaksa nagara heula, djaksa oerang sisi heula."

„Rampes, ning eta eleh ge kami henteu era da oerang sisi."

„Lengser, koemaha, kami mah henteu njaho ti tatadina."

„Rampes, ngababarkeun ning eta patjoean diwada koe Djaksa, bongan dipariksa, teu njaho di hadena, di henteuna, kagoengan emas poetri boengsoe leuitna toedjoeh ngabandoeng nja soteh boedjang loetoeng eusina gila koe moeloes sakitoe gila koe parinoeh djeung deui parena ge araloes."

„Koemaha, dingarankeun pare aloes?"

„Pare esean."

„Koemaha, Djaksa, nagara?"

„Ieu nja kitoe keneh, teu njaho ti tatadina."

„Rampes ngababarkeun patjoean diwada koe Djaksa nagara, kagoengan leuit nagara dihatoerkeunana anggon karana eta teh djiga ranggon, eusina djarami bae, koekoek, waloeh djeung roengkoenna, katjang, roaj djeung toetoeroesna."

Ger disoerakan: „oersih, kawon!"

„Kami teu tarima kawon, teu weleh ngadoe gawe."

„Djaksa, nagara aja woewoeh pangaweroeh kieu-kieu ngadjadi, djadi teu weleh ngadoe gawe, tjoeang pangeunah-ngeunah olahan, kami mah enggeus miroepa, mendi boeatan olahan tangkoerak sia."

„Teteh, sok leuih teuing wiwirang si-adi, diïmeut-imeutkeun teuing."

Geus dioengkoelan kari saketokeun bae.

Aja soara tan katingalan: „Indji, geura rampesaṅ bae, geura ngoekoes di pipir paseban."

Terengteng ngoekoes.

Tjatoerkeun di manggoeng.

Saoer Soenan amboe:

„Kai Boedjangga geus datang kongkonan si-Oetoen, geus moeles kana pangamboeng noeroenkeun olahan."

Tjek Kai Boedjangga: „geus ditjawisan"; diragragkeun ngareka moending woengkoel keneh.

Ragrag goemolang-golang moending noe kasep pisan.

1.

Djoeg ka boeana pantjatengah, hol ti loear njampeurkeun koe maneh; tembong ditoengtoen koe Poerba sari.

„Teteh, ngan sakieu nja panggih."

„Tangkoerak sia, sok lalawora teuing, masih moending woengkoel keneh."

Geus dioengkoelkeun kari saketokeun bae.
Diharewosan koe dewata: „Indji, geura metjoet koe njere laki."
Djepret gebraj moending miroepa tetenong.(1)
„Tjing, ngeunah mana, ngeunah mendi, geura asaän."

Pada ngasaän saoejoep sewang, henteu mahi kedjona, gila koe poelen boeatan Poerba sari, dipalidkeun saparoeng mo peuraj.

„Koemaha Djaksa nagara, oetama da boeat nagara?"
Soeroepoet soeroepoet diasaän belel, weureu olahan boeatan nagara, saoerang deui njeuleuan waloeh, sahoeloe djadi saboekoer, ditjotjol gedag djeung areujna, pindang hajam ditjotjol ngarondjat keupeul.
„Kawon, Djaksa," nagara oersih.

2.

„Teu weleh ngadoe gawe teu tarima kawon, tjoeang parea-rea samping, kami mah geus ngoendoeng-ngoendoeng tiloe poeloeh."
„Teteh, oendoer basa boedak keneh teu bisa njieun samping, pati si-adi lega beurang, lega peuting."
Geus dioengkoelan kari saketokeun bae.
Tjlok toropong hareupeun Poerba sari, teu tembong anoe nendang.
Beubeutkeun, djepret, gebraj samping sawidak lima.
Dipareboetkeun koe Djaksa pidjimateun; kakara manggih ajeuna samping batan kieu aloesna.
„Djaksa nagara, koemaha, loehoer noe kami, oenggoelanana?"
„Lain masinikeun oenggoelan, meunang ninoen gila koe madoeng, montjoran beuti gadoeng."
„Kawon, Djaksa," nagara oersih.

3.

„Teu tarima kawon, tjoeang papandjang-pandjang kasang."
„Teteh, sok kabina-bina teuing, oendoer basa boedak keneh."
„Rea wangsoelan: gobang pondok pangetokan,
gobang pandjang pamantjasan."
Geus dioengkoelan kari saketokeun bae.
Tjlok toropong deui hareupeun Poerba sari; dibeubeutkeun, djepret, gebraj kasang toedjoeh laboehan kagoengan Poerba sari.
„Tjing, pandjang mana, pandjang mendi, nagara djeung oerang sisi."

(1) Pinasti diwaloerikeun teu hade metjoet moending koe njere laki, poesaka ti Poerba sari.

Tjek Djaksa: „Poerba sari reana toedjoeh laboehan, ditilik gila koe pandjang nja soteh teu boga wewenang kagoengan Mas Poerba sari."

„Koemaha, Djaksa, nagara loehoer noe kami oenggoelanana?"

„Lain masinikeun oenggoelan pandjangna."

„Da boeatan nagara mah,
bagedoegna koerang tinggoer,
tarik toendjang kendor pakan."

„Ti sisi goenoeng-goenoengan,
tjarangtjang montjoran katjang,
hade eukeur njair bintjang,
boeatan Mas Poerba sari."

Ger oersih: „kawon, Djaksa kolot."

4.

„Teu katarima kawon, tjoeang palenggik-lenggik soesoe djeung si-adi."

„Teteh, sok leuih teuing wiwirang si-adi soesoe mah, koemaha dilenggik-lenggikna?"

Geus dioengkoelan kari saketokeun bae.

Diharewosan koe dewata: „Indji, geura nangtoeng toeroet bae."

Prak dikarembongan:

karembong tjawiri poetih,
ngareka loeareun krembong,
hoeloe soesoe noendjoek iroeng,
djoedjoeloek sasangga waroe,
ditilik gila koe loetjoe,
taja batan poetri boengsoe,
tetenger djadian agoeng,
hade keur pawarang ratoe,
taja batan Poerba sari,
pangaroeh teureuh noe pasti.

„Koemaha, Djaksa kolot?"

Oetama diawaskeun djiga karang hoeloe koerang kapoek, lepet djiga letah andjing.

Ger oersih: „kawon pangoeloe tandang nagara,"

5.

Teu tarima kawon, tjoeang pageulis-geulis, geura nangtoeng."

„Djoeng nangtoeng.

„Tjing, geulis mana, geulis mendi oerang nagara djeung oerang sisi, Djaksa, Poerba sari heula."

Tjek Djaksa:

Njai emas Poerba sari,
enja soteh oerang sisi,
hamo kalah kageulisan,
djalma beubeulahan boelan,
sesemplekan serengenge,
soesoeroepan bentang timoer,
geulisna kabina-bina."

„Koemaha, Djaksa kolot?"

„Saroea lendjangna, saroea geulisna mangka tetela nja ngadjaksaän, kawoe-woehan pimotongkeuneun, dipotongkeun koe si-Lengser,

Tjek si-Lengser: „geulisna saroea, lenggikna saroea, lendjangna saroea; arina diawas-awaskeun aja keneh katjawadna saeutik bongkok meongeun."

Oersih: „kawon pangoeloe tandang nagara."

6.

»Teu tarima kawon, teu weleh ngadoe gawe, tjoeang papandjang-pandjang boeöek, pandjang mana, pandjang mendi, boeöek aing djeung si-adi."

„Teteh, leuih teuing, koemaha dipandjang-pandjangna?"

„Rea kawangsoelan, rea katembalan:

gobang pondok pangetokan,
gobang pandjang pamantjasan.

Geus dioengkoelan, kari saketokeun bae.

Aja sora tan katingalan: „Indji, geura nangtoeng, toeroetkeun bae."

Neut nangtoeng, gebraj didjambak koe dewata, braj boeöek ngoejoepoek di boemi, galing moentang pipitjisan.

„Tjing, geura djaksaän."

Tjek Djaksa: „Poerba sari teu njaho dipandjangna dihenteuna,

boeöek ngoejoepoek di boemi,
boeöek emas Poerba sari,
galing moentang pipitjisan,
ditilik gila koe pandjang,
nja soteh teu boga wenang,
ditilik gila koe herang,
di mendi teu rekna hajang,
hajang soteh ngawoelaän."

„Koemaha, Djaksa kolot?"

„Noe saoerang datang kana poendoek, noe saoerang deui kana tonggong; noe saoerang deui kana birit, noe saoerang deui kana tjetjekolan; noe saoerang deui ngaringkiwik djiga hingkik, noe saoerang deui gila koe koesoet."

Ger oersih: „kawon pangoeloe tandang nagara."

„Mama Lengser, rek ngoesoet-ngoesoet bae."

„Lain ngoesoet-ngoesoet djamak noe ngadoe ramboet, pangoeloe tandang, teu beunang diroeroentoet."

7.

„Teu tarima kawon, teu weleh ngadoe gawe, tjoeang paroeöem-roeöem boboreh.

„Pangoeloe tandang, geura njangraj peundeuj, bisi kawon, pangoeloe tandang nagara."

„Hajoe, adi, oerang paroeöem-roeöem boboreh."

„Teteh leuih teuing wiwirang si-adi, teu oemoem teuing, boboreh mah, koemaha diroeöem-roeöemna? Pati si-adi lega beurang lega peuting, pati moen patitis, kadjeun pati toedjoeh kali, padoe diajoenan goesti."

„Tangkoerak sia, rea kawangsoelan, ieu gobang pondok pangetokan ka noe genteng teoheun gado."

„Teteh, oelah dipisaoer, dek bae."

Diharewosan koe dewata: „Indji geura nangtoeng."

Neut nangtoeng.

Dieurihkeun boboreh kana oelakan, diasoepkeun ka djeroëun samping; Poerba sari dedel koe kaseuri, legedej pinoeh satjoepoe, malaoeng seungit ka manggoeng.

Ger dipareboetkeun koe Djaksa boborehna Poerba sari. Djaksa nagara nga-reboet didjengkangkeun, blak nangkarak.

„Oelah ngareboet boboreh kami."

„Koemaha, Djaksa kolot?"

„Tatjan karoean."

Boeroedoel sagede beuti tjariang, batan pasti anggoer baoe aran sidahar sasawi hedjo sapotong.

Ger oersih, disoerakan: „kawon", bari noekang kabeh.

„Mo weleh ngadoe gawe, teu tarima kawon, tjoeang pakasep-kasep beubeureuh, sagorengna kami mah da djalma, tangkoerak sia mah sakasep-kasepna da loetoeng, henteu kasep-kasep teuing da loetoeng."

„Teteh, sok leuih teuing wiwirang si-adi, rampes, njerahkeun beuheung teukteukeun, tikoro gorokeun, pati moen patitis, kadjeun pati toedjoeh kali, padoe diajoenan goesti, batan diwiwirang teuing mah, koemaha dikasep-kasepna."

„Oetoen, geus meudjeuhna, teu oenggoet kalinian, teu gedag kaänginan."

„Rea wawangsoelan, katembalan kami mah da djalma, sagoreng-gorengna da djalma, henteu goreng-goreng teuing da djalma."

„Ti tadi ge teu wangsoelan doea tiloe, pati si-adi lega beurang, lega peuting, dikasep-kasepna da geus kitoe bakatna loetoeng."

Geus dioengkoelan kari saketokeun bae.

Ret njoreang Poerba sari ka Loetoeng.
Tjek sora tan katingalan: „Oetoen, geus mangsana."
Geledeg Loetoeng loempat ka aloen-aloen, diïring koe paradewata.
Ger disoerakan koe nagara: „loetoeng eleh."
Maroekankeun eleh koe nagara.
Datang ka loear gedogkeun, gebraj raksoekanana:

baranang sariga bentang,
hoeroengna sariga lajoeng,
kakasepan Goeroe Minda.

Djepret raksoekan dibeubeutkeun ka sanghjang batoe datar, djanggelek djadi djalma, djenengkeun Ki Bagoes Lemboe halang, ngahalang karatoeanana, saoemoer tapa saroepa bae gedena kasepna.

Top salopana oeroet wadah raksoekan toeroebna dibeubeutkeun, djepret djanggelek djadi djalma, djenengkeun Kidang panandjoeng.

Top sabeulah deui, djepret, djleg djadi djalma djenengkeun Gelap panjawang.

Sadjongdjongan tiloe kaopat salira radja; moen moending djadi sarakit, moen kembang djadi sapasang, kasepna saroepa, gedena saroea.

Tjek dewata: „Oetoen, oelah wara madjoe ka aloen-aloen didangdanan heula koe dewata, ditjawisan salawasna mo kakoerangan.

Rap noe dangdan:

anggona sorot bajabon,
dadamping toempal pajoedan,
disaboekan tali datoe,
meunangna djamang sakelat,
meunang makoeta paremas,
mengled anoe njoren doehoeng,
gogodong rombjang kantjana,
landean tajoeman anjar,
sarangka sasarenggatan,
sasamboengna tiloe poeloeh,
tatambalan lima welas,
tatap eloekna salawe,
kilang kitoe teu katara,
regana salawe joeta,
kilang kitoe ditedoenan,
da sae noe nganggo inja,
pendok koneng nganggo topeng,
ngageboer pamendak inten,
raweujan kembang djajanti,
lain djajanti mas kembang,
mas pitoe meunang ngalesoe,
mas sanga beunang ngagoebah,

emas meunang ngaleotan,
ngaroengkoep kana harigoe,
ngaroembaj kana kengkerang,
meulit kasorong kerisna,
ipis ramping koe dadamping,
genteng tjangkeng koe rarangken,
langkojang awak wajangeun,
kasep taja papadana.

„Oetoen, anak ing, bahajoe dipake lesoe, baheula dipake tapa, ajeuna datang ka mangsana. Baheula toeroen ti manggoeng djenengan Goeroe Minda Kahjangan, anak dewata tjikalna, titisan Goeroe Hjang toenggal, seuweu batara di langit; ajeuna salin djenengan, Goeroe Minda teu dipitjeun, djadi Goeroe Minda Patandjala, ratoe Patandjala seda, noe kasep ratoe sembawa."

„Oetoen, kami arek balik."

Wangsoel Goeroe Minda:

ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,
ngobah-ngobah noe keur tapa,
neda pangampoera bae."

„Oetoen, oelah rea kasaoeran, mo hedjo lalakonna mo rambaj tjaritana, moen teu koe amboe koe sadoeloerna."

„Noehoen."

Terengteng baralik dewata ka sawarga loka manggoeng, boes ka panoenggoean, blas ka patapaän.

„Indji, koemaha, geus parele, mana loedeung ninggalkeun?"

„Soemoehoen tjekap."

„Soekoer."

Tjatoerkeun deui di nagara.

Ratoe rek madjoe koering ngiring pandeuri.

Katjatjang kolear angkat,
memeh angkat keupat heula,
bisi poegag nja ngalangkah,
keupat-keupeut rentang-rentang,
keupat gambalang-gambeleng,
djiga banteng toemambirang,
ngaran anggo djalma wenang.

Barang gok ewoeh ngakoe beubeureuh, moen moending djadi sarakit, moen kembang djadi sapasang; ngakoe beubeureuh ka noe ti heula, ngakoe dahoean ka noe pandeuri, ka Ki Bagoes Lemboe halang.

Breg tjaralik di pasamoan.

Ret Lengser njoreang, gebroeg toetoeroeboen ti paseban bari inget popogan siga djalma kasep, der ngadeg, sanagara madjar kasep kabeh.

Si-djompong noöng asoep sapotong, kabita koe noe montjorong oerang sisi, rek nongton noe kasep; teu kabagean samping, manggih loemping moending dipake samping, rekak-rekoek sada andjing oetah.

Ger kawon Indradjaja.

„Oelah kitoe-kitoe teuing."

Ger koering njisi sewang-sewangan.

„Mas kabene geura maseuk djangkar pageuh dioeger-oeger, wesi tihang panggoeng tekin wajang kadjenggoet toeang koekoentjoeng."

„Koemaha kasambatna toeang nami, geura pok pikonokeun, koemaha pitarimaeun, geura pok malik basa."

„Rampes simkoering dipoendoet nami, bala taja doea, sahidji keunana pasti:

Njai Emas Poerba sari,
Poerba sari ajoe wangi,
Kantjana ajoe dewata,
Dewata radjoena tapa,
Tapa emas tapa radja,
Mas tapa radja koesoema.

„Simkoering rek malik basa," tjek Poerba sari ka Goeroe Minda:

bahajoe dipake lesoe,
baheula dipake tapa,
da geus datang ka mangsana,
Oetoen soteh ka loetoengna,
boedjang soteh ka tjangkangna,
ari datang ka mangsana,
koe koeningan keuna poetih,
tambaga keunana bodas,
sakala salaki koering,
asoep goenoeng koering miloe,
sampean pigoeriangeun,
koering piïndangeunana,
ratoe anoe malik basa,
peso raoet gagang padoeng,
panjoekoer serang lambajoeng,
pamoepoe indoeng toeriang,
etem banget ka awak ing,
sor lepo eta noe mando,
parapat eta noe njembah,
kopo tjondong djeungdjing djoho,
taleot djeung talawoengan,
kehkel naek batoe toeroen,
kita daek kami poeroen,
goleah kana lahoenan,

tjalik dina bentjing bitis,
dioek dina poendoek toeöer,
eukeur patimoe nja semoe,
eukeur djongdjon sosonoan,
noe kasep reudjeung noe geulis,
ditjioem diembe lanang,
ditjioem diloedat-ledot,
koetil linjih radang lesang,
sot lesotkeun tjag etjagkeun,
matak ageung singsireumeun.

„Goesti sembaheun, agoeng paraloen, widi teu widi, disoehoen widina, rek amit males ka soenan teteh."

„Owah, eta toeang adi, geulis mangka toetoeg geulisna, poetih mangka toetoeg poetihna."

„Goesti sembaheun, teu kawawa noe njeri dipoelang njeri."

„Hade, oelah kalajanan bae."

Tjedok njembah, indit sampean djarangkang, lap poho.

Tjag ditjandak ramboet Poerba rarang, gedeboeg dioeleng, digoegoesoer bari dipetjoetan.

Ngadjerit maratan langit, ngotjeak maratan desa.

„Kami tarima males hoekoem, noe njeri dipoelang njeri, noe moha dipoelang moha."

„Adi, oelah dikieukeun, radja banda katoet bala njerahkeun inja."

„Montong diserahkeun, ti baheula nagara aing, teteh ngan kapihapean.

„Adi, katimbalan ti rama ti amboe, adi, njoehoenkeun pertobat."

„Moen hajang njaho, baheula waktoe diboeang tanpa timbalan."

„Adi, menta pertobat, menta dihiroepan, adi?" Bari ngoesap koe tjongo boeoek kana dada Poerba sari bari pertobat.

Sot dilesotkeun, tjag kelingan deui.

„Bagea noe tjalik."

Terengteng moeatkeun sembah.

„Noen goesti sembaheun, neda agoeng paraloen, pandjang pangampoera, kelat kapohoan doana toeang adi."

„Sakitoe ge. meudjeuhna noe males mah oetama."

Brek soedjoed.

„Adi, menta hiroep bae."

„Ari kersa djadi pangawoer hajam?"

„Kari koemaha pangersakeun si-adi,"

„Ing dalem sadjongdjongan hajam koedoe diangon."

Noe saoerang deui: „adi, padoe diakoe bae."

„Ari kersa djadi pangawoer meri?"

„Kari koemaha pangersakeun."

Noe saoerang deui: „adi, menta hiroep bae."
„Ari kersa djadi pangawoer soang?"
„Kari koemaha pangersakeun."

Noe saoerang deui: „adi, padoe menta hiroep bae"
„Ari kersa poerah noetoe, ngedjo, djadjabroeg, sasapoe karang, tamba tjape top kana tinoeneun?"
„Koemaha kersa, adi."

Noe saoerang deui: adi, menta hiroep bae?"
„Ari kersa mitjeunan tai koeda, tai moending, poerah ngangon, tamba tjape top kana djoedjoetaneun."
Anoe limaän:

tamba toendoeh ngadjoedjoetan,
tamba tjitjing ngangon moending,
tamba tjape ngangon embe.

„Baheula, waktoe nalangsa, ngan teteh Emas Poerba leuih loemajan, ka soenan dahoean, ka Ki Bagoes Lemboe halang; diadegkeun papatihna Ki Bagoes Lemboe halang."
„Teteh teu bisa moelangkeun tamba."
„Adi tarima sakitoe ge pira-pira, da baheula teu meunang eman."

Kedep njoreang Indradjaja, djarangkang toeroen ka aloen-aloen.
Reup geuneuk toeang pameunteu, rep djiga toeang salira, ngeng dedengeanana, gaor nangtang kekedoek bari gagamboel: „ih! toeroen! soegan aja maoeng dikoengkoeng, badak ditjangtjang, banteng dirante; tjoeang tepoeng adoe laoeng, tjoeang keteng gegedengan, tjoeang perang djeung dewek; mas kabene, dewek dibojong kabeh."
„Noen, goesti sembaheun koering, rampes, reungeukeun, lain roekroek, lain manoek, lain tjongtjorang disada, lain tjoemeloek ngadjak njatoe, lain goemantawang ngadjak madang, noe tjoemeloek ngadjak poepoeh, goemantawang ngadjak hilang; goesti, rampes, tandangan."
Owah, toeang adi, moen tjalik mangka toetoeg tjalikna, tetep mangka toetoeg tetepna, oelah oenggoet kalinian gedag kaänginan."
„Padoeli naon, teu kitoe ge papantesna nanggap mamaos; ingkeun bakal nandangan Ki Patih Lemboe halang."
„Noen, rampes soenan dahoean mangka eling kana djisim, noen, rampes, geura tandangan:

„Oelah rek oendoer da bagoes,
oelah rek weleh da kasep,

bisi djadi banda deungeun,
bisina kasamboet deungeun,
ingetkeun djeneng si-adi,
montong diëling-elingkeun,
eling-eling sapandjangna."

Djarangkang toeroen; „meudjeuh nja nangtang nja aing kamarang hideung tandangna sanak wargana."

„Ih, kirik teh, njampeurkeun ka dewek ali loklak kade ninggangna, meunang njoetjoek dadapkeun.

„Ka dieu kana koelit dingding poerasani, kana paranti baradja kokotak."

Djebet kana kongkolak mata teu ngitjeup-ngitjeup atjan.

„Kirik teh kandoelan."

Djebot deui.

„Kirik teh bangor."

Djebet deui, merenges bae ka kasepanana; sedekkeun teu obah-obah atjan. Balikeun deui ka Patih Lemboe halang, geret teu obah-obah atjan.

„Kirik teh djangkaran, koerang tanaga."

Balikeun deui ki patih, derekdek geret, teu obah-obah atjan.

„Montong perang djeung dewek, lain lalaki mah."

Woewoeh poendoengna patih ngadoger, oenggoet di loehoer, gedag di handap, ngembang dadap ngoletjer. Gedeboeg djoeringkang satoetoep aloen-aloen, ditindihkeun tjangkang keupeulna. Djebot korongna sagede toewoeng tjangkang korong asa kosong, tjeblok disoedoek koe doehoengna Patih Lemboe halang.

„Rambetoek teh njeuseup, lanjap-lanjap temen."

Dirambetoekeun bae; tjeblok datang ka doea kali.

„Reungit teh njeuseup."

Tjeblok datang ka tiloe kali, seblak sapat, toeloej beuheungna Indradjaja digagantingkeun; bloes ka hareupeun Goeroe Minda.

„Noen, goesti sembaheun, ngahatoerkeun gagantingna Indradjaja."

„Ki Patih Lemboe halang, oelah dikitoekeun toenggal kaoela aing, hiroepan deui, soegan beunang ditaloekkeun."

Gagantingna rada kabendonan, djoet toeroen dihiroepan deui:

tjoendoekkeun atma ti kidoel,
datangkeun atma ti wetan,
asoep bajoe ka koeroengan,
entik lilir renghap tjarang,
koelimis tanpa lelenga,
abang lambe tanpa nginang,
djanggelek waloeja deui.

„Menit temen nja deudeuleuan."

„Meureun menit modar tanpa karoehan, koemaha piangkeuheun, rek ngawoela?"

„Koemaha tingkah ing ngawoela?"

„Broek soedjoed ngawoela ka boemi, tanggah ngawoela ka langit."

„Ngabatjokak goletak serah bongkokan, landean hoeloe lisoeng, gogodong djeungdjing tjondong, pamendak loeloempang tjopong."

„Tah, kitoe tjirining ngawoela, hoetang koedoe bajar, ngindjeum moelangkeun."

„Karsa pake pangarit?"

„Koemaha pangersakeun."

Pangnjieunkeun tjarangka satangtoengna, gede sadeupa mider, dibahanan arit timah.

Indradjaja djadi pangarit; ngarit tatjan meunang djoekoet disoesoelan, Lengser noe ngapalaän.

Poerba sari Goeroe Minda malebet ka padaleman, toewoeh ratoe babar tapa datang ka mangsana.

Meunang dirioeng koe geloeng,
meunang direndeng koe tjangkeng,
noe lendjang pada ngadjadjar,
noe denok pada ngaronjok.

„Mama Lengser, baheula, waktoe nalangsa Mama Lengser noengtoen toewoeh, ngadjajak bagdja, noe ngora teu bisa moelang tamba, Mama Lengser, djadi kokolot nagara:

nganjahokeun sagedena,
mangka beunang diandelkeun,
ngoeroes bisana nagara,
pananjaän sarerea,
djeung patihna Lemboe halang."

LIII.

Neda agoeng nja paraloen,
neda pandjang pangampoera,
ngoesik-ngoesik noe keur tjalik,
ngobah-ngobah noe keur tapa.

Tjatoerkeun di manggoeng, tjarita di kahjangan.

Soenan amboe teroes panon batan katja, salawasna katingali, si-Oetoen geus toewoeh ngadeg ratoe, babar tapa malebet di padaleman Goeroe Minda Poerba sari.

Tjek saoer Soenan amboe: „geus meudjeuhna ditoeroenkeun ka nagara leuit toedjoeh ngabandoeng."

Tjek Boedjangga: „rampes sadjiad sakersana."

Boedjangga noe leuih pangawasa dioelang bae; derekdek leut sapangeusi di pipir goenoeng; paseban, gedong, toeroen kabeh, koempoel kabeh ka nagara; ngiring leuit tinggal tatapakan.

## LIV.

Tjatoerkeun di nagara.

Teu djamak ratoe koe tjadoe,
teu djamak menak koe tjatjad,
kapoelih batan sasari,
kalandja batan baheula,
soegih moekti rea boekti,
beurat beunghar rea banda,
rea banda katoet bala,
pendok saratoes disoehoen,
pendok salawe diteëp,
lain beunang ngala boeroeh,
lain beunang tjari oentoeng,
lain beunang badog rampog,
pamahoegi paranjai,
pamere paratjawene.

Baheula keur dititihan koe Poerba rarang nagara Pasir batang, ajeuna salin djenengan, geus toewoeh Poerba sari, salinanana djenengan nagara Pakoean kalangan; tjikal wiwitan ngadjadi wekasan ngoeroes nagara.

Ger noe soekan-soekan:

doer bedilna bet tinggarna,
morobot pestol pamoran,
bedil tinggar kalantaka,
geledeg mariem dalem,
bedoeg tamboer tiloe poeloeh,
seah tarompet sawidak,
siga srengenge ti langit,
tangara radja papadjar,
pangaroeh ratoe keur toewoeh.

Soekan-soekan ngawonkeun Poerba rarang.

Ngadingding koetana beusi,
ngagenjas koeta tambaga,
ngempoer koetana paroenggoe,
beusi direkakeun moending,
tambaga direka koeda;

wongwonganna di karaton,

paroenggoe direka maoeng,
tetenger di lemah loehoer,
wongwonganna di karaton,
salaka direka merak,
emas direkakeun boedak,
ditilik djiga njaliksik,
diteang djiga njoreang,
tetenger di lemah loehoer;

wongwonganna di karaton,
kalitjangkas djangdjang emas,
tikoekoer djangdjang paroenggoe,
titiran djangdjang salaka,
tetenger di lemah loehoer;

wongwonganna di karaton,
njoreang ka tebeh loear,
ngarekakeun gadjah depa,
direkakeun maoeng singa,
ngalirik kana palipir,
ka loehoer direka koentoel,
di teoh direka bango.
di tengah direka djalak,
sigana pasampeur-sampeur,
tetenger di lemah loehoer;

wongwonganna di karaton,
direkakeun heulang ngapak;

wongwongan poetjoek ing koeta,
Poerba sari Goeroe Minda,
geus saroea katoewoehan.
geus beak nja panasaran,
taja kahoetanganana.

noe ti kaler njembah ngidoel,
noe ti kidoel njembah ngaler,
noe ti koelon njembah ngetan,
noe ti wetan njembah ngoelon,
geus gilig djadi sahidji,
pepek geus langgeng waloeja,
pada saroea sampoerna.

---

Oetama noe ngalakonkeun,
oetama noe dilakonkeun,
saroea teu naha-naha,
kari salamętna bae,
katoet djeung anoe noelisna,
sarta djeung anoe ngarsakeun.

Ditoenda.

واللّه اعلم

# INHOUD.

INHOUD.


| No. | | blz. |
|---|---|---|
| I. | Inwijdingsformulier. . . . . | 135. |
| II. | Inleiding; Poerba sari en hare zes zusters. . . . . | 136. |
| III. | Aanvang; veroordeeling van Poerba sari. . . . . | 138. |
| IV. | Verbanning van Poerba sari. . . . . | 138. |
| V. | Nederdaling van Goeroe Minda Kahjangan in de gedaante van den Loetoeng kasaroeng, slankaap. | 140 |
| VI. | De hofblaasroerschutter krijgt den koninklijken last een slankaap te gaan vangen. | 141 |
| VII. | Loetoeng kasaroeng geeft zich vrijwillig in de hand van den hofblaasroerschutter. | 142 |
| VIII. | Loetoeng kasaroeng verwijlt bij den hofblaasroerschutter; hij vraagt aan zijn moeder in den hemel om een passend verblijf voor den hofblaasroerschutter. | 146 |
| IX. | Nederdaling van een gouden woning; Loetoeng kasaroeng wordt door den hofblaasroerschutter stadwaarts gebracht; terugkeer van den hofblaasroerschutter; diens thuiskomst. | 146 |
| X. | Loetoeng kasaroeng ten hove; hij wordt naar de zes prinsessen gezonden en bederft hare weefgetouwen. | 152 |
| XI. | Loetoeng kasaroeng ontvreemdt de kleederen der prinsessen tijdens heur bad en wordt naar Poerba sari verbannen. | 157 |
| XII. | Poerba sari en Loetoeng kasaroeng. Poerba sari wordt door Loetoeng kasaroeng tot slapen bezworen en hij stijgt ten hemel om zijn moeder te verzoeken, Poerba sari een voegzame omgeving te verschaffen. | 160 |
| XIII. | Zijn moeder ontbiedt daartoe de vier wijzen, wier macht grooter is dan die der goden, welke die taak op zich nemen en een gouden | 163 |

| No. | | blz. |
|---|---|---|
| | paleis doen nederdalen. | |
| XIV. | Door Loetoeng kasaroeng's goddelijke moeder wordt middels haar tranen een badplaats voor Poerba sari geschapen. | 164 |
| XV. | Zij verwekt zwoelte, die Poerba sari naar een bad doet verlangen. | 165 |
| XVI. | Poerba sari baadt zich en verrijst schooner dan ooit te voren, vervolgens hult zij zich in de haar eveneens uit den hemel verschafte gewaden en gebruikt sirih; Loetoeng kasaroeng wordt op haar verliefd, doch zijn tijd is nog niet gekomen. | 165 |
| XVII. | Poerba rarang zendt den Lengser tot Poerba sari om haar op straffe des doods te gelasten de Baranang siang af te dammen, daar zij, Poerba rarang, ter vischvangst wenscht te gaan. | 170 |
| XVIII. | Dewijl Poerba sari zelf daartoe onvermogend is, vraagt zij Loetoeng kasaroeng om hulp; deze gaat andermaal naar zijn moeder in de hemel om bijstand. | 172 |
| XIX. | De vier wijzen, opnieuw door die godin ontboden ter verrichting van dit werk, volbrengen het in één nacht.<br>Poerba sari gaat naar de afdamming, na Loetoeng kasaroeng opgedragen te hebben haar verblijf te bewaken; aangekomen, zet zij zich aan het boveneinde van den dam. | 173 |
| XX. | Poerba rarang begeeft zich, vergezeld van haar vijf zusters en haar verloofde, Indradjaja, naar het afgedamde wed. Men werpt de netten maar geen visch wordt gevangen. Daarentegen komt een krabbe te voorschijn, die Poerba rarang in de lip knijpt. | 175 |
| XXI. | Loetoeng kasaroeng verlaat heimelijk Poerba sari's verblijf. Bij de afdamming gekomen, neemt hij zijn menschelijke gestalte aan en verzekert zich van de *kantjra* met gouden schubben, te voren door de wijzen daarin verborgen. Dan gaat hij tot Poerba rarang.<br>Zij verlieft op den schoonen jongeling en vraagt zijn naam. Hij geeft voor Goeriang van Kaoeng loeöek te zijn. Poerba rarang wenscht de visch; hij staat deze niet af als bestemd voor Poerba sari. Dan gaat Goeriang naar het boveneinde van den dam ter ontmoeting van Poerba sari en biedt haar de *kantjra* aan. Poerba rarang's hartstocht ontwaakt. | 177 |

No. blz.

Goeriang verneemt naar Poerba sari's naam; zij noemt dezen en verhaalt daarop hoe zij door Poerba rarang's gevolg gehoond wordt.

